QQDU JANINDAǴI
AYMAQLIQ ORAY

2021

OQÍW METODIKALÍQ KOMPLEKS

# *ÓZBEKSTAN MÁMLEKETSHILIGI TARIYXI: JANASHA QARASLAR HA`M ZAMANAGO`Y JANDASIWLAR*

Tangirbergenova Qalligul | t.i.k., dosent

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIM MINISTRLIGI**

**JOQARG`I TA`LIM DIZIMINDEGI PEDAGOG HA`M OLARDIN QANIYGELIGIN JETILISTIRIWDI SHOLKEMLESTIRIW BAS ILIMIY ORAYI**

**BERDAQ ATINDAǴÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI JANINDAǴI PEDAGOG KADRLARDI QAYTA TAYARLAW HÁM QANIYGELIGIN JETILISTIRIW ORAYI**

# “ÓZBEKSTAN MÁMLEKETSHILIGI TARIYXI: JANASHA QARASLAR HA`M ZAMANAGO`Y JANDASIWLAR” МОДУЛИ БЎЙИЧА

## OQIW METODIKALIQ KOMPLEKS

**Qánigeligin jetilistiriw kursı baǵdarı:** Ózbekstan tarixı baǵdarı ushın
**Tıńlawshılar kontingenti**: Joqarı oqıw ornı professor-oqıtıwshıları

**NO`KIS – 2021**

Oqıw-metodikalıq kompleks Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministirliginiń 2020 jıl “7”-dekabrdagi 648-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan úlgili oqıw reje hám baǵdarlama tiykarında islep shıǵılǵan.

**Du`ziwshi :**
tariyx ilimlerinin kandidati, dosent Kalligul Tangirbergenova

**Pikir bildiriwshi:**
tariyx ilimlerinin kandidati, dosent Alisher Qudiyarov

Oqıw-metodikalıq kompleks Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Ilimiy-metodikaliq keńesinide usınıs etilgen (2020 jıl “30”-dekabr 5-sanlı protokol).

# M A Z M U N I


| | | |
|---|---|---|
| I | IS BAG`DARLAMA …………………………………... | 5 |
| II | MODULDI OQIYIWDA PAYDALANILATUG`IN INTERAKTIV TA`LIM METODLARI ……………….. | 13 |
| III | TEORIYALIQ MASHG`ULAT MATERIALLARI ….. | 33 |
| IV | A`MELIY MASHG`ULAT MATERIALLARI ………. | 143 |
| V | KEYSLAR ……………………………………….. | 145 |
| VI | GLOSSARIY …………………………………….. | 146 |
| VII | PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR DIZIOMI .. | 154 |
| VIII | SIN PIKIR ……………………………………….. | 160 |

# I. IS BAG`DARLAMA

## Kirisiw

Da`stu`r O`zbekstan Respublikasinin' 2020 jildin 23 sentiyabirinde tastiyiqlang`an "Ta`lim haqqinda"g`i Nizami, O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin 2017 jilg`i 7 fevralindag`I "O`zbekstan Respublikasin' ja`nede rawajlandiriw boyinsha Ha`reketler strategiyasi haqqinda" g`i PF - 4947-sanli, 2019 jildin 27 avgustindag`I "Joqarg`i oqiw orinlarinin' baschi ha`m pedagog kadrlarinin u`ziliksiz qa`niygeligin jetilistiriw dizimi haqqinda"g`i PF-5789-sanli, 2019 jilg`i 8 oktiyabirindegi "O`zbekistan Respublikasi joqargi oqiw orinlari dizinin 2030 jilg`a shekem rawajlandiriw konsepsiyasin tastiyiqlaw haqqinda"g`i PF-5847-sanli Pa`rmanlari ha`mde O`zbekstan Respublikasi Wa`zirler mekemesinin 2019 jildin 23 sentiyabrindegi "Joqarg`i oqiw mekemeleri baschi ha`m pedagog kadrlarinin qa`niygeligin jetilistiriw dizimin ja`nede jetilistiriw boyinsha sharalar haqqinda"g`i 797-sanli Qararinda belgilengen waziypalar mazmuninan kelip shiqqan halda du`zilgen bolip, ol joqarg`I oqiw orni pedagog kadrlarinin kasiplik maqaratin ha`mde innovasion kompetentligin rawajlandiriw, tarawg`a tiyisli ja`ha`nnin ta`jriybeleri, jana bilim ha`m qaniygeligin jetilistiriw, cjydaw-aq a`meliyatqa engiziw ko`nikpelerin jetilistiriwdi maqset etedi.

## Kurstin maqseti ha`m waziypalari

O`zbekstan ma`mleketshiligi tariyxi: janasha qaraslar ha`m zamanago`y jandasiwlar kursinin **maqseti** pedagog kadrlardi innovasion jandasiwlar tiykarinda oqiw ta`rbiyaliq islerdi joqari ilimiy metodik da`rejede rejelestiriw, tarawdag`i alding`i ta`jriybeler,zamanago`y bilim ha`m ka`iygeligin jetilistiriw ha`m a`meliyatqa engiziw ushin za`rur bolatug`in ka`siplik bilim,ko`nikpe ha`m kaniygeligin jetilistiriw,sonday-aq olardin belseudiligin rawajlandiriwdan ibarat.

Kurstin **waziyfalari** to`mendegilerden ibarat :

- "Ozbekstan ma`mleketshiligi tariyxi: janasha qaraslar ha`m zamanago`y jandasiwlar" jo`nelisinde pedagog kadrlardin ka`siplik bilimi,ko`nlikpe.qa`niygeligin jetilistiriw ha`m rawajlandiriw ;

- Pedagoglardin innovasion belsendilik da`rejesin jetilistiriw;

-Qaniygelik pa`nlerdi oqitiwg`a zamanago`y axborot – kommunikasiya texnologiyalari ha`m shet el tillerin na`tiyjeli engiziliwin ta`miyinlew;

-Arnawli pa`nler tarawindag`I oqitiwdin innovasion texnologitalari ha`m alding`i shet el tajriybelerin o`zlestiriw ;

“Ozbekstan ma`mleketshiligi tariyxi: janasha qaraslar ha`m zamanago`y jandasiwlar” jo`nelisinde qayta tayarlaw ha`m qa`niygeligin jetilistiriwdi ilim ha`m o`ndiristegi innovasiyalar menen o`z ara integrasiyasin ta`miyinlew.

**Kurs juwmag`inda tinlawshilardin bilim, ko`nikpe ha`m qaniygeligin jetilistiriwde ha`mde kompetensiyalarina qoyilatug`in talaplar:**

“Ozbekstan ma`mleketshiligi tariyxi: janasha qaraslar ha`m zamanago`y jandasiwlar” pa`ni boyinsha tinlawshilar to`mendegi jana bilim, ko`nikpe qa`iygeligin jetilistiriwge ha`m kompetensiyalarg`a iye boliwlari talap etiledi:

**Tinlawshi:**

– O`zbekstan ma`mleketshiligi tariyxin da`wirlestiriw ma`seleleri;

– O`zbekstanda da`slepki orta a`sirler da`wiri jana qalalardin qaliplesiwi;

– O`zbekstanda tariyxiy demografik jarayanlardi;

– Jeke mu`likshiliktin kelip shig`iwi ha`m da`slepki ma`mleketshiliktin payda boliwi;

– O`zbekstandi ja`need rawajlandiriwdin jo`nelislerin;

– Pa`nde paydalanilatug`in zamanago`y s`meliy da`stu`ler komplekslerdi **biliwi** kerek.

**Tinlawshi:**

-Pa`nlerdi oqitiw boyinsha jana texnologiyalardi a`meliatta paydalana aliw;

– O`z u`stinde islep, pa`nnin jana izertleniwilerin oqitiw dizimine engiziw;

– “Ozbekstan ma`mleketshiligi tariyxi: janasha qaraslar ha`m zamanago`y jandasiwlar” boyinsha pedagogic jaqtan oqitiw usillarin tuwri qolay paydalana aliwi ko`nikpelerine iye boliwi lazim.

“Ozbekstan ma`mleketshiligi tariyxi: janasha qaraslar ha`m zamanago`y

jandasiwlar" pa`nin xalqimizdin en a`yemgi zamanlardan hazirgi ku`nlerge shekem basip o`tken uzaq ha`m quramali tariyxiy jo`lin, mamleketshiligin, jamiyetlik siyasiy, ikonomikaliq, madeniy ha`m ruwqiy turmisin u`yreniw, ma`mleketimizdin da`slepki ma`mleketlik du`zilmelerin, garezsizlik d`wiri ma`meketshiliginin rawajlaniwin, demokratiyalastiriw ha`m ekonomikasin bazar prinsiplerin, jaha`n jamiyetshiligindegi ha`r ta`repleme integratsiyasin, shet ellerdin ma`mleketlerinin sosiyal-ekonomikaliq, siyasiy h`m ma`deniy rawajlaniwin ilimiy ha`m a`meliy a`hmiyetinin actual ma`selelerin u`yrenedi.

Pa`n bo'yincha tinlawshilardin bilimine, ko`nikpe ha`m a`meliy bilim aliwlari ushin to`mendegi talaplar qoyiladi: **Tinlawshi:**

- O`zbek mamleketshiligi tariyxi sosiyal- gumanitar pa`n ekenligi ;
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxinin derekleri, olardi u`yreniwi;
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxin u`yreniwge arnalgan jandasiwlar;
- O`zbek mamleketshiligi tariyxin ta`lim diziminde tutgan orni;
- insaniyat tariyxinda qadimgi du`niya, orta asirler, jan`a ha`m en jana tariyxtin a`hmiyetli orni bar ekenligi haqqinda **tusinikke iye boliwi***;*
- O`zbek mamleketshiligi tariyxin u`yreniwdin' derekleri ;
- Tu`rkiy xaliqlar tariyxi menen O`zbek mamleketshiligi tariyxinin uliwma ha`m jeke tu`rleri ;
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxin da`wirlestiriw ;
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxi ha`m milletinin qa`liplesiwinde qa`dimgi ma`deniyattin orni;
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxinin tiykargi da`wrleri;
- O`zbekistan territoriyasinda ma`mleketshilik du`zilmlerinin payda boliwi ha`m rawajlaniwi ;
- Orayliq Aziya xaliqlarinin ahemaniyler, grek-makedoniyaliklar, arablar, mangollar basqinchilig`ina qarsi gu`resi;
- O`zbekstan territoriyasinda o`zbek ma`mleketlerinin rawajlaniwi barisinda pa`n, ma`deniyattin rawajlaniwi tariyxi ;

- Du`niya xaliqlarinin Garezsiz O`zbekistannin ma`mleketshiliginin rawajlaniwi barisindagi ekonomikasinin, ma`deniyatinin, bazar infra du`zilmesinin ha`r ta`repleme rawajlaniwi barisin ***biliwi, tusinikke iye boliwi ha`m a`melde paydalana aliwi****;*
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxinin tiykarg`i rawajlaniw basqishlari, ma`mleketlertin tiykarlap bere aliwi;
- O`zbekstan terriytoriyasindag`i ju`z bergen tariyxiy waqialarg`a ob`ektiv baha bere alwi;
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxinin en a`hmiyetli belgilerin ko`rsetip beriwi;
- tariyxiy shaxslardi, olardin tariyx aldindag`I ornina baha bere aliwi;
- O`zbek ma`mleketshiligi tariyxin u`yreniwde derektaniw, istoriografiya, arxeologialiq, etnologiyaliq materiallardan paydalaniw ***ko`nikpelerine iye boliwi lazim***.

**Modul boyinsha saatlardin bo`liniwi:**

| | **Modul temalari** | **Tinlawshinin oqiw ju`klemesi, saat** | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **Ha`mmesi** | **Awditoriya oqiw ju`klemesi** | | | | **Mustaqil ta`lim** |
| | | | **Ja`mi** | **Tiykarinan** | | | |
| | | | | **Teopiyaliq** | **A`meliy mashg`ulat** | **Ko`shpe mashg`ulat** | |
| 1. | Ma`mleketshilik tu`sinigi. O`zbekstanda a`yemgi ma`mleketshiliktin tu`rleri ha`m basqariw formalari. | 4 | 4 | 2 | 2 | | |
| 2. | Orta a`sirlerde ma`mleketshilik ha`m basqariw ma`seleleri, A`mir Temur ha`m o`zbek xanliqlari administrativlik du`zilisi ha`m ma`mleket basqariwi ma`selelri. | 6 | 6 | 2 | 4 | | |
| 3. | Tu`rkistanda Rossiya imperiyasi koloniyal basqariwinin du`ziliwi | 4 | 4 | 2 | 2 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ma`seleleri.O`zbekistan totalitar sovet ma`mleketi quraminda. | | | | | | |
| 4. | O`zbekistanda ma`mleket basqariwinin jana, zamanago`y ha`m na`tiyjeli ma`mleketlik diziminin qa`liplesiwi ha`m rawajlanip bariwi. | 6 | 6 | 2 | 4 | | |
| | **Жами:** | 20 | 20 | 8 | 12 | | |

## TEORIYALIQ MASHG`ULATLAR MAZMUNI

**1-Tema**. Ma`mleketshilik tu`sinigi. O`zbekstanda a`yemgi ma`mleketshiliktin tu`rleri ha`m basqariw formalari. (2 saat)

rejesi:

1. Mámleketshilik túsinigi. Ertedegi mámleketlerdiń payda bolıwınıń tiykarǵı faktorları.

2. Orta Aziya aymaǵındaǵı eń áyemgi mámleketler.Olardıń sotsiallıq-ekonomikalıq turmısı.

3. Antik dáwir mámleketleri hám mádeniyatı.

**2-Tema.** Amir Temur ha’m temuriyler ma’mleketshiligi Maverennaxr ha’m Xorosanda ma’mleketshiliktin rawajlaniwi. (2 saat)

Rejesi:

1. Amir Temur ha`m timuriyler ma`mleketshiligi
2. Timuriyler ma`mleketshiligi administrativlik basqariw dizimi
3. Maverennaxr ha’m Xorosanda ma’mleketshiliktin rawajlaniwi.

**3-Tema.**Tu`rkistanda Rossiya imperiyasi koloniyal basqariwinin du`ziliwi ma`seleleri.O`zbekistan totalitar sovet ma`mleketi quraminda. (2 saat)

rejesi:

1. XV- XVI ásir baslarında Maverannaxrdağı jámiyetlik-siyasiy jağday Sheybaniyler dinastiyası ústemliginiń ornawı. Orta Aziyanıń xanlıqlarğa bólinip ketiw aqıbetleri.
2. Turkistanda Rossiya imperiyasinin koloniyalliq basqaruw duzilmesinin ornatiliwi
3. O'zbekstan totalitar sovet hakimiyati quraminda

**4-Tema.** O`zbekistanda ma`mleket basqariwinin jana, zamanago`y ha`m na`tiyjeli ma`mleketlik diziminin qa`liplesiwi ha`m rawajlanip bariwi. (2 saat)

rejesi:

1. Sovetler imperiyasınıń kriziske ushırawı dáwirinde O`zbekstannıń sotsiallıq-siyasiy rawajlanıwı (1985-1991jj)
2. O`zbekstannıń mámleketlik ǵárezsizliginiń járiyalanıwı hám onıń tariyxıy áhmiyeti
3. Siyasiy-reformalar. Mámleketlik hákimyattıń milliy, huqıqıy demokratiyalıq tiykarlarınıń dúziliwi

## A`MELIY MASHG`ULATLAR

**1-Tema.** Ma`mleketshilik tu`sinigi. O`zbekstanda a`yemgi ma`mleketshiliktin tu`rleri ha`m basqariw formalari. (2 saat)

r e j e:

1. Mámleketshilik túsinigi. Ertedegi mámleketlerdiń payda bolıwınıń tiykarğı faktorları.
2. Orta Aziya aymağındağı eń áyemgi mámleketler. Olardıń sotsiallıq-ekonomikalıq turmısı.
3. O'zbek ma'mleketshiliginin Basqaruw diziminin qa`liplesiwi
4. Ma'mleketlerdin du`ziliwi.

**2-Tema.** Orta a`sirlerde ma`mleketshilik ha`m basqariw ma`seleleri, A`mir Temur ha`m temuriylar da`wirinde Maverennaxr ha`m Xorasanda ma`mleketshilik rawaji. (2 saat)

r e j e:

1. Da`slepki orta a`sirlerde ma`mleket du`zilmelerinin payda boliwi
2. Qalalar ha`m sawdanin rawajhlaniwi
3. Ja`miyetlik siyasiy ekonomiykaliq qatnasIardin rawajlaniwi
4. Xorezmshaqlar ma`mleketshiligi
5. A`mir Temur ha`m temuriylar da`wirinde ma`mleketshiliktin rawajlaniwi.

**3-TEMA.** Song`i orta a`sirlerde o`zbek xanliqlari:administrativlik du`zilisi ha`m ma`mleket basqariwi ma`seleleri. (2 saat)

reje:

1.Buxara a`mirligindegi ma`mleket basqariw dizimi. Turandag`i ja`miyetlik jag`day.

2.Xiywa xanlig`indag`i ma`mleket basqariw dizimi.Ma`mleket basqariwi ma`seleleri.

3. Qoqan xanlig`indagi ma`mleketlik administrativlik du`zilisi

**4-Tema.** Tu`rkistanda Rossiya imperiyasi koloniyal basqariwinin du`ziliwi ma`seleleri.O`zbekistan totalitar sovet ma`mleketi quraminda. (2 saat)

reje:

1. Patsha Rossiyasinin a’skeriy basip aliwinin koloniyalliq ma`nisi
2. Turkistan general guvernatorliginin duziliwi koloniyalliq basqariw diziminin qa`liplesiwi.
3. Koloniyalizimnin eknomiykaliq,siyasiy ha`m ma`deniy tarawdag`i ko`rinisleri.
4. O’zbekstanda sobet ha`kimiyatinin qa`liplesiwi
5. BXSR ha`m XXSRdin du`ziliwi

**5-Tema.** O`zbekistanda ma`mleket basqariwinin jana, zamanago`y ha`m na`tiyjeli diziminin qa`liplesiwi ha`m rawajlanip bariwi. (2 saat)

r e je:

1. Sovetler imperiyasınıń kriziske ushırawı dáwirinde O`zbekstannıń sotsiallıq-siyasiy rawajlanıwı

2.Milliy ma`mleketshiligimizdin tikleniwi ha`m huquqiy demokratiyaliq ha`m puqaraliq ja`miyetinin du`ziliwi.

3. Milliy ma`mleket diziminin basqaruwdagi na`tiyjeli usillarinin qa`liplesiwi.

**6-Tema.** Ma`mleket ha`kimiyati ha`m basqariwin demokratiyalastiriwda Prezidentlik institutinin orni ha`m roli. (2 saat)

R E JE:

1.Mámleketlik hákimyattıń milliy, huqıqıy demokratiyalıq tiykarlarınıń dúziliwi

2.Basqariwin demokratiyalastiriwda Prezidentlik institutinin orni

3.Házirgi dáwirde turaqlılıqtı hám geosiyasiy teń salmaqlılıqtı saqlaw

4.Regionallıq turaqlılıq dárejede integratsiya protsesslerin rawajlandırıw

## MUSTAQIL TA`LIM

Tinlawshi mustaqil isti moduldin o`zine ta`n o`zgesheligin esapqa alg`an halda to`mendegilerden paydalaniw arqali tayarladi usinis etedi:

- oqiw, ilimiy a`debiyatlardan ha`m kerekli hu`jjetlerden paydalaniy arqali modul temalarin u`yreniw;
- tarqatpa materiyallar boyinsha leksiyalardin bo`limlerin o`zlestiriw;
- avtomatlastirilg`an u`yretiwshi ha`m qadag`alawshi da`stu`rler menen islew;
- arnawli a`debiyatlar boyinsha modul bolimleri iymasa temalari u`stinde islew;
- tinlawshinin kasiplik is ha`reketi menen baylanisli bolg`an modul bo`limleri ha`m temalarin teren u`yreniw;
- pa`nge tiyisli statistic magliwmatlardi u`yreniw, olardi aualizlew.

## III. MODULDI OQITIWDA PAYDALANILATUGIN INTERFAOL TA`LIM METODLARI

Jamiyetlik turmisqa inovasiyon texnologiyasinin kirip keliwi joqari oqiw orninin bilim beriw sistemasinda Modul boyinsha oqitiwdin jana texnologiyalarina o’tiw arqali pa’ndi o’zlestiriwdin ua’tiyjeliligin sipat jaginan joqari paganaga ko’teriw ushin qolay sharayatlardi payda etpekte. Mine bul ma’mleketimizde axborotlastiriw tarawinda ju’zege kelip atirgan innovasion o’zgerisler bilim beriwdin en a’hmiyetli buwini bolgan bilim beriwdin aldina jana mashqalalardi qoymaqta.Bul texnologiyalar negizinde studentlerdin pa’n tiykarinda ali’p atirgan bilimlerin o’zleri qidirip tabiwga u’yrenip analizlewleri ha’m luwmaqlardi da o’zlerinin shigariwlarina u’yretedi. Usı teoriyalıq hám ámeliy tiykarlardan kelip shıgıp, sońgı jıllarda bilimlendiriw procesinde dástúriy emes, interaktiv tálim metodları haqqında kóplep pikirler bildirilip, tartıslarga sebep bolmaqta. Bul bolsa bilimlendiriw procesine zamanagóy qatnastı talap qılmaqta. Sonday-aq bunda studentler bilim beriwde dayim diqqat orayda boladi.

Ilimpazlar hám ámeliyatshılar tárepinen dástúriy bilimlendiriwge qarsı bilimlendiriw texnologiyaların islep shıgıp, olardı keńnen ámelge asırıw haqqında usınıslar berilmekte. Bul kóz qaraslarda dástúriy bilimlendiriwden pútkilley waz keship, jańa sistemaga ótiwdi usınıs etse, basqalar bolsa dástúriy bilimlendiriw menen innovatsion bilimlendiriwdi qosıp alıp barıw zárúrligin uqtıradı. Bul kóz qaraslar túrlishe bolıwına qaramastan, interaktiv bilimlendiriw joqarı sapa hám nátiyjeni támiyinleytugınlıgia gúman joq. Ayırımlar dástúriy bilimlendiriw processi orayında oqıtıwshı, innovatsion bilimlendiriw processi orayında bilim alıwshı boladı dep pikir bildiredi. Bul hár eki jagayda da biziń pikirimizshe bir tamanlamalıqqa alıp keledi. Bilimlendiriw processi orayında hár waqıt onıń qatnasıwshıları oqıtıwshı hám bilim alıwshılar bolgn hámde bolıwı shárt esaplanadı, lekin olardıń biri aktiv, ekinshisi bolsa passiv jumıs kórsetiwi múmkin. Interaktiv bilimlendiriw procesinde onıń bárshe qatnasshıları aktiv jumıs alıp baradı, bul jagay ózara baylanıs hám qatnas nátiyjesinde júzege keledi. Sebebi interaktiv bilimlendiriwde bilim alıwshınıń rawajlanıwı hám olardıń tábiiy

imkániyatların júzege shıgrıwg qolay shárt-shárayat jaratadı. Bunıń ushın oqıtıwshı izleniwi, bilimniń túrli nátiyjeli formaları, metodları hám qurallarınan óz ornında paydalana alıwı talap etiledi. Áne sonda gna joqarı sapa hám nátiyje támiyinlenedi.

Ha'zirgi ku'nde jana pedagogikali'q texnologiyalardi bir neshesinen paydalani'p sabaq o'tiy jaqsi na'tiyjeler bermekte. Bularga “Klaster”, “Bumerang”, “Elpigish”, “Sharqpalak”, “Mashqalali”, “Aqliy hu'jim”, “A'tirap”, “Muloqat”, “Sinkveyin” ha'm basqalar.Bugingi ku'nde sabaq o'tiwdin bari'sinda grafik organeyzerler texnologiyalari menen sabaq o'tiw oqiw bqrisin alip bariwdin interaktiv metodlarinan biri bolip esaplanadi.

**Grafikliorganayzerler (qaliplestiriwshi)** – pikirdi ko'rgizbeli tu'rde prezentasiyaliq qurali bolip tabiladi.

**1.** Grafikli organayzerler magliwmatlardi dizimlestiriw ha'm dizimli bolip shigiw, u'yrenilip atirgan tu'sinikler(waqiya ha'm ha'diyseler,temalar) ortasindagi qatnas ha'm o'z-ara baylanislardi ornatiw usili ha'm qurallri: Klaster, Tablisalaw, Insert. B/B/B;

**2.** Magliwmatlardi analizlew, salistiriw, salistirmali usil ha'm quarallari: T-tablisiyasi, Benna diyagrammasi;

**3.** Mashqalani aniqlaw, oni sheshiw, analizlew ha'm rejelestiriw usillari ha'm qurallari: “ Ne ushin?” , “ Baliq skleti”, “ Piramida”, “Niliwpar guli” sxemalari, “Qanday” iyerxik diyagrammasi;

Bul texnologiyalar studentlerdi mustaqil ha'reketin sholkemlestiriwge qaratilgan sxema ha'm diyagrammalardan qaliplesken.Bularga “SWOT”, “Blis soraw”, “FSMU texnologiyasi”, “Elpigish texnologiyasi”, “BBB-sxemasi” ha'm basqalar kiredi. Innovasiyon texnologiyalar studentlerdin aktiv turmistagi ha'reketlerin qa'liplestiriwge qaratilgan.Janaliq bul pa'ndegi en songi jenisler, bilimler, usillar esaplanadi.Usi jenisler,bilimlerdin, usillrdin a'melde qollaniliwi menen inovasiyaga aylanadi.

“O'zbekistan tariyxi” pa'ni sabaq barisinda SWOT analiz texnologiyasin kirgiziw mu'mkin. Bul usil mashqalanin tiykargi to'rt ta'repin korsetiwde qizmet etedi. Studentler temanin mazmunina say mashqalalardi ha'r ta'repleme u'yreniw

arqali manisin ashadi, olardi keltirip shigariwshi ta'repin aniqlap, sheshiw imkaniyatlarin tabadi.

-interaktiv bilimlendiriw texnologiyaları sharayatında bilim alıwshı passiv baqlawshı, esitiwshi yamasa atqarıwshı emes, bálkim ańlı aktiv qatnası bolıp, erkin pikir júrgizip grezsiz jumıs alıp baradı;

-Hár bir bilim alıwshı talant, qábiliyet iyesi sıpatında qaraladı;

-joqarı etik qadriyatlar bilim alıwshılardıń pazıyletleri esaplanadı;

-bilim-tárbiya processi qatnasshıları teń huqıqlı, birge islesiwde boladı;

-bilim alıwshılardıń tanıw, qátelerge jol qoyıwı múmkinligi, óz kóz qarasın erkin bayan etiw huqıqı támiyinlenedi;

-bilim alıwshı hám bilim beriwshi baylanısın ornatıwga imkan jaratıw; jalgız halda emes, birgelikte basqarıw; májbúrlew emes, isendiriw; buyırıw emes, shólkemlestiriw; shegaralaw emes, erkin tańlap alıwga imkan beriledı.

Interaktiv bilimlendiriw texnologiyalarınıń jáne bir ózgesheligi-olardıń bilim alıwshılarga berilgen bilimdi yadlatıp soń aytıp bere alıwga erisiwine emes, bálkim bilim hám tarbiya processi aqırında bilim alıwshılardıń DTS dárejesinde anıq belgili bir ámeliy jumıslardı orınlay alıwga erisiwlarine; “neni úyretiw kerek”? degen sawalga emes, bálkim “ qanday úyretiw kerek?” degen sawalga kóbirek juwap izlewge bagdarlanganlıgında bolıp esaplanadı. Sonlıqtan bolajaq kadrlardı qáliplestiriwge bagdarlangan interaktiv bilimlendiriw texnologiyaların joybarlawdıń shólkemlestiriw–pedagogik tiykarların anıqlaw áhmiyetli bolıp esaplanadı. Innovatsion bilimlendiriw texnologiyasi bilim alıwshınıń zárúrligi , qızıgıwshılıgı, maqseti, qábilieti, aktivligi hám basqa da individal-psixologik ózgesheliklaerin esapqa alıwı zárúr. Bunday bilimlendiriw shárayatında oqıtıwshı hám bilim alıwshılardıń ózara tásiri printsipial ózgeredi, yagnıy olar oqıw procesiniń teń huqıqlı sub'ektleri esaplanadı.Interaktiv bilimlendiriw texnologiyalarınıń tiykargı qagıydaları rossiyalik psixolog E.F.Zeer tárepinen tómengishe analiz etiledi:

-maqset-bilim alıwshılardıń kásiplik hám jeke sıpatların rawajlandırıw;

-kásiplik bilim nátiyjeliligin bolajaq qánigeniń kásiplik hám jeke rawajlanıw

kórsetkishleri arqalı anıqlaw;

-pedagogtıń sotsiallıq kásiplik ózgesheliklerin kórsetiw, bilim mazmunı hám texnologiyasi arqalı bilim alıwshını ámeliy iskerlikke úyretiw;

-bilim alıwshı jeke rawajlanıwınıń individual traektoriyasın anıqlaw;

-oqıtıwshı hám bilim alıwshı birge islesiwi tiykarında kásiplik bilimdi tolıq shólkemlestiriw.

Joqarıda aytılgan hám usı sıyaqlı pikirlerdı itibarga alıp, biz interaktiv bilimlendiriw texnologiyası túsinigi mazmunın tómendegishe jarıttıq.Interaktiv bilimlendiriw bul-bilimlendiriw sub'ektleri (bilim beriwshi hám bilim alıwshı)nıń ózara tásirin shólkemlestiriw hám bolajaq qánigeni óziniń kásiplik hám jeke sıpatların kórsetiw maksimal dárejede rawajlandırıwga bagdarlaw procesi bolıp esaplanadı. Bizge belgili oqıw mashgulatların shólkemlestiriwdiń tiykargı forması sabaq esaplanadı. Sabaq interaktiv bilimlendiriw texnologiyaları tiykarında shólkemlestirilse, tek gana oqıtıwshı hám bilim alıwshı maqsetke bagdarlangan qatnasları, yagnıy procesti shólkemlestiriw dinamik hám variativ forması, bálkim bilimlendiriw sharayatı, eń birinshi náwbette, axborot tarmaqları menen baylanıslı rawajlanıwshı sistema isleydi.

Sırtqı tásirler hám ishki qarama-qarsılıqlarlar sebepli sabaq rawajlanadı. Zamanagóy sabaqtıń maqseti tekserip kóriletugın hám ámelge asırılatugın bolıwı kerek. Ámelde sabaq maqsetleri oqıtıwshı iskerliginde óz kórinisin tapqan maqsetler, eń áwele, bilim alıwshı shaxsın rawajlandırıwga qaratılgan bolıp, ol óz ishine tómendegilerdi qamrap algan:

- bilim alıwshılar ılayıqlılıq, qızıgıw, meyillik sıyaqlı individual ózgesheliklerdi rawajlandırıw;

- bilim alıwshıda intellektual, izertlewshilik, axborot alıw hám olardan paydalanıw, baylanıs ornata biliw, refleksiv iskerlik penen baylanıslı mádeniyattı rawajlandırıw;

- bilim alıwshılardıń úyrenilip atırgan oqıw predmeti, tańlagan kásibi hám qánigeligine qaray jeke qatnasların rawajlandırıw;

- bilim alıwshılardıń átirap-barlıqqa qatnasın rawajlandırıw.

Házirgi kúnde pedagoglar tárepinen “qáliplestiriw” tárizinde kórinisin tapqan bilimlendiriw maqsetleri óz mazmunı boyınsha oqıtıwshı hám bilim alıwshılardıń sabaqtagı óz-ara qatnaslarin tolıq kórsete almaydı. Biziń názerimizde:

-bilim alıwshılardıń jańa tema oqıw materialı mazmunı, mánisi kóz aldına keltiriwge járdemlesiwi;

- bilim alıwshılardıń dáliyller, túsinikler, qagıydalar, nızamlar hám usı sıyaqlılardı ózlestiriwi hám iyelegenlerin bekkemlew boyınsha dáslepki kásiplik is-háreket usılların úyreniw jumısların shólkemlestiriw;

-bilim alıwshılardıń iyelegen bilimin túrli shárt-shárayatlarda gárezsiz sheshiwde de ilajı barınsha nátiyjeli qollay biliwge úyretiw boyınsha ámeliy isler;

Bilim alıwshılardıń ózlestirgen bilimlerin ulıwmalastırıw hám sistemalastırıw boyınsha ámeliy iskerlik;

-bilim alıwshılardıń ózlestirgen bilimi, kónlikpesi, qánigeligin asırıw, bekkemlew hám baqlaw sıyaqlı islerge imkan jaratadı.

Interaktiv tálim texnologiyalarına tiykarlangan sabaqtıń nátiyjesi bilim alıwshılardıń sabaq dawamında ózlestirgen bilimi, kónlikpe hám qánigeligi hámde jeke pazıyletlerinde kórinisin tabadı. Bilim alıwshılardıń qadiriyatlar menen baylanıslı qatnasları dinamikasın aldınan kóre biliw birqansha múshkil. Biraq sabaqtı analiz qıla turıp, bilim alıwshılardı tarbiyalaw imkániyatlarınan paydalanıw múmkinligin de yaddan shıgarmaslıq kerek. Zamanagóy sabaqtıń texnologik ózgeshelikleri degende oqıw procesin joybarlaw boyınsha texnologik ilajlardıń berilgen izbe-izligi hámde maqsetke súyeniw menen xarakterleniwshi tutas tálim-tárbiyalıq hám rawajlandırıwshı quramalı sistema túsiniledi. Bul process oqıtıwshılar tárepinen rejelestiriledi, ámelge asırıladı hámde nátiyjelerin baqlaw jolı menen keleshekte ámelge asırılıwı kerek bolgan iskerlik ob’ektleri belgilenip, usı jol menen sistema rawajlandırıladı. Interaktiv tálim texnologiyalarına tiykarlangan sabaq bilim alıwshılardı kamal taptırıwga bagdarlangan oqıw procesi esaplanadı. Ol áwelden joybarlanıp, belgili bir texnologik ilajlar arqalı ámelge asırıladı. Usı orında aytıp ótiw zárúr, interaktiv bilimlendiriw texnologiyaları tiykarında shólkemlestirilgen sabaqlarda tómendegi shártler orınlanıwı zárúr:

- bilim alıwshı oqıwga hám óz-ózin rawajlandırıwga qızıgıwshı sub'ektke aylanıwı ushın shárt-sharayatlar jaratıp beriw;

-oqıtıwshı sabaqta tiykargı shaxs gana bolıp qalmastan, bilim alıwshınıń oqıw, biliw iskerligin basqarıwshı hám onıń járdemshisi bolıwı;

-oqıtıw túrin bilim alıwshılardıń erkin tańlawı;

-oqıw procesin dialog yamasa polilog tárizinde shólkemlestiriw sıyaqlılar.

Kóp jıllıq tájiriybelerge tiykarlanıp sonı ayrıqsha kórsetiw zárúr, bilim alıwshılar menen dialogik hám polilogik baylanıs hám qatnaslarda bolıw gózlengen nátiyjeni kepilleydi. Bilimlendiriw metodların tańlawda hár bir sabaqtıń didaktik wazıypalarınan kelip shıqqan halda sheshiw, tańlaw maqsetke muwapıq sanaladı. Bunıń ushın bilim-tarbiya procesi aqılana shólkemlestirliwi, bilim beriwshi tárepinen bilim alıwshılardıń qızıgıwı, aktivligin asırıp hámiyshe bagdarlap turılıwı, oqıw materialın kishi bóleklerge bólip, oqıw mashqalaları tárizinde alga súriliwi, bul mashqalalardıń mazmunın jarıtıwda aqılıy hújim, kishi gruppalarda islewi, bagdarlawshı tekst, joybar, shınıgıw, rolli oyınlar sıyaqlı metodlardı qollaw talap etiledi. Bul metodlar interaktiv metodlar dep te ataladı. Interaktiv metodlar degende: bilim alıwshılardı aktivlestiriwshı hám gárezsiz pikirlewge bagdarlawshı metodlar túsiniledi. Bul metodlar qollanılganda bilim beriwshi bilim alıwshını aktiv qatnastırıwga shaqıradı, bilim alıwshılar pútkil process dawamında aktiv qatnasadı. Joqarıdagı pikirlerdi ulıwmalastırgan halda házirgi dáwirde qollanılıp atırgan zamanagóy bilimlendiriw metodları hám texnologiyaların keltirip ótkendi maqul kórdik.

Modul boyinsha temalardi  oqitiwda to'mendei innovasion metodlardi qollaw natiyje beredi. Bunda FSMU texnologiyasi, Blis soraw, BENN diyagrammasi, Gruppalaw grafigi texnologiyalari.Biz usi sabaq barisinda FSMU texnologiyasin qollaw ma'selesin korip shigamiz.

**1 sabaq tapsirmasi**

***FSMU texnologiysi***

| |
|---|
| Usi texnologiya tinlawshilardi o'zinin pikirin qorgawga, erkin pikirllew ha'm o'z pikirin basqalarga otkiziwge, ashiq tu'rde baqs alip bariwga, iyelegen bilimlerin analizlewge,qay da'rejede iyelengenligin bahalawga ha'mde ti'nlawshilardi baqslasiw ma'deniyatina u'yretedi. |

| |
|---|
| **FPikirinizdi bayan etin** |
| **SPikiinizdi bayan etiwde bir sebepti ko'rsetin** |
| **MKo'rsetilgen sebepti tu'sindiriwshi missal keltirin** |
| **UPikirinizdi uliwmalastirin** |

| Sawal | Da'slepki daslepki mamleketler haqqindagi maglumat ham dereklerdi ko`rip shig`ayiq. |
|---|---|
| **(F) Pikirinizdi bayan etin** | Baktriya, Sogdiyana, Sak-mssaget konfedratsiyalari. |
| **(S) Pikiriniz bayanina sebep korsetin** | mamleketlerdin qaliplesiwi sharayatlari, basqariw sistemalari, territoriyalari haqqinda maglumatlar |

**2 oqiw tapsirmasi**

**"BLIS-SORAW" TEXNOLOGIYASI**

"Blis soraw" texnologiyasi bul usil talaplardin ha'reketlerdin izbe-izligin tuwri sholkemlestiriwge, mantiqli pikirlew, u'yrenip atirgan predmettin tiykarinda ha'r qiyli pikirler magliwmatlar ishinen kereliligin tanlar aliwi sonin menen bir qatarda o'zgelerdi hu'rmet etiw ha'm olar o'zlerinin pikirlerin o'tkize aliw ha'mde o'zinin ha'reketin rejelestire aliwdi u'yretiwge qaratilgan.

**"Blis soraw" izbe-izlik ha'm izshillik**

| **Gruppa** | **Gruppa** | **Tuwri** | **Jeke** | **Jeke** | Daslepki | **Bo'limleri** |
|---|---|---|---|---|---|---|

| bahasi | qatesi | juwap | qate | baha | mamleketler haqqinda magliwmatlar | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Jamiyetlik duzim | |
| | | | | | Basqariw tiykarlarinin qaliplesiwi | |
| | | | | | Aiyemgi mamleketshilik turleri | |
| | | | | | Orta a’sir mamleketshilik turleri | |
| | | | | | Mamleketshilik basqariw formalari | |
| | | | | | **Tiykargi prinsipler** | |

**3 oqiw tapsirmasi**

## BENNA DIYAGRAMMASI

“BENNA” diyagrammasi – 2 iyamasa 3 ob’ekitti, tu’sinik arqali ideyani, ha’diyseni salistiriw iyamasa qarama-qarsi qoyiw ushin qollaniladi. Usi texnologiya sistemali pikirlew,salistiriw,qiyaslaw, analiz eiw ko’nlikpelerin rawajlandiradi.Studentler “Benna” diyagramasin du’ziw qagiydasi menen tanisadi.Ayirim iyamasa ishi gruppalarda diyagramma “Benani” du’zedi kesilispeytugin jerlerin (x) toliqtiradi.Jupliqlarga birlesedi, o’zlerinin diyagrammalarin salistirip toltiradi.Do’ngeleklerdin kesispeli jerinde eki iyamasa u’sh do’ngelekler ushin uliwma bolgan magliwmatlardin dizimin du’zedi.

BENNA DIYAGRAMMASI




**4 oqiw tapsirmasi**

**Gruppalaw tablisasi** - forma ha’m qatnaslardin a’hmiyetin ko’rsetiwshi uliwmaliq belgi bolip bul texnologiya ajiratilgan belgiler tiykarinda alingan magliwmatlardi birlestiriwdi ta’miyinleydi.Usi metod sistemali pikirlew,magliwmatlardi sistemaga keltiriw, sistemalastiriwdin ko’nikpelerin rawajlandiradi.Studentler gruppali analizlewdin du’ziliwi qagiydasi menen tanisadi. Aqiliy hu’jimler, klaster du’ziw, jana oqiw material menen tanisiwdan son,kishi gruppalarda alingan magliwmatlardi birlestiriw imkaniyatin beretugin gruppalardi izleydi.Gruppalardi tablisa korinisinde jayastiradi,ideya ha’m magliwmatlardi gruppaga say koriniste bolip taslap jumis barisinda gruppalardin ayirim larinin atlari o’zgeriyi mu’mkin ha’m janalari payda boliwi mu’mkin.

| mamleketshilik turleri ham basqariw formalari | | |
|---|---|---|
| jamiyetlik duzim | mamleketlerdin qaliplesiwi | basqariw tiykarlarinin qaliplesiwi |
| | | |

**Case stady (keys stadi).**“**Keys - stadi**” birinshi ret Garvard universitetiniń huqıq mektebinde 1870 jılı qollanılgan edi. 1920 jılı Garvard biznes-mektebi (HBS) oqıtıwshıları yuristlerdiń oqıtıw tájiriybesine tayanıp, ekonomikalıq ámeliyattagı anıq jagdaylardı analiz etiw hám talqılawdı bilimlendiriwdiń tiykargı usılı etip tańlaganınan keyin bul oqıtıw usılı keń qollanıla basladı. **Keys-stadi** (inglizshe sase - toplam anıq jagday, stady -bilim) keysde bayan qılıngan hám bilim alıwshılardı mashqalanı kórsetiw hámde onıń maqsetke muwapıq tárizdegi sheshimi variantların izlewge bagdarlaytugın anıq real yamasa jasalma rawishte jaratılgan jagdaydıń mashqalalı-jagdaydı analiz etiliwge tiykarlanatugın *bilim usılıdır*. **Keys-stadi** – bilim, xabar kommunikatsiya hám basqarıwdıń tálim maqsetin ámelge asırıw hám keyste bayan qılıngan ámeliy mashqalalı jagdaydı sheshiw procesinde boljaw qılınatugın oqıw nátiyjelerine kepillengen, orınlawdı támiyinleytugın bir tártipke keltirilgen optimal usılları hám quralları kompleksinen ibarat bolgan bilimlendiriw texnologiyasi bolıp esaplanadı. Kórilgen anıq jagdaydı úyreniwdi mashqalaga baylanıstırıp qoyadı: sizge mashqalanı sheshiw boyınsha jagdaydı analiz qılıw, boljawlardı qáliplestiriw, mashqalalardı anıqlaw, qosımsha maglıwmattı jıynaw, boljawlardı anıqlastırıw hám anıq qádemlerdi joybarlastırıw imkanın beredi. Bul texnologiya, oqıw usılı sıpatında tómendegilerdi támiyinleydi:-úyrenilgen tema kursı boyınsha (teoriyalıq bilimnen soń) bilimdi bekkemlewdi; -mashqalalardı analiz qılıw hám qararlardı jeke tártipte hám toparda sheshimin tabıw kónlikpelerin iyelewdi; - erkin hám úyreniw qábiliyetlerin

logikalıq pikirlew, bayan qılıw hám shárayatlarga maslasıwshı qábiliyetlerin rawajlandırıwdı; - -jańalıqqa qararlardı gárezsiz qabıl qılıwga tayarlıqtı; - -juwapkershilik gárezsizlik kommunikativlik empatiya hám refleksiyanıń aktivlesiwin; oqıw maglıwmatların ózlestiriw sıpatın ózi tekseriwdi (oqıw programması juwmagında). Mashqalanıń kórinisi:

1. Mashqala qandayda bir háreketler qılıw ushın júzege kelgen zárúriyat penen onı ámelge asırıw ushın shárt-shárayatlar jetispesligi ortasındagı qarama-qarsılıqlardı belgileydi.

2. Mashqalanıń tiykargı quram bólekleri (mashqala, astıńgı mashqalalar)in ajratadi. Keystiń programmalıq kartası keys ushın axborot jıynaw hám jagdaydı bayan qılıw ushın tiykar bolatugın máseleler (tezislar) diń diziminen ibarat boladı. Pedagogik annotatsiya tómendegi elementlerdi óz ishine aladı:

1. Keyste gózlengen predmet, bólim, tema, bilim dárejesi kurs kórsetiledi.

2.Keysten gózlengen maqset (bilim maqseti) rejelestiriletugin oqıw nátiyjeleri; Studentler keysti tabıslı sheshiw ushın iyelewi lazım bolgan dáslepki bilim hám kónlikpeler.

1. Keys real institutsional sistema iskerligin kórsetiwi yamasa onda keysolog jasalma modellestirgen jagday bayan qılınıwı haqqındagı oqıtıwshı iskerliginde óz kórinisin tapqan maqsetler.
2. Axborot alıw derekleri dizimi.
3. Keystiń ózine tán belgilerine kóre mazmunın (syujet, keys ob’ekti bar bolgan materialdı usınıs etiw usılı, kólemi, dúzilmesi ózine tán ózgeshelikleri bar oqıw tapsırmasın usınıs etiw sızılma usılı);
4. Keysten gózlengen maqset tiyisli shólkemlestiriw-metodikalıq támiyinleniwi ózgergende ol qollanılıwı múmkin bolgan oqıw predmeti esaplanadı.

Keys-islep shıgarıwda júz beretugın anıq mashqalalı jagdaydıń kórinisi-modeli esaplanadı. Keys usılı islep shıgarıw máselelerin sabaqlarda analiz qılıw hám sheshiw de ondagı qatnasıwshılarga haqıyqıy turmıslıq jagday boyınsha pikir júrgiziw usınıs etilip bul jagday bayanında tek gana ámeliy másele kórilip qalmastan ondagı mashqalanı sheshiw procesinde ózlestiriliwi zárúr bolgan oqıw

materialı da óz kórinisin tabadı.Oqıw sabaqlarında keyslerdi sheshiw algoritmi tómendegishe:

1.Tapsırmanı beriw (tapsırmanı orınlaw múddetin belgilew keystiń sheshiw sisteması menen tanıstırıw, sabaqtıń texnologik modelin anıqlaw).

2. Bilim beriwshiniń kirisiw sózi. Tiykargı sawallardıń qoyılıwı.

3. Bilim alıwshılardı 4-6 adamnan ibarat mikrogruppalarga ajıratıw.

4. Bilim alıwshılardıń mikrogruppalardagı iskerligin shólkemlestiriw (mikrogruppalarga at beriw, jetekshilerdi hám ekspert gruppanı anıqlaw).

5. Mikrogruppalardagı juwaplar menen tanıstırıwdı shólkemlestiriw.

6.Mikrogruppalar aralıq diskussiya shólkemlestiriw.

7.Bilim beriwshiniń ulıwmalastırıwshı sózi onıń mashqala sheshimi haqqındagı pikiri.

8. Bilim alıwshılardıń ekspertler tárepinen bahalanıwı.

9.Bilim alıwshılardıń sabaq haqqındagı pikirleri.

10.Bilim beriwshiniń  sabaq boyınsha juwmaqlar shıgarıw.

Keyslerdi sheshiwde bilim beriwshi bilim alıwshılardı bagdarlap turıwı hám olardagı aktivlikti qollawı sheshilip atırgan mashqalaga qaray qızıgıwshılıq oyatıp turıwı dárkar. Qánigelik pánlerin oqıtıwda keys stadi metodınan paydalanıw studentlerdi erkin pikirlewge, mashqalalardı sheshiwde kónlikpeler payda etiwde, sheriklik sıpatların qáliplestiriwge, oqıtıwshı tárepinen berilgen wazıypalardı sheshiwde, reje dúziwge hám eń tiykargısı studentler aldına qoyılgan mashqalanı orınlawda onı górezsiz talqılay alatugınday etip, bilim hám tarbiya beriw imkániyatın jaratadı.

Bilimlendiriw procesinde keys stadi texnologiyasınan paydalanıwdıń áhmiyeti júdá úlken. Bunda studentlerdi óz betinshe jumıslardıń túrli formaların orınlaw procesinde keys boyınsha bilimlendiriw procesinde júz beretugın mashqalalı jagdaylarga tiyisli bolgan tapsırmalardı beriw studentlerdi arnawlı pánlerden iyelegen bilimlerin tereńlestiriwge hám bekkemlewge, studentlerde oqıtıwshılıq sheberligin qáliplestiriwge hám hár tamanlama tereń ózlestirip alıwga, júzege keletugın ámeliy – mashqalalı máselelerdi sheshiwde hám turmıslıq

jagdaylardı sheshe alıw kónlikpelerin rawajlandırıwga járdem beredi.

***1-Qosımsha***



Woqıwshılardıń woqıw jeńislerin bahalaw

**Joybar usılı.**

➢ studentlerdiń ózbetinshe oqıw xızmetin sholkemkestiriw usili mashqalani anıqlaw hám sheshiw nátiyjesinde tutınıwshıga kerekli konkret ónim tayarlanadı;

➢ Ámeliy máselelerdi teoriyalıq bilimlerge súyenip sheshiwdiń oqiw qurali;

➢ Studentlerdiń bilimin tereńlestiriw ushın bagdarlangan oqiw ta'rbiya qurali;

Joybar usılı bagdarlawshı tekst usılı menen baylanıslı. Sebebi bagdarlawshı tekst usılı islep shıgılgannan soń gana joybarlar ústindegi jumıslarda payda bolgan mashqalalardı sheshiw múmkin boladı. Bagdarlawshı tekst usılı házirgi waqıtta kóplegen tarawlarda keńnen qollanılmaqta, ol jerde joybar xaqqında gáp ketpewi múmkin. Biraq joybar usılı tiykarınan , joybarlar menen islesiwdi ózlestiriwdi kúsheytiw maqsetinde islep shıgılmaqta.




**1-sızılma**

Bul eki usıldı bir-birinen tómendegi eki kóz qarasta kórip shıgamız:

- bagdarlawshı tekst usılında tiykarınan itibardı óz betinshe bilimge qaratadı;
- joybar usılı óz betinshe bilim maqsetinen tısqarı itibardı kerekli jeke qábiliyetler hám kónlikpelerdi úyreniwge qaratadı (yagnıy tiykargı kvalifikatsiyalarga) Sebebi bul kvalifikatsiyalar kárxana hám firmalardıń ámeliyatında ushırasatugın miynetti shólkemlestiriw formalarına tiykarlangan.

Joybar usılınıń kontseptsiyası firma hám kishi kárxanalardıń maman jumısshı-qánigelerine qoyılgan zamanagóy talaplarına tolıq juwap beriw maqsetinde qáliplestiriledi. Sebebi búgingi kúnde miynet bazarı tek gana joqarı qánigeli, bilimli jumısshı-qánige hám ónerdi talap qılmaqta. Bul jumısshı-qánigelerden óz kásip-óneri boyınsha bilim-kónlikpelerinen tısqarı sotsial hám jeke kompetentsiyalar tarawına tiyisli jeke kóz-qaraslarga iye bolıwı talap qılınbaqta. Bunday kompetentsiyalar bolsa effektiv kompetentsiyalar tarawına tiyisli kompetentsiyalar bolıp esaplanadı. Bul degenimiz bilim alıwshılar temaga tiyisli bilim-kónlikpelerden tısqarı tómendegi sıpatlarga iye bolıwı kerek:

- aktiv bolıw, mashqalalarga sistematik jantasıw, qararlardı gárezsiz qabıl qılıw, maslasıwshań bolıw;
- qandayda bir mashqalanı ózi sheshe alıw, hár qashan qánigeligin asırıwga umtılıw, birge islesiwge tayar hám juwapkershilikli bolıw.

Joybar usılınıń maqseti sonda, onda studentler bul kvalifika-tsiyalardı tek keyinshelik ámeliyatda, yagnıy jumısqa kirgenlerinen soń gana emes al, bálkim kásip-óner bilimi sheńberinde úyrenip alıwları kerek. Sonıń ushın da bul kvalifikatsiyalardı kásiplik qánigelik penen birgelikte ilajı barınsha teppe-teń rawajlandırıw kerek. Joybar usılı tolıq ámeliy bilim procesi sheńberinde qollanılıwı múmkin. Bunıń ushın zárúrli joybarlar bar ekenligi; joybarlar tómendegishe bolıwı kerek, bunda 1) Anıq sheklengen tapsırma mısalı, qandayda bir nárseni rejelestiriwden baslap sapa qadagalawın islep shıgarıw yamasa qandayda-bir elektrosxemanıń optimallasqan islew tártibiniń sıpatlaması menen birge;

2) Oqıtıwshılar kóz qarasınan tapsırma quramalı bolıwı hám ol studentlerden bar bilimlerin ayrıqsha jagdaylarda qollay alıwın talap etetugın tapsırma bolıwı zárúr; Studentler qıyınshılıklardı sheshiwde hám bar bilimlerin qollay otırıp bilim-

kónlikpelerin isletiwge májbúr bolıwları kerek;
3) Ózlestirilgen kvalifikatsiyalar hár qıylı oqıw orınlarında usınday biriktiriliwi múmkin, jańa tapsırma orınlanıwı múmkin boladı - reje tiykarında hám ilajı barınsha óz betinshe jumıs alıp barıw talap qılınadı.

**Joybarlaw** (projekt) – túsinigi keń túsinik bolıp, anıq nátiyjege iye maqsetli xızmetti shólkemlestiriw ushın paydalanıladı. Studentler tárepinen ilajı barınsha óz betinshe rejelestire alatugın hám studentler tárepinen sheklengen bir sheńberde gárezsiz ráwiishte shólkemlestirip hám ámelge asıra alatugın bolıwı kerek. Bunda studentler ózleriniń kásiplik ráwishte mashqalanı sheshiw hám birge islesiw usılların hám strategiyaların islep shıgarıw imkániyatlarına iye.

Studentler ádette wazıypalardı óz-ara bólip joybar gruppa menen birge gárezsiz, rejelestirilip ámelge asırırılıp hám juwmaq shıgarılıp birgelikte islenedi. Tapsırma berilgen waqıttan baslap onıń sheshiliwine shekem oqıtıwshı studentlerdi óz betinshe úyreniwge tartıwı kerek. Qánigelikke tayarlawshı oqıtıwshı úyreniw procesin baqlaydı hám sistematik tárizde basqaradı; ol tek gana júdá kerek bolgan jagdayda gana processke aralasıwı múmkin. Joybar usılınıń tiykargı maqseti bir tárepten tapsırmanı orınlaw ushın kerekli barlıq bilim hám kónlikpeler, process dawamında úyreniledi. Bir tárepten bolsa tapsırmanı sheshiw usılı hámiyshe tańlangan tiykargı kvalifikatsiyalardı rawajlandırıwga bagdarlangan boladı. Joybar jumısın tayarlawda bagdarlawshı tekst usılı sıyaqlı oqıtıwshı tómendegi wazıypalardı orınlawı kerek, bunda Ámeliyat oqıtıwshısı:

- joybar jumısı ushın qandayda-bir mısaldı belgilewi, joybar tapsırmaların islep shıgıwı;
- joybar jumısın oqıw kestesine kiritiwi, joybar qanday ótiwin oylap kóriwi hám tapsırmanı studentlerdiń imkániyatlarına maslastırıp olardıń tapsırmanı orınlay alıwların támiyinlewi;
- Studentlerdi joybar jumısı menen tanıstırıwı hám olardıń jumısına aralaspastan baqlap turıwı kerek, Joybar usılınıń ámelge asırılıwı bagdarlawshı tekst usılı sıyaqlı anıq islep shıgılgan háreketleniw modeline tiykarlanadı:




**2-sızılma**

**Maglıwmat jıynaw.** Bul dáwir (faza) ushın oqıtıwshı aldın bir neshe material hám hujjetlerdi tayarlawı kerek, bunda - joybarga tiyisli tapsırmalar dúziw, maflıwmat jıynawga tiyisli bagdarlawshı sawallar, oqıw maqsetleri haqqında maglıwmatlar. Joybar studentlerge jazba formada berip qoyıladı. Qosımsha sıpatında tapsırmalar beriledi. Soń oqıtıwshı studentlerdi bagdarlawshı sawallardan paydalanıp tapsırma dúzilisin analiz qılıwga bagdarlaydı. Studentler gárezsiz ráwishte oqıwlıq, kesteli kitaplar, jeke jazıwları, tarqatpa materialları tiykarında maglıwmat jıynaydı. Bunnan tısqarı olar basqa texnik sawallar qollanılıwı múmkin bolgan jumıs tártibi basqıshları, instrumentler hám kerekli jumıs materiallarına tiyisli hujjetlerden paydalanıwları múmkin. Soń studentler de óz náwbetinde joybar islew tártibiniń dúzilisin islep shıgıwları kerek. Usılay qılıp olar joybardıń barısı hám sapası ushın áhmiyetli bolgan tiykargı óz-ara baylanıslardı ayrıqsha jumıs basqıshların qaysı basqıshta hám qaysı waqıtta baqlaw ótkeriliwin hám basqalardı anıqlaydı.

**Rejelestiriw.** Studentler óz betinshe jumıs rejesin tolıqtıradı. Jumıs rejesi olarga formula sıpatında beriliwi múmkin. Bul rejede jumıs basqıshları olardıń texnologik izbe-izliginde material, instrumentler, járdemshi qurallar hám tagı basqa rejelestiriliwi kerek. Bul jerde de olar bagdarlawshı sawallardı qollap

ózleriniń jeke jazıwlarınan máselen, teoriyalıq sabaqta islengen jazıwlarınan paydalanadı. Oqıtıwshılar ózleri de usınday reje joybarın islep shıgıwları múmkin. Bul nárse tálimniń aldıńgı basqıshında ámelge asıradı. Jumıs rejesi - bul berilgen tapsırmanı orınlaw ushın kerekli basqıshlar izbe-izligi bolıp esaplanadı.

**Qarar qabıl qılıw.** Studentler oqıtıwshı menen birgelikte rejelestiriw dáwirinde (fazasında) júzege kelgen nátiyjelerdi talqılaydı. Oqıtıwshı bul diskussiyani moderatorlıq usılında hám «pinbord» doskasınan paydalanıp ótkeriwi múmkin. Usılay qılıp hár qıylı sheshimler bir- biri menen salıstırıladı hám eń jaqsı variant tańlab alınadı. Bul jumıs barısında gruppa agzaları da anıq belgilenedi. Olardıń wazıypası pútkil joybardıń bóleklerin sheshiwi kerek boladı.

**Ámelge asırıw.** Studentler jumıs tapsırmaların is rejesi tiykarında óz betinshe orınlaydı. Olar jeke tártipte yamasa kishi gruppalarda islewleri múmkin. Oqıtıwshı processti baqlap turadı, tiykargı kvalifikatsiyalar rawajlanıwın analiz qıladı hám baqlaw nátiyjelerin arnawlı «Baqlaw protokolı»na jazıp qoyadı. Bul protokolda studentlerdi bahalaw kriteriyaları bolıwı kerek. Bul kriteriyalar tiyisli tiykargı kvalifikatsiyalardı esaplap anıqlaydı. Tiykargı kvalifikatsiyalar degende, bul mısal ushın qatnas qábiliyetleri juwapkershilikke sanalı qatnas hám óz betinshe islew sıyaqlı qábiliyetine iye bolıwı múmkin.

Tiykargı kvalifikatsiyalardıń rawajlanıwı bir neshe basqıshlarda kórsetilgen bolıwı múmkin. Bul basqıshlar studentlerge bul kvalifikatsiyalarga qay dárejede eriskenliklerin kórsetedi. «PETRA» kontseptsiyasında tiykargı kvalifikatsiyaları rawajlanıw dárejesiniń 4 basqıshı kórinedi:

**Reproduktsiya basqıshı**. Student jańa mazmunlardı úyrenip aladı. Máselen eliklew arqalı hám úyrengen nársesin oqıtıwshı basshılıgında bekkemley aladı.

**Reorganizatsiya basqıshı**. Student endi tiykargı kónlikpe hám bilimlerdi ózlestirip aldı hám belgili bir tapsırmalardı hátteki uzaq waqıt ótkennen sońda qollay aladı.

**Iyelengen bilimlerdi ayrıqsha jagdayda qollaw basqıshı**. Student úyrenip algan bilimlerin kerek bolsa biraz ózgertip isletedi hám olardı ózgergen hám jańa jagdaylarda qollay aladı.

**Mashqalanı sheshiw basqıshı.** Student sonday tapsırmalardı orınlaydı, bul tapsırmalarda ol eski hám jańa bilimlerin bir birine qosıp paydalanadı. Ol sebep hám nátiyje arasındagı óz-ara qatnasların anıqlay aladı, sistematik ráwishte rawajlandıra aladı, bahalaw hám tańlawdı biledi, jańa hám erkin sheshimimlerdi taba aladı. Bul 4 basqısh tiykargı kvalifikatsiyalardı rejelestiriw payıtındayaq alınadı. Oqıtıwshı óziniń «Baqlaw bet»ine sonday indikatorlardı belgilerdi kiritiwi múmkin, olar ogan qandayda-bir basqısh erisilgenligin kórsetip turadı.

**Tekseriw.** Studentler ózleriniń jumıs nátiyjelarin ózleri tekseredi (máselen jumıs nátiyjelerin sapa kriteriyaları tiykarında bahalaw hám bahalawdı arnawlı «Baqlaw beti» yamasa « bahalaw bet»inde jazıp baradı).

**Juwmaq shıgarıw.** Oqıtıwshı jumıs processin hám nátiyjelerin birgelikte juwmaqlawshı sáwbet barısında analiz qıladı (original kórsetkishlerdi norma kórsetkishleri menen salıstırıw; norma kórsetkishlerine erise almaganlıq sebeplerin anıqlaw). Bunıń ushın oqıtıwshı «Baqlaw protokolı» hámde «Juwmaqlar protokolı»nan paydalanadı.

## Joybar usılı kólemindegi shólkemlestiriwshi formalar.

Ámeliy bilimlerdi «Joybar usıl»ın qollaw arqalı ámelge asırıw ushın 3 túrdegi shólkemlestiriwshi formalar qollanıladı. Bul shólkemlestiriwshi formalar tiykargı kvalifikatsiyalar rawajlanıwına belgili bir tárizde kómeklesedi: bunda óz betinshe rejelestirilgen individual jumıs, gruppada rejelestirilgen individual jumıs, gruppada orınlanatugın jumıs. SHólkemlestiriwshi formalar hám tiykargı kvalifikatsiyalar arasındagı óz-ara qatnas anıq hám túsinerli sebebi gárezsiz rejelestirilgen individual jumıs payıtında individual shaxsqa tiyisli hám kásiplik kompetentsiyalar (jumıs tapsırmasın ózi shólkemlestiriw hám ámelge asırıw qábiliyetleri óz betinshe hám jeke juwapkershilik shıdamlılıq hám t.b) rawajlansa gana gruppada rejelestirilgen individual jumıs, jáne de gruppada orınlanatugın jumıs payıtında bolsa sotsial hám kásiplik kompetentsiyalar (baylanıs hám birge islesiw qábiliyetin rejelestiriw hám qarar qabıl qılıw qábiliyetin, jámáát aldındagı juwapgershilikti ańlaw hám basqa qábiliyetlar) rawajlanıwına úlesin qosadı.

**Óz betinshe rejelestirilgen individual jumıs:**

Oqıwshıga joybar hujjetleri berilgennen keyin ol óz joybarın rejelestiredi pútkilley jeke juwapkershilikte, individual tárizde islep ámelge asıradı hám nátiyjelerin ózi analiz qıladı.

**Gruppada rejelestirilgen individual jumıs:** Gruppaga joybar hujjetleri berilgennen soń gruppa studentleri birgelikte «Maglıwmat jıynaw-Rejelestiriw - Qarar qabıl qılıw» basqıshların ámelge asıradı. Onnan soń bolsa hár bir student individual tárizde óz joybarın ámelge asıradı. Yagnıy rejelestiriw payıtında ol basqalar menen birgelikte jumıs alıp barsa, ámelge asırıw payıtında jeke juwapgershilikti óz moynına aladı.

**Gruppada orınlanatugın jumıs**: Gruppaga joybar hújjetleri berilgennen soń gruppa studentleri birgelikte ulıwma rejeni dúzedi. Soń joybar bir neshe «bólek joybar»larga bólinedi hám olardı bir-birine baylanıstırıwshı kásiplik buwınlar gruppada kelisip alınadı. Detallı rejelestiriwdi bolsa hár biri ózi ámelge asıradı. Soń hár bir student yamasa kishi gruppa óziniń jeke joybarın dúzedi. Bul jagdayda olar óz joybarların tutas joybarga birlestiriw ushın birgelikte háreket alıp baradı.

Demek, jámiyetti modernizatsiyalaw shárayatında jańa pedagogik hám axborot texnologiyalarınan nátiyjeli paydalanıw hámde zaman talaplarına say bilimlendiriw procesin mazmunı tárepten jańalaw bilimlendiriw sistemasınıń keleshegin belgileydi. Bul teoriyalıq hám ámeliy tiykarlardan kelip shıgıp, sońgı jıllarda bilimlendiriw procesinde innovatsion, interaktiv tálim metodları haqqında kóplep pikirlar bildirilip, tálim-tárbiya procesi sapası hám nátiyjeliligi hám kepillengen nátiyjege erisiw maqsetiniń áhmiyetliligin kórsetedi.

## II. TEORIYALIQ MASHQULAT MATERIYALLARI

### TEMA:1. Ma`mleketshilik tu`sinigi. O`zbekstanda a`yemgi ma`mleketshiliktin tu`rleri ha`m basqariw formalari.

**rejesi:**

1. Mámleketshilik túsinigi. Ertedegi mámleketlerdiń payda bolıwınıń tiykarǵı faktorları.

2. Orta Aziya aymaǵındaǵı eń áyemgi mámleketler. Olardıń sotsiallıq-ekonomikalıq turmısı.

3. Antik dáwir mámleketleri hám mádeniyatı.

**Tayanish túsinikler**

**Ilikxonlar –** dinastiya wakilleri basqargan

**H'ukmdar -** ulli xan

**"Shoh'anshox"**- Erondagi singari "xonlar xoni" ëki "sultonlar sultoni" degan unvonga ega edi.

**"Tamg'achxon"** -qoraxoniylar sulolasi manbalarida atalgan. Turkiylar Xitoy imperatorini h'am shu unvon bilan atashgan.

**İlikxonlar h'uzurida**= vazir, saxib-barid mustavfi, shah'arlarda h'okim, rais, muxtasib va boshqalar saqlanib qolgan edi. diniy mansablar twliq saqlanib qolgan,

Mámleketshilik - mámlekettiń, eldiń tariyxıy rawajlanıw barısında óziniń jańadan mámleketti dúze alǵan yamasa bir qansha sebepler menen ǵárezsizlik awhalǵa duwshar bolıp joǵaltıp alǵan burınǵı mámlekettiń qaytadan tikley alǵan ayrıqsha belgi boladı. Mámleketshilik-jámiyettiń tek baylıǵı hám onıń rawajlanıwınıń kórsetkishi ǵana emes, sonday-aq ol milliy ideologiyada ruwhıy kádriyatlarda, elde mámlekettiń rawajlanıwına, onı qorǵawǵa baǵdarlaytuǵın jámiyetlik siyasiy hám mádeniy orientatsiya, jámiyettiń siyasiy shólkemlesiwiniń jetistiriliwi bolıp tabıladı. Mámleketshiliktiń ózine tán simvolikalıq belgileri rásmiy mámleketlik tilde yamasa tillerdiń paydalınıwı, ámblematikasınıń (gerb,

gimn, jalaw) bolıwı hám jámiyetti mámleketlik siyasiy shólkemlestiriwiniń ózine tán spetsifikalıq formaların dúziwi bolıp tabıladı.

Ózbekistan territoriyasındaǵı mámleketshilik óziniń mıń jıllıq tariyxına iye. Bul territoriyada payda bolǵan mámleketler xalqımızdıń bay tariyxında girewli orın iyelegen. Birak XIX ásirde Rossiya imperiyasınıń jawlap alıwınıń sonıńan sovet imperiyasınıń zorlıq  penen ózine qosıp alıwınıń aqıbetinde elimizdiń mámleketshiligi tariyxında uzaq waqıt májburiy úziliske ushırawshılıq boldı.

Ózbekistan Respublikasınıń ǵárezsizlikke erisiwiniń nátiyjesinde jańa biyǵárez Ózbekistan mámleketshiliginiń tırnaǵı salındı. “árezsizliktiń arqasında ǵana xalqımız óziniń milliy tsivilizatsiyasınıń házirge rawajlanıw dárejesine maslastırıp qayta tikleu múmkinshiligine iye boldı. Mámleket jámiyettiń siyasiy sistemasınıń tiykarǵı institutı  bolıp, jámiyetti basqarıwdı ámelge asıradı.

Ǵárezsizlik  áyyemnen insaniyattıń arzıw umitleri hám ármanların ózinde birlestirgen İnsaniyat tábiyattıń gultajı sıpatında hámiyshe azatlıq hám erkinlikke umtılıp jasaydı  XXI ásip bosaǵasında Watanımız tariyxında  jańa  dáwir baslandı. Ózbekistan hám onıń quramında Qaraqalpaqstan óziniń mámleketlik ǵárezsizligin qolǵa kirgizdi, xalqımızdıń kóp ásirlik arzıw-ármanı iske astı. Dunya kartasında jáne bip ǵárezsiz mámleket - Ózbekistan Respublikası payda boldı. ǵárezsizlikke eriskennen soń xalqımızdıń óz eli, tili,   mádeniyatı, qadriyatları tariyxın biliwge, ózligin ańlawǵa qızıǵıwshılıǵı artıp  barmaqta. Bul tábiyǵıy jaǵday, adamzat payda bolǵannan baslap ata-babalarınıń kimligin, násil-tiykarın kelip shıǵıwın, ózi tuwılıp ósken awıl, qala, qullası Watanınıń tariyxın biliwdi qáleydi. Házir Ózbekistan dep atalıwshı territoriya, yaǵnıy biziń Watanımız tek ǵana Shıǵıs emes, al jer júzlik tsivilizatsiya oshaqlarınıń biri bolǵanın dúnya moyınlamaqta. Bul áyyemgi hám muqaddes topıraqtan ullı oyshıllar, alımlar, ulamalar,  siyasatshılar, sárkapdalar jetisip shıqqan. Diniy hám dúnyalıq ilimlerdiń tiykarları usı ortalıqta payda boldı. Miyrimsiz dáwir sınawlarınan aman qalǵan, en áyyemgi tas jazıwlardan baslap, kitapxanalarımızda saqlawlı tariyx, ádebiyat, kórkem óner, siyasat, ádep-ikramlıq, filosofiya, meditsina, matematika, fizika, ximiya, astronomiya, arxitektura, diyxanshılıqqa tiyisli  oń mıńlaǵan shıǵarmalar tawsılmas

ruwxıy baylıǵımız, maqtanıshımız. Ata babalarımızdıń ásirler dawamında toplaǵan turmıslıq tájiriybeleri, diniy, ádep-ikramlıq, ilimiy kóz qarasların ózinde jámlegen bul qol jazbalardı juwapkershilik penen tereń úyrenetuǵın dáwir keldi. Óytkeni, sovetler zamanında tariyxıy xaqıyqattı biliwge umtılıw qoshametlenbeytuǵın edi, húkimdar ideologiya máplerine xızmet etpeytuǵın derekler xalıqtıń kózinen ilajı bolǵanınsha alısta saqlanatuǵın edi. Jaǵday sonday dárejege barǵan edi, óz tariyxımızdı, ózimiz jazıw huqıqınan ayrılıp qaldıq. Birewler tárepinen jaratılǵan tariyx sabaqların oqıtatuǵın edik. SSSR tariyxı dep atalǵan sabaqlıqta Ózbekistanday mámleketke bar joǵı q-ń bet orın berilip, tariyxıy waqıyalar hám shaxslar haqqında tolıq emes pikirler aytılıp, yamasa ulıwma hesh nárse aytılmas edi.

Halqımızdıń milliy ózligin ańlawında ruwxıy dunyası bay, kámil insandı tárbiyalawda, Watanımız tariyxın úyreniwdiń áhmiyeti oǵada úlken. Ruwxıylıǵın tiklewi, tuwılıp ósken elinde ózin basqalardan kem sezbey, basın bálent kóterip júriwi ushın insanga, álbette tariyxıy yadı kerek. Tariyx sabaqları insandı sezgirlikke úyretedi, xarakterin bekkemleydi. İnsan ushın tariyxtan ayırılıw- ómirden ayırılıw degendi ańlatadı. Xaqıyqıy tariyxtı bilmey turıp ózlikti ańlaw múmkin emes. Biz ótmishti tiklew, tariyxıy xaqıyqatlıqtı óz ornına qoyıw arqalı pikirlewimizdi bayıtamız, túsiniklerimizdi keneytemiz, ómir filosofiyası arqalı reformalar filosofiyasın, reformalardıń mánisin ańlay baslaymız. Eń aqırında usı protsess arqalı jámiyetti jańalaymiz. Onıń mazmunın bayıtamız. Ótkeni, milliy azatlıq ideologiyasınıń, mámleketimiz alıp baratırǵan ken kólemdegi reformalardıń aǵla páziyletleri sonda. Tariyxıy waqıyalardı úyreniwde qanday ilimiy-teoriyalıq, metodologiyalıq tiykarlarǵa tiykarlanıwdıń áhmiyeti oǵada úlken. Sovetler dáwirinde onı Woqitiw hám úyreniw isleri marksistlik metodologiyaǵa boysındırıldı. Bunda hár qanday waqıyanı bayanlawda kommunistlik ideologiya, paptiyalıq, klasslıq kóz qarastan háreket islendi. Mámleket, pútin bir xalıq tariyxı ekige-ákspluatator hám ákspluatatsiya etiliwshiler, qul iyeleri hám qullar, feodallar hám ǵárezli diyxanlar, burjuaziya hám jallanba rabochiylar, baylar hám kámbaǵallar, múlk iyeleri hám múlksizler tariyxına bólindi. Baylar hám múlk

iyeleri, olar arasınan shıqqan bekler, ámirler, xanlar, mámleket iskerleri, ruwxaniyler qapalandı. Tariyxıy waqıyalar jámiyet aǵzalarınıń bir bólegi bolǵan kámbaǵallardı korǵaǵan halda, olardıń máplerine boysındırılǵan halda bayan etildi. Din, diniy kadriyatlar qapalandı, insanlardıń diniy isenimleri ayaq astı etildi, ruwxaniylar quwǵın astına alındı. Xalqımız tariyxın bir tárepleme bayan etiliwine tek marksistlik metodologiya ǵana emes, al mámlekette húkimdarlıq etken totalitar dúzimniń de roli úlken boldı. Tariyx totalitar dúzim xızmetkerine, násiyatshı hám qorǵawshısına aylanıp qalǵan edi. Adamzat jámiyetindegi tariyxıy waqıya, hádiyselerdi úyreniwdiń áhmiyetli teoriyalıq metodologiyalıq tiykarlarınıń biri jámiyet rawajlanıwınıń nızamların ashıp beriwshi dialektikalıq metod bolıp esaplanadı. İnsaniyat turmısı, jámiyet rawajlanıwı dialektikalıq protsess. Dialektika álem bir putin hám ajıralmas, onda bolatuǵın hádiyseler, waqıyalar ulıwma hám óz-ara baylanısta, úzliksiz hárekette, qarama-qarsılıqlı rawajlanıwda boladı dep tálim beredi. Dialektika júdá uzaq tariyxqa iye, onıń biliw teoriyası sıpatında qáliplesiwi hám rawajlanıwında Geraklit, Aristotel, Xorezmiy, Farabiy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali İbn Sino, Uluǵbek, Dekart, Spinoza, Gertsen, Gegel hám basqa alım hám aǵartıwshılardıń xızmeti úlken. Olar tábiyat, tariyxıy hám puwxıy dúnyanı bir protsess sıpatında, yaǵnıy olardı uzliksiz háreket etip, ózgerip, rawajlanıp turatuǵın halda, rawajlanıwdı ishki baylanısta alıp uyreniw metodologiyasın jarattı. Dialektikalıq metodologiya hár qanday mámleket tariyxın jer juzi xalıqları tariyxı menen baylanıslı xalda úyreniwdi talap etedi. Óytkeni, hár bir xalıq tariyxında milliylik, ózine tán qaytalanbas ózgeshelikleri menen birge jer júzlik tariyx, pútkil insaniyattıń rawajlanıwı menen ulıwma baylanısta boladı. Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan tariyxı eń dáslep Oraylıq Aziya mámleketleri tariyxı menen, jer júzlik tariyx penen baylanısıp ketken. Áyyemgi zamanlardan jaqın jıllarǵa shekem Watanımız Orta Aziya territoriyasındaǵı kóplegen mámleketler menen Afganstan, İran, Arqa Hindstan sıyaqlı mámleketler menen bir ekonomikalıq hám mádeniy mákanda bolıp keldi. Bul úlken territoriyada jasawshı urıw, qáwim, elatlar etnik jaqtan óz-ara tásir hám baylanısta bolǵan, qosılıw protsessin bastan keshirgen, olardıń sotsiallıq, siyasiy, ekonomikalıq, ruwxıy

turmısı bir-biri menen óz-ara baylanısta bolıp ótken. Sol sebepli ÓZBEKISTAN hám Qaraqalpaqstan tariyxın qońsı mámleketler tariyxı menen baylanıslı halda úyreniw talap etiledi. Qazaq, qırģız, qaraqalpaq, túrkmen, tájik, parsı, afgan, xind, arab hám basqa xalıqlar tariyxın qansha jaqsı bilsek, onda Ózbekistan xalıqları tariyxın sonsha tereń hám hár tárepleme úyreniwge imkaniyat jaratadı, kómeklesedi. Tariyxıy uaqıya, hádiyselerdi úyreniw, pikirlewde hám bayan etiwde obektiv, xaqıyqıy, ádalatlı qatnasta bolıw en áhmiyetli metodologiyalıq qaģıyda bolıp esaplanadı. Obektivlik qaģıydası tariyxıy waqıya, hádiyselerdi uyreniwde olar menen baylanıslı bolģan barlıq faktlerdiń pútin bir jıynaģın birge alıp tekseriwdi, onı haqıyqıy dáliyllerge tiykarlanıwdı talap etedi. Tariyxıy hádiyselerdi bir pútin halda, óz-ara baylanısta hám qatnasta dep tekseriw lazım. Tariyxtı úyreniwde tariyxıylıq metodologiyası úlken áhmiyetke iye. Tariyxıylıq qaģıydası waqıya, hádiyselerdi óz dáwiriniń anıq tariyxıy sharayatınan kelip shıqqan halda úyreniwdi talap etedi. Waqıya, hádiyselerdi úyreniwde tariyxıy baylanıs, tariyxıy rawajlanıwdı basqa waqıyalar, hádiyseler menen baylanısta úyrengende ģana sol waqıya, hádiyseniń ulıwma tariyxıy protsesstegi ornın durıs anıqlaw, belgilew múmkin boladı. Hár bir waqıya, hádiyselerge ulıwma tariyxıy protsesstiń bir bólimi, bólegi dep qaraw zárur. Hár bir hádiyse qanday tariyxıy sharayatta, ortalıqta payda bolģanlıģın, bul hádiyse óz rawajlanıwında qanday tiykarģı basqıshlardı ótkenligin, keyin ol qanday bolıp qalģanlıģın biliw tariyxıylıq qaģıydasınıń tiykarģı talabı bolıp esaplanadı. Máselen, qanday da bir mámlekettiń xızmetine tariyxıylıq kóz-qarastan turıp baha bermekshi bolsaq, birinshiden, ol qashan, qanday tariyxıy sharayatta payda boldı, ekinshiden, ol óz rawajlanıwında qanday awhalda degen sawallarģa anıq juwap beriw zárur boladı. Tariyxıylıq metodologiyası xalıqtıń ótmishin, házirgi zaman hám keleshegin bir tábiyiy tariyxıy protsess dep, ótmish házirgi zamandı tayarlaydı, házirgi zaman keleshekti jaratadı degen rawajlanıw nızamı tiykarında qaraydı. İnsaniyat áne usınday ulıwma joldan baratırģan eken, keleshekte jarqın turmıs qurmaqshı bolģan áwlad tariyx páni arqalı óz ótmishin jaqsı biliwi lazım. Ótmishti, ata-babalarımız tariyxın qánshelli jaqsı bilsek anlap jetsek, házirgi zamandı, ģárezsizligimiz mazmunın

sonshelli tolıq túsinemiz,  keleshekti durıs kóz aldımızǵa keltire alamız. İnsaniyattıń rawajlanıwınıń málim bir basqıshında urıwshılıq duzimi ıdırap jeke menshik kelip shıqqannan soń, urıw jámiyetleri hár qıylı sotsiallıq qatlamlarǵa boliniwi menen, hár bir sotsiallıq qatlam óz máplerine sáykes háreket etetuǵın, olardıń mápleri bir bipine soqlıǵısatuǵın kóterilisler, qozǵalańlar bolatuǵın boldı. Usınday sharayatta bolıp ótken waqıyalardı, tariyxıy protsessti úyreniwde sotsiallıq qatnas jasaw printsipine dıqqat awdarıw zárur boladı. Sotsiallıq qatnas metodologiyası tariyxıy protsesslerdi xalıqtıń barlıq qatlamınıń máplerin esapqa alǵan halda úyreniwdi talap etedi.  Sotsiallıq qatnas printsipi mámleket iskerleriniń, siyasiy kúshler, partiyalar,  túrli birlespeler, olardıń jolbasshılarınıń tariyxıy rawajlanıwǵa kórsetken unamlı yamasa unamsız tásirin, jámiyetti ol yamasa bul jol menen baslawdaǵı rolin bilip alıwda úlken áhmiyetke iye. Mámleketimiz tariyxın úyreniwde milliy qádriyatlar, xalıq dásturleri hám urp-ádetleri, din, islam tariyxı, adamlardıń diniy isenimleri, diniy táliymatlar hám olardıń tiykarın salıwshılardıń xızmetlerin analiz etiwde, bayanlawda tsivilizatsiyalı qatnasta  bolıp,  olardı  húrmetlew,  áziyzlew kóz-qarasınan háreket etiw zárur. Turmıs xalıqtıń neshshe mıń  jıllar dawamında jaratkan puwxıy mádeniyatın ekspluatator hám ákspluatatsiya etiliwshiler mádeniyatı dep bóliw, birinshisin qaralawdan ibarat eski baǵdardıń zıyanlı ekenligin kórsetti. Puwxıy miyrasqa bunday qatnasta bolıw puwxıy kámbaǵallıqqa, milliy qádriyatlardıń, urp-ádetlerdin ayaq-astı etiliwine, kóplegen alımlar, aǵartıwshılar, intelegentler, ruwxaniylardıń qaralanıwına alıp kelgenligin hesh waqıtta umıtpaw zárur. Tariyxtı uyreniwdegi joqarıdaǵı metodologiyalıq qaǵıydalar menen birge faktlerdi salıstırıw, dáwirlerge bóliu, dereklik maǵlıwmat tiykarında juwmaklar shıǵarıw, sotsiologiyalıq izertlewler ótkeriw, statistikalıq, matematikalıq h.b. usıllardan paydalanıladı.

Watan tariyxın úyreniwde tiykarǵı derekler:  1. Áyyemgi zamanlardan baslap biziń kúnlerimizge shekem ullı ata-babalarımız, ullı oyshıllar, alımlar qaldırǵan puwxıy bay dásturler. 2. Bizge shekem jetip kelgen jazba kitaplar, ilimiy hám kórkem shıǵarmalar, sabaqlıqlar, qol jazbalar, toplamlar. 3. Hár qıylı

muzeylerde saqlanıp atırǵan kórgizbe zalları xujjetleri, birinshi náwbette arxeologiyaǵa tiyisli qazılma estelikleri. 4. Tariyxıy qurılıslar, estelikler. 5. Kino, foto hújjetler h.b.

Ayırım tariyxshılar xioniyler (xanlar)di kushanlardın' tikkeley o'zi dep esaplaydı. Kidariyler atı menen atalg'an qa'wim (qa'wim baslıg'ı h'a'm shah' Kidar atı menen baylanıslı) bolsa V a'sirde massagetlerden ajıralıp shıqqan dep shamalanadı. Avtorlar eftalitlerdi Orta Aziyada a'yyemnen jasap kelgen sak-massaget h'unn qa'wimlerinin' birikpesinen kelip shıqqan dep esaplaydı. Feofan Vizantiyskiydin' jazıwınsha, eftaliyler o'z atamasın patshalardan biri bolg'an Vaxshunvar Eftalan atı menen atag'an. Qıtay jılnamashıları da usı h'aqqında jazadı. Vaxshunvar 457-jıldan Chag'aniyan, Toxarstan, Vadaxshandı o'zine boysındırıp Orta Aziyada u'lken ma'mleketke tiykar saldı. V a'sirdin' ekinshi yarımı VI a'sir baslarında Eftalitler ma'mleketi quramına Orta Aziya, Shıg'ıs İran, Arqa Hindstan, Shıg'ıs Tu'rkstan jerleri kirgen. Ma'mleketimiz territoriyasında erte orta a'sirler da'wirinde payda bolg'an iri ma'mleketlerden biri-eftalitler ma'mleketi. Eftalitlerdin' etnikalıq jaqtan qaysı qa'wimge tiyisli ekenligi h'aqqında h'a'r qıylı pikirler bar. Eftalitler da'wiri boyınsha ayırım mag'lıwmatlar Rimli tariyxshı Ammian Martsellin (IV a'sir), Vizantiyalıq tariyxshı Prisk Paniyskiy (V a'sir), Prokopiy Kesarskiy (VI a'sir) h'a'm Feofan Vizantiyskiy (VI a'sir) shıg'armaları, Siriyalı jazıwshı Zenob Glaknits (VII-VIII a'sirler), grekshe jazılg'an "eftalit patshaları tariyxı" shıg'armasında h'a'm basqa izertlewshi alımlar miynetlerinde bar. Alımlardın' pikirlerine qarag'anda, eramızdın' IV a'sir ortalarında kushanlar menen eftalitler basqa qa'wimler menen birlesken. Olardı xioniyler menen kidariyler dep atag'an.

Eftalitler da'wirinde ma'mleket jeke h'u'kimdar ta'repinen basqarılg'an. Ma'mleket basqarıw tipi konfederativ patshalıq bolıp, basqarıw forması sheklengen monarxiya bolg'an. Taxt miyrasxorın anıqlap usınıs etetug'ın ken'es bolg'an. Bul ken'es dinastiyanın' abıraylı wa'killeri, a'mirler, iri arkonlardan ibarat bolg'an. En' a'h'miyetlisi Eftalitler da'wirinde ma'mleket nızamlar tiykarında basqarılıp, bul tu'rkiy tu'zu'klerden ibarat bolg'an. Ulken aymaqtı

iyelegen bul ma'mlekette ayırım u'lken walayatlar jergilikli dinastiyalar ta'repinen basqarılg'an. Eftalitler a'rmiyası u'lken ku'shke iye bolg'an. A'ckeriy qural-jaraqlardan gu'rzi, oq-jay h'a'm tiykarg'ısı qılısh a'h'miyetli orın tutqan. A'rmiyanın' tiykarın atlı a'skerler qurag'an.

V a'sirde Sasaniyler h'a'm Eftalitler ma'mleketi ortasındag'ı urıslarda Eftalitler a'rmiyasının' jen'iwi olardın' a'skeriy sheberliginin' joqarı da'rejede ekenliginen derek beredi. Casaniylerdin' shıg'ısqa ju'risleri Eftalitlerdin' qarsılıg'ı sebepli toqtadı. Olar İran patshalarının' ishki siyasatına da aralasıp turdı, h'a'tte shah'lardan birin saylaw h'a'm tayınlaw ma'selesin sheshiw olardın' qolında bolg'an. İran ma'mleketi h'a'r jılı eftalitlerge salıq to'lep turg'an. Eftalitler ma'mleketinin' paytaxtı h'aqqında anıq mag'lıwmatlar joq. Bunday oray Poykan (Baykent) yaki Balx bolg'an degen shamalawlar bar.

Eftalitlerdin' siyasiy orayı Paykend yamasa Balx bolg'an dep shamalanadı. Ma'mlekettin' basında patsha turg'an. Adamlar tiykarınan qalalarda jasag'an. Vizantiyalıq avtor Prokopiydin' juwmaqlarına ko're, eftal patshaları ju'rgizgen siyasat Vizantiya yaki parsı patshaları ju'rgizgen a'dil siyasattan kem bolmag'an. Eftalitler ma'mleketi aymag'ındag'ı Kushaniya (Kattaqorg'an janında), Rivdad, Paykent, Samarqand, Termiz, Gurgon, Varaxsha sıyaqlı qalalar u'lken a'h'miyetke iye bolg'an. Bul da'wirde ja'miyette jerge iyelik mu'na'sa'betleri qa'liplesip atırg'an bolsa da, qullar miynetinen paydalanıw dawam etken. Ulken jerlerdi iyelep alg'anlar diyqan dep atalg'an. “Diyqan” awıl h'a'kimi ma'nisin an'latqan. O'zinin' kishirek jerinde xojalıq ju'rgizgenler kashovarzlar, jerinen ayırılıp diyqan xojalıqlarında jallanıp islep atırg'anlar kediverler dep atalg'an.

Eftalitlerdin' bir bo'limi ko'shpeli bolıp, sharwashılıq penen shug'ıllang'an bolsa, tiykarg'ı bo'limi qala h'a'm awıllarda jasaytug'ın otırıqshı xalıq bolg'an. Ko'pg'ana aymaqlarda, sonın' ishinde, Kashqada'rya h'a'm Zarafshan alaplarında g'a'lleden tısqarı salı da jetistirilgen. Sonday-aq, ko'plep g'oza egilgen h'a'm Oraylıq Aziyanın' paxtası Kıtayda da belgili bolg'an. Jılqıshılıq penen shug'ıllang'an xalıq tiykarınan taw h'a'm taw aldı jerlerinde jasag'an, na'sillik atlar Ferg'ana alabında ko'beytilgen. Diyqanshılıq oazislerinde Eftalitlerdin' V-VI

a’sirlerde otırıqshılasıwı ku’sheyedi h’a’m suwg’arma jerlerge talap artadı. Ha’zirgi waqıtta da bar bolg’an Zog’arıq, Bozsuw, Darg’am kanalları V a’sirde qazılg’an en’ iri suwg’arıw tarmaqlarınan bolg’an.

Usı da’wir arxitekturasında qorg’anlar qurılısı, a’sirese, a’h’miyetli bolg’an. Bul qorg’anlar 2 qabatlı, joqarısı tegis, gu’mbez sıyaqlı yaki arka sıyaqlı etip jabılg’an birneshe bo’lmeden ibarat bolg’an. Saray h’a’m qorg’anlar qurılısında V a’sirden baslap pisken gerbishler isletile baslang’an. Eftalitler arxitekturasının’ a’ja’yıp u’lgilerinen biri Buxara janındag’ı Varaxsha sarayı bolıp, ol buxarxudatlardın’ VI-VII a’sirlerdegi rezidentsiyası bolg’an. Eftalitler da’wirinde o’nermentshiliktin’ gu’lalshılıq, shiyshesazlıq, terige islew beriw, zergerlik, quralsazlıq sıyaqlı tu’rleri jaqsı rawajlang’an. Shashta jasalg’an oq-jay “kamoki chochiy” atı menen belgili bolg’an. Eftalitler İran, Vizantiya, Hindstan, Qıtay sıyaqlı ma’mleketler menen elshilik, sawda-satıq baylanısların alıp barg’an. Ma’selen, 456-jılda Eftalitler Qıtayg’a o’z elshilerin jibergenligi dereklerde ko’rsetilgen.

V-VI a’sirlerde diniy isenim h’a’m tu’sinikleri menen baylanıslı bolg’an gu’lal h’a’ykelshelerdi islew h’a’m olarg’a sıyınıw ken’ tarqaldı. Eftalitler ma’mleketinde tu’rli diniy isenimler bolg’an. Sogdta zardushtiylik ken’ tarqalg’an, Toxarstan h’a’m Shıg’ıs Tu’rkstanda bolsa buddawiylikke sıyınıwshılar ko’p bolg’an. V-VI a’sirlerde Eftalitler 100 jıldan artıq h’u’kimranlıq qıldı. Biraq 563-567-jıllarda tu’rk qag’anları ta’repinen berilgen soqqıdan son’ a’zzilep qag’anlıq ta’sirine tu’sip qaldı.

VI a’sir ortalarında Altayda Tu’rk qag’anlıg’ı du’zildi. Ma’mlekettin’ tiykarshıları Ashina urıwınan bolg’an Asan h’a’m Tuwlar tu’rkiy qa’wimler awqamın du’zgen. Tuudın’ ulı Bumin 551-jılda Oraylıq Aziyada en’ ku’shli esaplang’an jurjanlar xanın jen’ip, Tu’rk qag’anlıg’ı ma’mleketine tiykar saldı. Qag’anlıqta birinshi h’u’kimdar Bumin bolıp, ol taxtqa İli qag’an atı menen otırdı. 553-572-jıllarda h’u’kimranlıq qılg’an Mugan qag’an da’wirinde qag’anlıq Oraylıq Aziyada h’u’kimranlıqtı o’z qolına aldı. Usı da’wirde tu’rklerdin’ batısta jurjan qa’wimleri h’a’m eftalitlerge qarsı belsendi a’skeriy h’a’reketleri baslandı. 552-

555-jıllarda Buminnin' inisi İstemi "On tuman a'rmiyası" nın' a'skerbasısı bolıp, batıs jerlerdi o'zine boysındıra baslag'an edi.

Qag'anlıq sol da'wirdin' en' iri ma'mleketleri Vizantiya, Sasaniyler İranı, Qıtaydın' siyasıy h'a'm ekonomikalıq mu'na'sa'betler sistemasına qosıldı h'a'm Ullı jipek jolı u'stinen qadag'alaw ornatıw ushın gu'rese basladı. Tu'rk qag'anlıg'ı u'zliksiz urıslar h'a'm o'z-ara ishki gu'resler aqıbetinde 581-603-jıllar aralıg'ında eki bo'limge Shıg'ıs h'a'm Batıs tu'rk qag'anlıqlarına bo'linip ketti.

Batıs qag'anlıq quramına Jetisuw, Chu alabı, İrtish, İshim da'ryaları boyındag'ı jerler, Orta Aziyadag'ı yarım g'a'rezsiz ma'mleketler qosıp alıng'an edi. 630-632-jıllarg'a kelip Batıs qag'anlıq o'z rawajlanıwının' shoqqısına jetti. Batıs qag'anlıqta İstemi yavg'udın' ulı Qara Shurin qag'an boldı. Ol isbilermen h'a'm aqıllı h'u'kimdar edi. Biraq, onnan keyingi altı qag'an da'wirinde ma'mlekettegi jag'day keskinlesti, xalıq qozg'alan'ları baslandı. 585-586-jıllardag'ı Abruy basshılıg'ındag'ı qozg'alan' bug'an mısal bola aladı. 618-jılı Batıs tu'rk qag'anı Sheguy o'liminen son' taxtqa otırg'an Tun yabg'u da'wirinde qag'anlıq ja'ne o'z qa'ddin biraz tiklep aldı. Ol 12 jır ishinde Batıs qag'anlıqtı ku'sheytti. Onın' da'wirinde basqarıw ta'rtipleri reforma etildi.

A'yyemgi tu'rklerdin' tu'sinigine ko're, ma'mleketshilikti o'zinde sa'wlelendiriwshi shaxs qag'an yaki onın' dinastiyası bolg'an. Qag'an u'sh ku'shke tayanatug'ın edi. Bular Aspan Ta'n'risi qa'lewi, jer-suw ku'shi, tu'rk xalqının' xızmeti edi. Qag'annın' h'ayalı xotun atag'ına iye bolg'an.

Taxt miyrasxorlıg'ı ta'rtibine ko're, taxt a'keden balag'a emes, ag'adan inige, kishi a'mekiden u'lken dayısına miyras qalatug'ın edi. Shah'zadalar o'zlerinin' h'u'kimdarlıq na'wbetlerin ku'tip, og'an shekem o'zlerine berilgen ulıslarda h'a'kimlik qılatug'ın edi. Ha'kimiyattı h'u'kimran dinastiya wa'kili qolında ja'mlew a'deti Oraylıq Aziya ma'mleketlerinde basqarıwdın' da'stu'riy usılı bolıp, ol eki jaqlama na'tiyje beretug'ın edi. Bir ta'repten ko'shpeli sharwashılıq h'u'kimran bolg'an sharayatlarda basqarıwdın' h'a'm qorg'anıwdın' turaqlılıg'ın ta'miyinlese, ekinshi ta'repten dinastiyanın' o'z ishinde de salıstırmalı tınıshlıqqa erisiler edi.

Ma'mlekettin' tiykarın jer menen xalıq quraytug'ın edi. Qag'anlıq ma'mleketshiliktin'n' g'a'rezsiz h'a'm da'stu'riy Orta Aziya formaların rawajlandırdı. Ma'mleketti basqarıwda qag'ang'a onın' tuwısqanları, h'u'kimran dinastiya ag'zaları h'a'm olar ta'repinen jaratılg'an basqarıw apparatı ja'rdem beretug'ın edi. Qag'annın' tuwısqanları h'a'm ag'a-inilerine tegin atag'ı berilgen. Ma'mlekette tu'rli lawazımlar bolıp, olardan besewi joqarı lawazım esaplang'an: yabg'u, shad, teginler, eltabarlar, tudunlar. Barlıq lawazımlar miyras etip qaldırılg'an. Tudunlar boysındırılg'anlar u'stinen qadag'alaw h'a'm salıqlar jıynaw wazıypası menen shug'ıllang'an.

Tu'rk ma'mleketi jeterli da'rejede islep shıg'ılg'an jınayıy nızamshılıqqa iye bolg'an. Jazanın'n' tiykarg'ı tu'rlerine o'lim jazası, kompozitsiya yag'nıy salıq to'lew, talion kirgen. O'lim jazası ma'mleketke qarsı jınayatlar ushın (qozg'alan' ko'teriw, satqınlıq h'.t.b) h'a'm adam o'ltirgenlik ushın berilgen. Adam o'ltirgenlik ushın o'ltiriw yaki qanday da bir ag'zasın kesip taslaw talion delinedi. Shaxsqa qarsı qaratılg'an basqa jınayatlar kompozitsiya yag'nıy jetkerilgen zıyandı on ese etip qaplaw, salıq to'lew sıyaqlı usıllar qollanılg'an. Qag'anlıqta xalıq h'a'm a'rmiyanın' bo'liniwinde onlıq sisteması bar edi. Olar arasında jeke saqshılar h'a'm qag'annın' zirxli gvardiyası ajıralıp turatug'ın edi. 10, 20 h'a'm 40 kisilik ayrıqsha bo'limler shad yaki yabg'u basshılıg'ında bolg'an. A'rmiyada xızmet qılıw ma'jbu'riy esaplang'an. Ma'mleket a'dette 100 mın' kisilik a'rmiya jıynaw qu'diretine iye bolg'an. VII a'sir ortalarına kelip qag'anlıq a'zzilep birneshe bo'limlerge bo'linip ketti. Bul jag'daydan Qıtaydın' Tan dinastiyası paydalanıp, Orta Aziya jerlerine birneshe ma'rte sug'ılıp kiriwge h'a'reket etken. Qag'anlıq u'lken aymaqta tınıshlıqtı saqlawg'a erisken, boysındırılg'an xalıqlardın' ishki islerine aralaspag'an, olardın' xojalıq, sawda-satıq, ma'deniyat tarawlarındag'ı xızmetine tosqınlıq etpegen. Boysındırılg'an jergilikli xalıqlar o'z sotsiallıq du'zilmelerin saqlap, bul du'zilmeler u'stinen nayıp-tutuk qadag'alap turg'an.

Tu'rk qag'anlıg'ındag'ı xalıqlar rawajlanıwdın'n' h'a'r qıylı basqıshında edi. Olardın' bir bo'limi VI-VII a'sirlerde otawlarda jasag'an h'a'm to'rt do'n'gelekli

arbalarda ko'ship ju'rgen. Ma'mlekette diyqanshılıq, bag'shılıq, qalalarda qurılıs, o'nermentshilik, sawda-satıq rawajlang'an. Tu'rkler jasag'an qural-jaraqlar, zeb-ziynet buyımları h'a'r tu'rliligi, puxtalıg'ı menen ajıralıp turg'an. Ullı jipek jolı na'tiyjeli dawam etip, qag'anlıq ma'mleketinin' tiykarg'ı sawda sherikleri İran, Qıtay, Hindstan, Vizantiya bolg'an. Ko'rkem-o'ner de rawajlang'an. Mu'sinshilik, oymashılıq, nag'ıs salıwshılıq, muzıka, ayaq oyın tu'rleri rawpjlang'an.

Qurılıs isleri, suwg'arıw qurılmaları, qorg'anlar, qalalar qurıwg'a itibar asadı. Ko'p qa'wimler birden-bir quday Ta'n'rige sıyınıp, og'an qurbanlıq keltirgen. Olar ruh' ma'n'giligine, o du'nya barlıg'ına isengen. Xalıq arasında buddawiylik, xristianlıq h'.b dinler de tarqalg'an. Xalıq seyilleri arasında Nawrız ju'da' u'lken ko'lemde belgilengen. Qag'anlıqta oromiy, sogd, xorezm jazıwı menen bir qatarda "Tu'rkiy run jazıwı", "Orxon-Enisey jazıwı", "Ko'k-Tu'rk jazıwı" sıyaqlı jazıwlar qollanılg'an. Bul jazıwlar h'aqqında tolıg'ıraq mag'lıwmattı prof N.Rah'manovtın' shıg'armasınan alıw mu'mkin.

Orta Aziyanın'n' Tu'rk qag'anlıg'ı quramında bolıwı unamlı a'h'miyetke iye edi. Ol tu'rkiy qa'wimlerdin' birlesiwine xızmet qıldı, bir qatar tu'rkiy xalıqlardın' qa'liplesiwine tiykar saldı. Qag'anlıq a'skeriy qu'diretliligi sebepli Qıtay h'a'm İrannın' Orta Aziyag'a sug'ılıp kiriwine jol qoymadı, u'lken ma'mleket birlespelerinin' du'ziliwi o'nermentshilik h'a'm sawdanın' rawajlanıwı ushın qolay imkaniyat jarattı.

VII-VIII a'sirlerde oraylasqan Arab xalifalıg'ı Mısr, Siriya, Palestina, İrak, Vizantiya, İrandı boysındırıp, ku'shli imperiyag'a aylandı. Xalifalıq Orta Aziya jerlerine de jetip keldi. Arablar A'miwda'rya (Jayh'un)nıң arqasında jaylasqan jerlerge "Mawanawnnaxr" yag'nıy "da'ryanın' artındag'ı jerler " de at beredi. Ha'zirgi Awganstannın' arqası, İrannın' arqa-shıg'ısı h'a'mde Qubla Tu'rkmenstannan tap A'miwda'ryag'a shekem bolg'an jerler Xorasan dep ju'ritilgen. Da'slep Xorasannın' oraylıq qalası Marı, keyin Gerat qalası bolg'an.

Arablardın' Mawanawnnaxrg'a qarsı a'skeriy ju'risleri o'z maqset h'a'm rejeleri menen ekige bo'linedi. 1-da'uirde xalifalıq basıp alıwdı emes, ba'lki a'skeriy jaqtan tayarlıq ko'riw, jergilikli h'u'kimdarlardı sınap ko'riw,

geografiyalıq, a’skeriy, ekonomikalıq, siyasiy jaylasıwın u’yreniw, kishi ju’risler arqalı oljalar arttırıw rejesin a’melge asıradı. Bul da’wir 650-704-jıllardı o’z ishine aladı. Xalifa Abdumalik ibn Marvan (685-705) da’wirinde ishki kelispewshiliklerge sheek qoyılg’annan keyin g’ana arab siyasiy iskerleri h’a’m aqsu’yekleri Mawanawnnaxrg’a a’skeriy ju’ris waqtı keldi dep esaplaydı. Jan’adan tayınlang’an Xorasan nayıbı Ku’teyba ibn Mu’slimge Mawanawnnaxrdı pu’tkilley iyelew tapsırıladı.

Oraylıq Aziyadag’ı siyasiy pıtıran’qılıq h’a’m kishi ma’mleketler ortasındag’ı kelispewshilikler Ku’teybag’a qol keldi. Ol a’skeriy ju’rislerin 705-jılı Balx walayatın basıp alıwdan baslaydı. Bul ju’ris penen arablardıң Mawanawnnaxrg’a 2-tiykarg’ı a’skeriy h’a’reketi baslandı. Balxtan tısqarı Ku’teybag’a Shag’aniyan, Shuman, Oraylıq Aziyadag’ı kishi walayatlar boysınatug’ın edi. 706-jılı Ku’teyba u’lken a’rmiya menen Mawanawnnaxrg’a kirip keldi. Tariyxshı Tabariydıң mag’lıwmatına ko’re, Ku’teyba abad h’a’m bay qalalardan biri Paykentke ju’ris qıldı h’a’m awır urıslardan son’ iyeledi. 708-709-jıllarda Ku’teyba Buxarag’a birneshe ma’rte ju’ris qılıp iyeledi. Son’ Xorezm h’a’m Samarqandtı o’zine boysındırdı.

Kuteyba 713-jılı Shash jerlerin iyeleydi. Ustrushanada sheshiwshi urıslar alıp barıp, Xojend h’a’m Kosondı boysındırdı. Kuteyba 714-715-jıllar basında Qashqarg’a shekem bolg’an jerlerdi qolg’a kirgizdi. Sol jılı Arab xalifası Volid qaytıs boladı. Xalifalıq taxtına Sulayman ibn Abdumalik otıradı. Kuteyba Sulaymang’a qarata dushpanlıq keypiyatında bolıp onı qollamaytug’ın edi. Kuteyba onın’ taxtqa shıg’ıwınan narazı bolıp qozg’alan’ ko’teredi. Qozg’alan’ bastırılıp, Kuteyba 715-jılı Ferg’anada o’ltiriledi.

Orta Aziya basıp alıng’anınan so n’ bul aymaqlardı basqarıw orayı Marv qalası bolıp qalg’an edi. Bul jerde xalifalıq nayıbı turg’an h’a’m ol Mawanawnnaxr, Xorasandı basqarg’an. Diyqanlar xalifalıq nayıbının’ jergilmkli xalıq arasınan bolg’an wa’kiline boysıng’an. Bunday kisiler a’mir atag’ına iye esaplang’an.

Xalifa ma’mleketti basqarıwda wa’zir ul-vuzaro (ullı wa’zir) g’a su’yengen.

A'skeriy isler, a'rmiya a'mir ul-umaro qol astında bolg'an. Xalifa tu'rli ma'selelerdi devon ad-dar, yag'nıy keneste ko'rip shıg'atug'ın edi. Devon ad-dar u'sh tiykarg'ı devong'a bo'lingen, olar devon al-mashriq, devon al-magrib h'a'm devon al-xarajdan ibarat bolg'an. Mawanawnnaxrg'a tiyisli ma'seleler devon al-mashriqta sheshilgen. Diyqanlar arasında jer-mu'lik, jeke u'y-jay h'a'm qorg'anlar ma'selesinde kelispewshilikler, ja'njeller shıqsa onı xalifa sheshetug'ın edi. Ha'rbir h'uqıqıy mashqala nızam-qag'ıydalarg'a tiykar ko'rip shıg'ılg'an. İslam h'uqıqtanıwshılıg'ının' tiykarın sha'riyat qurag'an. Sha'riyat tiykarınan to'mendegi dereklerge su'yenedi:

1. Quranı Karim – musılmanlardın' muxaddes kitabı
2. Ha'disi Sharif – Muxammed payg'ambardın' na'siyatları, ko'rsetpeleri, xızmeti menen baylanıslı a'dep-ikramlılıq h'uqıqıy normalar
3. Xalifalardın' a'dil qararları, pa'rmanları
4. Ja'miyette belgili, abıraylı musılman h'uqıqtanıwshılarının' tu'rli sorawlarg'a juwapları, usınısları

Joqarıdag'ı a'h'miyetli derekler qatarında sha'riyatta u'rp-a'detler menen de esaplasılg'an. Olar tu'rli xalıqlarda h'a'r qıylı bolıwı sebepli, olar sha'riyat tiykarlarına mass h'alda qabıl etilgen. Orta Aziya xalıqlarının' zardu'shtiylik da'wirinen saqlanıp qalg'an ma'resimleri, toylardag'ı ayırım u'rp-a'detler, bayramlar h'a'm sog'an uqsas da'stu'rler islam dini menen muwapıqlastırılg'an.

İslam dininde fatvo ataması ken' qollanılıp, ol islam nızamtanıwshı joqarı ma'rtebeli h'a'm abıraylı shaxslardın', du'nyalıq h'u'kimdarlardın' qararları h'a'm pa'rmanların jazba tu'rde tastıyıqlawdı an'latqan.

Ekonomikalıq turmıstı o'z qollarınan shıg'armaslıq maqsetinde arablar bul jerde Samaniyler ta'rtibindegi salıq sistemasın engizdi. Bul sistemag'a jer salıg'ı – xiraj, sharwa, o'nermentshilikb sawda-satıqtan – zakat, islamdı qabıl etpegenlerden alınatug'ın jiziya salıg'ı qosıldı. Mawanawnnaxrdın' xiraj to'lewshi miynetkeshleri "xarros" ataması menen atalg'an. Salıq jıynawshılar "amil" dep atalg'an. Bag'dadtan arnawlı salıq jıynawshı Buxarag'a kelip salıqlardı o'zi jıynap alıp ketken. Salıqlar pul yaki o'nim formasında to'lep turılg'an. Xiraj g'a'ziynege

tu’setug’ın da’ramadtın’ tiykarın qurag’an.

Xalifalıq da’wirinde mu’likshilikti belgilewshi normalar Orta Aziyag’a da tiyisli edi. Jerdin’ h’uqıqıy tiykarları to’mendegi ta’rtipte qa’liplesti:

1. Waqım (vaxf) – meshit, medrese-mektep, muxaddes orınlar ushın ajıratılg’an mu’lik bolıp, olar salıqtan azat etilgen.

2. Mu’lik – jeke jer iyelerine tiyisli jerler.

3. İqta – xızmeti ushın berigen waqıtsha jerler.

Salıq o’ndiriw awır keshken. Salıq jıynawshılardın’ o’zbasımshalıqları, urıslar, ta’biyat ınjıqlıqlarınan zıyan ko’rgen ko’p bo’liminin’ wayran bolıwına alıp kelgen. Salıq jıynaw h’a’m xalifalıq g’a’ziynesin toltırıwdın’ ja’ne bir usılı – bul islamdı qabıl etpegenlerden alınatug’ın jan salıg’ı h’a’m xiraj bolg’an. Qozg’alan’ ko’tergen yaki qozg’alan’da qatnasqan xalıqtın’ mu’likleri tartıp alınatug’ın, o’zleri o’ltiriletug’ın bolg’an, olar jaylasqan jerler bolsa iqta formasında a’skerler h’a’m h’a’meldarlarg’a bo’lip beriletug’ın edi. Arablar alıp barıp atırg’an bunday siyasatqa qarsı ko’plep xalıq azatlıq h’a’reketleri bolıp o’tti. Gurak, Devashtich, Mukanna basshılıg’ındag’ı xalıq azatlıq h’a’reketleri usılar qatarınan. 720-722-jıllarda Samarqand ixshidi Gurak h’a’m Panjikent h’a’kimi Devashtich basshılıg’ında Sogdiyana xalqı bas ko’terip shıqtı. Awır gu’reslerden soң Xorasan nayıbı Sayd ibn Amir al-Xarashiy qozg’alan’dı bastırdı.

723-jılda Ferg’anada qozg’alan’ ko’terildi. Onı Shash, Nasaf h’.b aymaqlardın’ xalqı qollap-quwatladı. 725-729-jıllarda Samarqand, Buxara, Xuttalon xalqı bas ko’terdi. Awır awh’alg’a tu’sip qalg’an basqınshılar Xorasan h’a’m Mawanawnnaxr nayıpların birneshe ma’rtebe o’zgertiwge ma’jbu’r boldı. VIII a’sirdin’ 70-80-jıllarında arablarg’a qarsı Ha’shim ibn Ha’kim – Mukanna (nıqaplı) basshılıg’ında qozg’alan’ bolıp o’tti. Tariyxta bul qozg’alan’ “Aq kiyimliler” qozg’alan’ı depte ju’ritiledi.

Qozg’alan’nın’ orayı Kesh jaqınındag’ı Som (Sanam) qorg’anı bolg’an. Bul h’a’reket Qashqada’ryada baslanıp pu’tkil Orta Aziyag’a tarqaldı. Qozg’alan’ shılar 10 jıl dawamında qozg’alan’dı bastırıw ushın jiberilgen arab a’skerlerine qarsı ten’siz urıslar alıp bardı. Gu’restin’ aqırg’ı sheshiwshi basqıshı Kesh

alabındag'ı tawlar arasında bolıp o'tti. Som qorg'anı uzaq qamal etildi. Na'tiyjede din'kesi qurıg'an xalıq ta'slim bolıwg'a ma'jbu'r boldı. Sol ta'rizde qozg'alan' bastırıldı.

VIII a'sirdiң ortalarına kelip Mawanawnnaxr aymag'ında siyasiy basqarıw arab xalifalıg'ı siyasiy sistemasına maslastırılg'an edi. Sogdiyanada buxarxudatlar h'.b h'u'kimdarlardın' qol astındag'ı h'a'kimshilik basqarıw usılı o'z formasın saqlap qalg'an bolıwına qaramastan h'a'kimlerdin' xalifa nayıbına boysınıwları sha'rt edi. Sol ta'rizde arablar Mawanawnnaxr siyasiy sisteması h'a'm diniy isenimin o'z ta'sirine aldı.

VIII a'sir aqırlırı – IX a'sir baslarında Arab xalifalıg'ının' siyasiy qıyın awh'alg'a tu'sip qalıwı Orta Aziyada g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' du'ziliwine qolay sharayatlar jarattı. Bunday ma'mleketler da'slep Mawanawnnaxrdın' arqa h'a'm arqa-shıg'ıs aymaqlarında xalifalıqqa boysındırılmag'an u'lkelerde ju'zege keldi. Solardan biri Qarluqlar, ekinshisi Og'uzlar ma'mleketi edi. IX a'sir baslarında xalifa Xorun ar-Rashid o'liminen keyin arablar boysındırg'an ma'mleketler izbe-iz g'a'rezsizlikke erise basladı. Bul protses Mawanawnnaxr h'a'm Xorasanda da baslandı. Ӯlkede h'u'kimranlıq qılg'an Tah'iriyler dinastiyası da'wirinde (840-860) g'a'rezsiz ma'mleketke aylanıwda da'slepki na'tiyjelerge erisildi. 860-870-jıllarda bolsa Samaniyler dinastiyasınan bolg'an ag'a-ini Nasr h'a'm İsmail ibn Axmedler sebepli tolıq g'a'rezsizlikke eristi.

Samaniyler g'a'rezsiz ma'mleket jaratıw ushın da'slep, ku'shli oraylasqan h'a'kimiyat du'ziw kerek ekenligin jaqsı tu'sinetug'ın edi. Nasr h'a'm Ismayıl ortasında h'a'kimiyat ushın gu'res ku'sheyip, 888-jılda Ismayıl ag'ası u'stinen u'zil-kesil jen'iske eristi. 892-jıldan baslap Ismayıl Samaniy Mawanawnnaxrdın' birden-bir h'u'kimdarına aylandı. Ismayıl Samaniy o'z da'wirinin' qa'biletli, g'ayratlı, ziyrek ma'mleketlik iskerlerinen bolıp, Mawanawnnaxr aymag'ında iri oraylasqan ma'mleketke tiykar saldı. Ol o'z ma'mleketine qa'wip salıp turg'an ko'shpeliler u'stine 893-jılda ju'ris qılıp, Taraz qalasın iyelep, arqadan bolatug'ın h'u'jimlerge sheek qoydı. Ku'sheyip baratırg'an h'a'm g'a'rezsizlikke umtılıp atırg'an Ismayıl Samaniy siyasatı Arab xalifalıg'ın ta'shwishke salıp qoydı. Sol

sebepli xalifa Mutazid Samanıy menen Xorasan nayıbı Amir ibn Laystı urıstırıp, o’z maqsetine erispekshi boldı. 900-jılda sheshiwshi urısta Ismayıl Amir ibn Laystı jen’ip, Xorasandı da o’zine qosıp aladı. Na’tiyjede xalifa Samaniy ma’mleketin ta’n alıp, og’an h’u’kimdarlıq jarlıg’ın jiberiwge ma’jbu’r boldı. Sol ta’rizde IX a’sir aqırlarında Mawanawnnaxr Arab xalifalıg’ı h’u’kimranlıg’ınan qutıldı.
İslam dini ulıwmalıq din bolıp, regionda tiykarg’ı isenimge aylanıp bardı. Samaniyler da’wirinde oraylıq h’a’m wa’layatlar basqarıw sisteması
Ismayıl Samaniy da’wirinde u’zil-kesil qarar taptı. Ol ma’mleket basqarıwın jetilistiriw maqsetinde birqatar reformalar o’tkerdi. Ma’mleket basqarıwın sho’lkemlestiriw h’a’m jetilistiriwde dana wa’zirler Abdulla Muh’ammed Jayh’aniy h’a’m Abu Fazl Balamiylerdin’ xızmeti u’lken boldı.

Samaniyler “İsmoiliy”, ”Muh’ammadiy”, ”Gitrifiy” atları menen birneshe gu’mis ten’geler shıg’arg’an. Samaniyler ma’mleketi jer iyeligine tiykarlang’anlıg’ı sebepli ondag’ı mu’lkiy bo’liniwde tu’rli formalarg’a iye bolg’an. Olar to’mendegiler:

1. Mu’lki sultaniy – sultang’a (a’mir) tiyisli jerler. Onnan tu’setu’g’ın da’ra’matlar a’mir g’a’ziynesine o’tkeriletug’ın edi.
2. Mu’lik jerler – jeke mu’lik iyeleri. Ol tiykarınan h’u’kimran dinastiya wa’killeri h’a’m joqarı qatlam wa’killerine tiyisli jerler.
3. Vaqf jerleri - meshit, medrese h’a’m basqa diniy mekemeler ıqtıyarındag’ı jerler. Olardan keletug’ın barlıq da’ra’madlar musılman ruwxaniyleri ma’pleri ushın sarıplang’an. Bunday jerler salıq to’lewden derlik yaki pu’tkilley azat etilgen.

Samaniyler da’wirinde de a’piwayı xalıq tu’rli salıq h’a’m to’lemlerdi to’lewden tısqarı ko’plep ma’jbu’riyatlardı orınlag’an. Suw qurılmaların tazalaw, on’law, tog’anlar, ko’pirler, jollar qurıw solar qatarınan esaplanadı. Awıllarda jersiz miynetkeshler kediverler, ijarashı bolıp islewshiler barzikarlar dep atalg’an. İri mu’likdarlar usı karandalar, jallanıp islewshiler miynetinen ken’ paydalang’an. Oraylasqan ma’mlekettegi siyasıy turaqlılıq ja’miyet turmısının’ tu’rli tarawlarının’ rawajlanıwına ta’sir ko’rsetti. Bul jerdegi qalalar qısqa mu’ddet

ishinde musılman shıg'ısının' h'a'rta'repleme rawajlang'an iri qalalarına aylandı. Bul bolsa o'z na'wbetinde ma'mlekettin' sotsiallıq-ekonomikalıq, ma'deniy turmısındı u'lken a'h'miyetke iye boldı.

Samaniyler ma'mleketi qansha ku'shli bolıp ko'rinse de, biraq ol barlıq sotsiallıq kelispewshiliklerdi sheshe almadı. Samaniyler ma'mleketi ishindegi o'z-ara kelispewshiliklerdin' ku'sheyip barıwı, kambag'al qatlamlar h'a'm jersiz xalıqtın' qozg'alan'ları onın' a'zzilewine alıp keldi. Na'tiyjede X a'sir aqırına kelip bull aymaqta Qaraxaniylerden ibarat jan'a dinastiyanın' h'u'kimranlıg'ı baslandı h'a'm bekkemlenip bardı.

X a'sir ortalarında Jetisuw h'a'm Qashqar aymag'ında jasawshı qarluq, chigil, yag'ma qa'wimlerinin' birlesiw protsesi jan'a basqıshqa ko'terildi. Qarluqlar ma'deniy rawajlanıwda basqa qa'wimlerden joqarı turg'an. Qaraxaniyler ma'mleketinin' ju'zege keliwinde chigillar, tuxsilar, arg'unlar, yag'malar, tu'rgeshler, qıpshaqlar, og'uzlar, qırg'ızlar sıyaqlı qa'wimler a'h'miyetli rol oynag'an. Bul ma'mleketke yag'mo urıwınan shıqqan, o'z qa'wimi menen islam dinin qabıl etken Sotux Abdulkarim Karaxan (Bugraxan) tiykar salg'an. "Qara" a'yyemgi tu'rkiy tilde "ullılıq" ma'nisin an'latqan.

X a'sir aqırına kelip siyasiy jaqtan ku'sheygen, a'skeriy qu'diretke iye bolg'an Qaraxaniyler ma'mleketi Mawanawnnaxr shegaraları ta'repke ju'ris baslaydı. Bul da'wirde Samaniyler ma'mleketi a'zzilep qalg'an edi. Na'tiyjede 999-jılg'a kelip Buxara Qaraxaniyler ta'repinen iyelendi. 1001-jılda Maxmud G'aznawiy menen du'zilgen sha'rtnamag'a ko're, A'miwda'ryanın' arqasındag'ı barlıq jerler Qaraxaniylerdin' qolına o'tti. Sol ta'rizde Samaniyler ma'mleketi ornında Qaraxaniyler h'a'm G'aznawiyler ma'mleketi payda boldı.

Qaraxaniyler Mawanawnnaxrdı (pu'tkil Orta Aziyanı) iyelewleri na'tiyjesinde bul jerdegi siyasiy, sotsiallıq h'a'm ekonomikalıq turmısta u'lken o'zgerisler ju'z berdi. Samaniyler da'wirinde ju'zege kelgen oraylasqan ma'mleket ornında ma'mleketti udel sisteması (ayırım walayatlarg'a bo'lingen sistema) tiykarında basqarıw ornatıldı. Qashqardan
A'miwda'ryag'a shekem sozılg'an u'lken aymaq birneshe walayatlarg'a bo'lingen

edi. Mawanawnnaxr walayatlarının' paytaxtı Samarqand, Ferg'ananın' paytaxtı bolsa O'zgen bolıp, bas qag'an Qashqarda turatug'ın edi. Sonday
u'lken aymaqtag'ı barlıq jerler Qaraxaniyler dinastiyasının' jeke mu'lki bolıp, onın' to'besinde ullı xan turg'an. Dinastiya baslıg'ı "xanlar xanı" yaki "sultanlar sultanı" atı menen ju'ritilgen. Ra'smiy tu'rde bull Tamgachxan dep atalg'an.

Udeller (walayatlar) di Qaraxaniyler dinastiyasının' wa'killeri basqarg'an. Ma'selen, Sharafuddin atlı Tamgachxan walayatlardı ag'a-inileri, ulları, tuwısqanlarına bo'lip bergen, o'zi bolsa tikkeley Qashqar h'a'm Balasug'undı basqarg'an. Ma'mleket basqarıwında dinastiya miyrasxorlılıg'ı saqlanıp qalg'an. Biraq, "xanlar xanı" (Tamgachxan) menen walayat xanları (ilakxanlar) ortasındag'ı baylanıslar bekkem bolmag'an.

Qaraxaniyler ma'mleketi baslıg'ı lawazımı – qag'an taxtı miyraslıq esaplang'an. Ha'kimshilik mekemeler ekige bo'lingen: Dargoh' h'a'm devong'a. Qag'annın' ullı h'ajibi qag'an menen puxara ortasında da'lda'lshılıq etken. Qag'an a'rmiyası Cherik delingen, og'an subashi yaki sipoh'solor basshılıq etken. A'rmiya onlıq, ju'zlik, mın'lıqlarg'a bo'lingen. Qag'an qasında h'a'mme waqıt 9 sarı bayraq jelbirep turg'an. Qag'anlıqta elshi yalawach yaki yalafar dep atalg'an. Tamgachxanlar o'z pulların shıg'arg'an. Bul pullar mıstan islengen ten'gelerden ibarat bolg'an.

Qag'anlıq aymaqları el, walayatlarg'a bo'lingen. El-jurt h'a'kimleri "İlakxan", walayat nayıpları "takin" dep ju'ritilgen. İlakxanlar o'z atları menen mıs ten'geler basıp shıg'aratug'ın, walayatlarının' g'a'rezsizligi ushın umtılatug'ın edi. Walayat basqarıw xa'kimshiliginde samaniyler da'wirindegidey soh'ibbaridler, mustavfiyler xızmet qılatug'ın edi. Qalalar h'a'm qala h'a'kimi, rais h'a'm muh'tasibler ta'repinen basqarılatug'ın edi. Ha'rbir xan g'a'rezsiz bolıwg'a umtılg'an, bul bolsa ma'mlekettin' a'zzilewine alıp keldi. İmamlar, saidler, sadrlar u'lken jenilliklerge iye bolg'an. Qaraxaniyler olardı h'u'rmet etip qollap-quwatlag'an.

Qaraxaniyler da'wirinde birqatar sotsiallıq o'zgerisler ju'z berdi. Olardın' tiykarg'ı tayanıshı bolg'an ko'shpeli sharwalardın' bir bo'limi diyqanshılıq penen

shug'ıllanıp otırıqshı turmısqa o'tti. Otırıqshı diyqan xalqı ortasında feodal mu'na'sa'betlerdin' rawajlanıwı tez pa't penen bardı, klaslıq qatlamlanıw protsesi ku'sheydi.

Aldın ja'miyette, ma'mlekette u'lken abırayg'a, jen'illikke iye bolg'an iri jer iyeleri (diyqanlar) Qaraxaniyler da'wirinde o'z jen'illiklerin jog'alttı, h'a'tte ko'pshiligi jerlerinen ayırılıp, a'piwayı xalıq da'rejesine tu'sip qaldı. Sol waqıttan baslap "diyqan" so'zi jerde islewshi a'piwayı qatlamg'a tiyisli bolıp qaldı. Ma'mleket ıqtıyarına o'tken diyqan jerleri a'skerler, ruwxaniyler h'.b qatlam wa'killerine xızmetleri esesine iqta formasında bo'lip berildi. Usı da'wirden baslap iri jer iyeleri "iqtadarlar" dep atala basladı. Qaraxaniyler da'wirinde aymag'ımızda tu'rklesiw protsesi yag'nıy tu'rkiy qa'wimlerdin', tu'rkiy tilinin' bul aymaqta jasap atırg'an shıg'ıs iran tilinde so'ylesiwshi qa'wimlerge, elatlarg'a ta'siri, tu'rkiy u'rp-a'detlerdin' jayılıwı, turmısqa kirip barıwı ku'sheydi. Qaraxaniyler da'wiri o'zbek, uyg'ır, qazaq, qırg'ız, tu'rkmen, qaraqalpaq h'.b tu'rkiy xalıqlardın' etnik qa'liplesiwinde a'h'miyetli basqısh boldı. Ma'mlekette diyqanshılıq, sharwashılıq, o'nermentshilik, arxitektura, ma'deniyat, ko'rkem-o'ner rawajlandı.

XI a'sirdin' 40-jıllarına kelip qaraxaniyler ortasındag'ı dinastiyalıq gu'resler aqıbetinde xanlıq ekige bo'linip ketti. Batıs qag'anlıq orayı Buxara bolıp, og'an Mawanawnnaxr h'a'm Ferg'ananın' batıs aymaqları kirgen. Shıg'ıs qag'anlıq orayı Balasug'un bolıp, og'an Talas, İsfsjab, Shash, Ferg'ananın' batıs aymaqları, Jetisuw, Qashqar jerleri kirgen. Qaraxaniylerdin' G'aznawiyler h'a'm Seljukiyler menen alıp barg'an urısları na'tiyjesinde ma'mleket ku'shsizlenip baradı. 1130-jılı Qaraxaniyler ma'mleketi seljukiy Sultan Sanjarg'a g'a'rezli bolıp qaldı. 1211-jılda bolsa Xorezmshah' Alaviddin Muh'ammed qaraxaniylerge son'g'ı soqqını berdi h'a'm Mawanawnnaxrda Qaraxaniyler dinastiyasın saplastırdı.

Qaraxaniyler mámleketiniń dúziliwi Orta Aziya territoriyasına túrk qáwimleriniń kóplep keliwine hám olardıń sońınan ósiwine jaǵday dúzip berdi. Olardıń arasınan ataqlı ásker basshılar shıqtı hám olar mámleketlik hákimiyat ushın baslı talabanlardıń biri boldı.

961-jılı Samaniy ámiri Abdul Maliktıń óliminen soń túrk qulı Alp-Tegin (Xorasandaǵı samaniy áskerleriniń basshısı) hákimiyattı iyelewge háreket isledi. Biraq bul maqseti iske aspay qalǵanınan keyin, ol áskerleriniń bir bólimi menen Gaznaǵa (shıǵıs Afganstan) ketti. Tez arada ol áskeriy talantı hám shólkemlestiriwshilik uqıbı menen kózge tusken túrk qulı Sebuk-Teginge názer awdaradı. Alp-Teginniń rekomendatsiyası menen samaniy hákimi Nux II (976-997) Sebuk-Tegindi Gaznanıń ámiri etip járiyalaydı. (977j. 20 apr.) Jańadan bolǵan ámir Xorasan namestnigi Abu-Alige qarsı gúreske Nux II ge járdemlesedi hám 994 j. Abu-Ali ústinen jeńiske erisedi. Bul xızmeti ushın oǵan ″dinniń hám derjavanıń qorǵawshısı″ húrmetli ataq beriledi hám onıń balası Maxmud Xorasan namestnigi etip tayınlanadı. Nátiyjede Ámiwdáryanıń túslik tárepindegi territoriya Sebuk-Tegin gaznaviyge tiyisli boldı. Sebuk-Teginniń balası Maxmud 998 jıldan baslap tolıq ǵárezsiz hákim boldı.

1017 jılı  Xorezmde saray awdarıspaǵı bolıp Xorezmshax Mamun óltiriledi hám onıń ornına 17 jasar Ali taxtqa otırdı. Bunnan paydalanǵan Maxmud Gaznaviy 10 mıń atlı ásker hám 500 áskeriy pilleri menen Xorezmge júris qıladı. 1017j. 3-iyulde Xorezmde Gaznaviydiń ásker basshılarınıń biri Altuntash Xorezmshaxı etip tayınlanadı.

Seljukler mámleketi sultan Sanjar  tusında qudiretli imperiyalardıń birine aylandı. Ol mámleketti 61 jıl basqardı. 1097-1118 jj. ol Shıǵıs İrandı hám Shıǵıs provintsiyalardı iyeledi, al 1118 j. baslap ol seljukler urıwınıń sultanı boldı. 1138 jılı baslap Maverannaxrǵa jańa kúsh qara qıtaylılar topılıs baslaydı. Olardıń kelip shıǵıwın tungus hám mongollar menen baylanıstıradı. Olar arqa Qıtaydan kelip shıqqan. qara-qıtaylılar kóshpeli turmıs keshirip, olardıń sanı áyyemgi avtorlardıń kórsetiwinshe 4 mıń shatır bolǵan.

1141 j. Katwan dalańlıǵında bolǵan sawashta qaraqıtaylılar seljukler ústinen jeńiske eristi. Usı jılı olar Buxaranı, sońınan Xorezmdi iyeledi. Putkil Maverannaxr qara qıtaylılarǵa baǵındı. Qaraqıtay imperatorları gurxanlar mámlekettiń paytaxtı etip Qaraxaniylerdiń eski paytaxtı Balasagundı tańladı. Basıp alǵan jerlerinde burınǵı siyasiy, ekonomikalıq hám sotsiallıq strukturanı ózgertpedi. Qol astındaǵı

xalıqlar qara-qıtaylılarǵa salıq tólewi tiyis boldı.

XII-XIII ásirdiń basında Xorezmshaxlar mámleketi ullı derjavalardıń birine aylandı. Onıń paytaxtı Gurgandj X ásirde ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan ulken áhmiyetke bolıp Sibir hám tuslik Rossiya menen qárwan sawda jolınıń sońǵı punkti boldı. Bul jerden Otrar qalasına shekem kárwanlar barıp, onnan arman qaray "Ullı jipek jolı" boyınsha Qıtayǵa shekem barıp jetti. Sırdáryanıń ağısında jaylasqan Jend Xuvara hám Jankent qalaları áskeriy siyasiy hám ekonomikalıq jaqtan úlken áhmiyetke iye boldı. Bul qalalarda hám onıń átirapında tiykarınan oguzlar hám qıpshaqlar qonıslastı. XI ásirdiń 70 j. basında seldjuk ámirleriniń biri Qyat qalasında bazardan oguz qulı Anush-Tegindi satıp aladı. Tez arada bul qul seljuk sultanlarınıń sarayında joqarı lawazımlarǵa kóterile baslaydı. 1097 j. sultan Berk aruk Anush-Teginiń balası Muxamadtı Xorezmniń basqarıwshısı etip tayınlaydı, usı payıttan baslap Xorezmshax-anushteginler mámleketiniń tariyxı baslandı. Muxammad Xorezmdi 30 jıl basqardı (1128 j. shekem) hám sultan Sanjarǵa hadal xızmet etip onıń isenimine kirdi. Sonlıqtın Muxammad ólgennen soń, sultan Sanjar onıń balasın miyrasxor etip qoydı.

Xorezmshax Atsız (1128-1156jj) Xorezmniń ǵárezsizligi ushın 10 jıl tayarlıq kóredi hám 1138 Mangıshlaq yarım atawın basıp aladı. Biraq 1138 j. oktyabrde Xazarasp janında bolǵan sawashta sultan áskerleri jeńiske erisedi hám Atsız Jend qalasına qashıp ketiwge májbúr boladı. Sanjar Xorezmnen ketkennen soń ol qaytıp keledi hám óziniń vlastın qaytadan tiklep, sultan menen kelisimge keledi.

1139j. Atsız Xorezmniń ǵárezsizligi ushın gúresin qaytadan baslaydı hám Buxara qalasın basıp aladı. 1141 j. Sultan Sanjar qara qıtaylardıń topılısına ushıraydı hám jeńiledi. Bunnan soń Xorezm xalqı da qara qıtaylarǵa ǵárezli boldı hám salıq tóledi. Xorezmshax Atsız tolıq ǵárezsizlikke erise almastan 1156j. 30-iyulde óledi. Bunnan sońǵı Xorezmshax İl-Arslan (1156-1172jj) tusında Xorasan, Azerbayjan jerleri Tekesh tusında basıp alınadı. Onıń úlken balası Tekesh 1187 j. mayda Nishapur qalasın basıp aladı hám onıń basqarıwshısı etip óziniń balası Malikshaxtı qoyadı. Tekeshtiń tusında Xorezmshaxlar mámleketiniń áskeriy-

feodallıq shólkemi qáliplesti. Sonday-aq jaqsı qurallanǵan hám tiykarınan túrk jawıngerlerinen ibarat jallanbalı armiya dúzildi. 1200-j. 3-iyulde Tekeshtiń óliminen soń onıń ornına balası Muxammad Alauddin Xorezmshaxlar taxtına iyelik etti. Ol 20 jıl basqardı hám bul jıllar úzliksiz urıslar hám atlanıslar menen ótti. 1202-j. al Merv, Nishapur, 1304 j. Gerat, 1206 Balx hám Termizdi basıp aldı.

1217 j. Muxammad imperiyasınıń territoriyası İraktan İndiyaǵa shekem hám Aral teńizinen İndiya okeanına shekemgi aralıqqa sozıladı. Onıń imperiyasınıń sostavında 400 qala bolıp, onıń xalqına salıq salınadı.IX-XIII ásir baslarında Maverannaxr hám Xorasan aymaǵı jer júzilik ilim hám mádeniyat oshaqlarınıń birine aylandı. Merv, Buxara, Samarkand, Kyat, Urgench qalaları óz dáwiriniń en iri mádeniyat orayları boldı.

Mámlekettiń mádeniy turmısında hám ilimiy jumıslarda arab tili ken túrde qollanıla basladı. İlimiy miynetler arab tilinde jazıldı. Bunday jaǵday X ásirdiń ortalarına shekem dawam etti. X ásirdiń ortalarınan baslap Maverannaxr xalqı parsı-tájik tilinde jaza basladı.

Usı dáwirdegi ullı shayırlardan Abdulla Djafar Rudaki hám shıǵarmaların tájik tilinde jazǵan Dakiki x.b. boldı. Dakiki ″Shax namá″ shıǵarmasına baslama saldı, birak onı aqırına shekem jetkere almadı. Shax-namánı tamamlaǵan Ferdausi boldı. Óz dáwiriniń en ullı filosoflarınıń biri Abu-Nasr al Farabi (873-950) boldı. Ol kelip shıǵısı boyınsha Orta Aziyalıq bolıp Shıǵıs filosofiyasınıń rawajlanıwında xızmeti úlken edi. Farabi tárepinen Aristoteldiń Metafizikasına kommentariy jazıldı. Farabi dáslep Buxarada, sońınan Baǵdadta oqıdı.

IX ásir basındaǵı ullı alımlardıń biri Al Xorezmi boldı. Onıń ómiri hám xızmetleri Shıǵıstaǵı úsh mádeniy oray: Xorezm (Urgench), Xorasan (Merv) hám tiykarınan jasap, miynet etken Baǵdad penen baylanıslı boldı. Kelip shıǵısı boyınsha Xorezmlik bolǵan, ol Abbasiyler dinastiyasınıń Xalifa Mamun sarayında Baǵdadta matematika, geografiya, astronomiya boyınsha ilimiy miynetler jazdı. Ol Xorezmniń algebra ilimine tiykar saldı. Ol ″Dúnyanıń kartası″ miyneti menen arab geografiya ilimine baslama salıp berdi. Onıń ″Astronomiyalıq tabritsalar″ hám ″Quyash saatları xaqqında traktat″ miynetleri latın tiline awdarılıp Shıǵıs hám

Evropa ellerinde orta ásirlik iliminiń rawajlanıwına kúshli tásir etti.

X-XI ásirdegi Maverannaxrdan ullı alımları arasında Abu Ali İbn Sino hám Beruniy ayrıqsha orındı iyeleydi Abu Ali İbn Sinoda ilimge qızığıushılıqtıń payda bolıwında ákesi Abdulla ibn Xosannın roli úlken bolǵan. Abdulla ibn Xasan ózi Balx qalasınan bolıp, óz zamanınıń sawatlı adamlarınıń biri boldı. Ol ádewir qurǵın xojalıqtıń biri bolıp, finans salıq mekemesinde xızmet isledi. Ol ulınıń hár tárepleme teren bilim alıwı ushın ǵamxorlıq etti. 16 jasında filosofiya, meditsina, ilimlerin teren  úyrendi. Onıń ustazları filosof İbrayim Natiliy, ataqlı táwip ibn Al Kamar x.b. boldı.

İbn Sino 17 jasında,  yaǵnıy 997 j. ámir Nux II ibn Mansur (976-997) elegini ushın samaniylep kitapxanasınan paydalanıw xuqıqına iye boldı.  Ol kitapxanada 10 jıl dawamında jumıs isledi. ″Bul kitapxanada sonday kitaplardı kórdim - dep jazǵan edi ol eski tusiriwlerinde,- kópshilik hátte ol kitaplardıń atın da bilmeydi. Men bunday kitaplardı, burın hám keyin de kórgen emespen. Men usı kitaplardı oqıdım hám ózim ushın kóp payda aldım, hár bir alımnıń ilimdegi ornın ańladım″.

Biraq 1005 j. İbn Sino Xorezm paytaxtı Gurganjǵa ketiwge májbur boladı. Onıń Buxaradan ketiwine Samaniyler mámleketindegi awır ekonomikalıq hám siyasiy qıyınshılıqlar sebep boldı. 999 j. Maverannaxr Qaraxaniyler mámleketiniń qol astına túsip qalgan edi.Usı waqıtları Mamun (997-1017) qol astında bolǵan Gurgandj qalasında İbn Sino jeti jılǵa jaqın ómir súrdi hám óziniń miynetlerin jazdı. Usı waqıtları ol óz dáwiriniń ullı alımları Masixiy, Xammar ibn İroq x.b. menen alımlar májilislerinde qatnasqan táwipshilik etken, ilimiy bilimlerin jetilistirgen.

Usı dáwirde Maxmud Ǵaznaviy İbn Sinonıń qalasına sarayǵa aldırıwǵa háreket isleydi. Biraq ol Ǵaznaǵa barıwdan bas tartıp, Xorezmnen ketip  qaladı. Sultan Maxmud xudojnik Abu Nasr Arraqqa İbn Sinonıń súwretin saldıradı hám onı 40 dana etip kóbeytirip wálayat húkimdarlarına jiberedi.  Bunda usı súwrettegi İbn Sinonı tawıp, meniń aldıma jiberin dep búyırdı.  Biraq ol bunnan soń da 25 jıl dawamında Gurganjda (1012-1014), Rayda (1014-1015), Xamayunda (1015-

1023), İsfaxanda (1023-1037) miynet etti. İbn Sina ″Emleu kitabı″, ″Meditsina biliminiń tiykarları″, ″Donishnoma″ h.b. kitapların jazdı. Onıń jumıs kúni tártibi xaqqında shákirti bılay dep jazgan edi: ″Ol tań atpastan oyanıp ″Emleu kitabı″ ústinde jumıs isledi, tań atqannan keyin shákirtlerin qabıl etti. Azanda shákirtleri menen bánt boldı. Usı payıtta awırıwlardı qabıl etti″. İbn Sino usıǵan qaramay hár kúni 50 betke shekem ilimiy miynetler jazǵan. İbn Sino 1037 j. 18 iyunda 58 jasında qaytıs boldı. Ol óz ólimi aldınan barlıq mal-múlklerin qambaǵallarǵa, bala-shaǵalarǵa bólistirip bergen. İbn Sino óliminiń aldında ″Biz ólemiz, biraq ózimiz benen bir nárseni, hesh nárse bilmeytuǵınımızdı alıp ketemiz″ degen edi.

Beruniy (973-1048) kóp tillerdi bilgen. Áyyemgi Xorezm tilin jaqsı bilgen. Xorezm tili parsı, túrk tillerine uqsamaǵan. Beruniy shıǵarmaların arab tilinde jazǵan. Ol kóp mámleketlerde bolǵan (İran, Awǵanıstan, İraq, Hindstan). Onıń ómiri kóplegen qıyınshılıqlarǵa duwshar bolǵan. 995 j. Urgench qalasınıń hákimi Qıyat qalasın basıp alǵan. Beruniy İranǵa ketiwge májbur bolǵan. İrannıń arqa tárepindegi Gurgan qalasında turǵan. Usı jerde ″Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler″ miynetin jazǵan. XI ásirdiń basında Xorezmniń paytaxtı Qıyat qalasınan Urgenchke kóshken. Urgench XI-XII ásirlerde úlken mádeniy orayǵa aylanǵan. İlimpazlardıń bas qosıp jumıs isleytuǵın ornı Mamun Akademiyası dep atalǵan. Beruniy Urgenchke kelip Mamun Akademiyasında İbn Sina, Masaxiy Xammar h.b. alımlar menen birge miynet etken. Birak 1017 j. Maxmud Ǵaznaviy Xorezmdi basıp alǵannan keyin Beruniy onıń sarayına aldırılǵan. Beruniy Ǵaznaviydiń Hindistanǵa jasaǵan atlanıslarına qatnasıp, ″Hindistan″ degen ataqlı miynetin jazdı. Beruniy ″Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler″ miynetinde arab basqınshılıǵına shekemgi dáwirdegi Orta Aziya xalıqlarınıń mádeniyatı, Nawrız bayramı, arablardıń jawlap alıwshılıǵı h.b. maǵlıwmatlar berilgen. Shıgarmada 90ǵa jaqın xalıqlardıń atları 300ge jaqın jer atamaları bayan etiledi. Beruniy dúnya xalıqlarınıń kartasın islep shıqtı. Jerdiń quyash dógereginde aylanıwın dáliylledi.

IX ásirde jasap dóretiwshilik miynet penen shuǵıllanǵan ullı alımlardıń biri Axmed Ferǵaniy bolıp esaplanadı. Onıń ilimiy miynetleri pútkil dúnyaǵa málim.

Onıń ″Kitob Fi Usul ilman Nujum″ (Astronomiya iliminiń usılları xaqqında kitap) miynetiniń qol jazbaları Angliya, Frantsiya, AQSh, Egipet hám Sankt-Peterburgta saqlanbaqta. Axmed Ferǵaniydiń 812 jılı quyash tutılıwın aldın-ala málim etiwi, jerdiń domalaq shar formada ekenligin dáliyllewi alımǵa úlken abıroy alıp keldi. Keyinirek Egipette jasaǵan payıtta Nil dáryası suwın ólsheytuǵın ásbap islegen. Axmed Ferǵaniydiń astronomiyaǵa tiyisli iri shıǵarmalarınan biri ″Aspandaǵı háreketler hám juldızlar iliminiń toplamı xaqqında kitap″ bolıp esaplanadı. Bul shıǵarma ″Astronomiya negizleri″ dep te ataladı. XII ásirde-aq alımnıń shıǵarmaları latın tiline awdarılıp pútkil Evropaǵa tarqaladı.

XI ásirde jasap miynet etken Maxmud Qashǵariy túrkiy xalıqlar tariyxı, tili, mádeniyatı, úrp-ádetlerin puxta úyreniw maqsetinde pútkil Oraylıq Aziyanı aralap shıqtı. 1074-1075 jılları Maxmud Qashǵariy tárepinen ″Devonu luǵatit túrk″ (Túrk tiliniú luǵati) shıgarması jazıldı. ″Devonu luǵatit túrk″te túrkiy xalıqları awızeki dóretpesi hám jazba ádebiyatına tiyisli 300den artıq qosıqtan úzindiler, maqallar, hikmetli sózler berilgen.

Qaraxaniyler saltanatı dáwiriniń ullı alımlarınan biri Yusuf Xos Xojib bolıp, ol óziniń házirge shekem bizge málim bolǵan kórkem-filosofiyalıq ″Kutadǵu bilig″ (Baxıtqa baslawshı bilim) shıǵarması menen dúnyaga málim boldı. Yusuf Xos Xojibtiń ómir jolı, xızmetinen maǵlıumat beriwshi bir de derek joq, tuwılǵan jılı hám ólimi málim emes. Tek ullı alımlar ″Katadǵu bilig″ shıǵarmasındaǵı maǵlıwmatlar tiykarında ǵana ol xaqqında ayırım juwmaqlar shıǵarıw múmkin. Yusuf Balasagunda xızmetker shańaraǵında tuwılǵan. Shıǵarmanı Kashgarda tamamlap, Qaraxaniyler xanı Tavgash Bugroxanǵa imam etken. Xan alımdı saylıqlar óz sarayında Xos Xojiblik (Saraydın Xos Naziri) lawazımın bergen.

Óz dáwiriniń iri aǵartıwshılıq hám mádeniyat oshaǵı bolǵan Balasugunda bolǵan alım mektep hám medreselerde oqıp tıyanaqlı bilim alǵan, arab, parsı, tájik tillerin úyrengen, filosofiya, matematika hám basqa ilimlerdi iyelegen.

Túrkiy tilde jazılǵan didaktik teoriyallıq-filosofiyalıq ″Katadǵu bilig″ shıǵarması kirisiw hám juwmaklawdan aǵartıwshılıq, bala tárbiyası, jámiyetlik

orınlarda ózin tutıw, sózdiń áhmiyeti hám qádiri, insan ruwhıy dunyasınıń kóplegen máseleleri sóz etiledi.

Túrkiy ádebiyattıń iri wákillerinen biri Axmed Yugnakiy bolıp esaplanadı. Onıń bizge shekem jetip kelgen birden bir miyrası ″Xabatul-Xakoyik (Xaqıyqatlar armuǵoni)″. ″Xabatul Xaqoyiq″ tıń 1480 jılı kóshirilgen nusqası 235 bayt hám 11baptan ibarat. Qosıq usılında jazılǵan bul shıǵarma túrkiy ádebiy-miyrastın ullı miyrası sıpatında rawajlanıwǵa úlken ules qostı. Abulqasım Maxmud az Zamaxshariy (1075-1144) Xorezm ilimi hám mádeniyatın dúnyaǵa tanıtqan ullı oyshıllardan bolıp esaplanadı. Ol 18 martta Xorezmniń Zamaxshar awılında dúnyaǵa kelgen. Baslanǵısh maǵlıumattı ol óz zamanınıń oqımıslı imamı bolǵan atası Umar ibn Axmad qolında aladı. Jaslıǵında baxıtsız hádiyse nátiyjesinde jaydan jıǵılıp mayıp bolıp qalǵan Zamaxshariy ruwxıy túskinlikke túspeydi.

Zamaxshariy Urgenishte medresede Woqiw menen birge qol jazba shıǵarmalardı kóshiriw menen de shuǵıllanadı. Ol óz bilimin jetilistiriw maqetinde Buxara, Xorasan hám İsfaxanǵa baradı, óz zamanınıń iri alımlar hám oyshıllarınan sabaqlar hám másláxátler aladı. Onnan keyingi ómirin ullı alım Baǵdad, Damask hám Mekke sıyaqlı mádeniyat oshaqları menen baylanıstıradı. Zamaxshariy ómiriniń songı jılların Urgenishte ilimiy isler jazıw menen ótkeredi. Az Zamaxshariyden júdá kóp ilimiy miyras qalǵan. Onıń til, ádebiyat, islam tariyxı, filosofiya hám basqa ilimler boyınsha jazǵan eliwden artıq shıǵarmaları bar.

Maxmud az-Zamaxshariydiń en iri hám ataqlı shıǵarması ″Al Kashshof an xaqoyiq it tanziyl va uyun il-akoviyl fi vujuk it-taviyil″ (″Qurandaǵı jasırın haqıyqatlardı ashıp beriwshi″. Ol qısqasha ″Al Kashshor″ dep ataladı. Bul kitaptı alım 1132-1135 jılları Mekkede bolǵan payıtında jazǵan. Zamaxshariy Mekkede uzaq waqıt jasaǵanlıǵı ushın Jarullox (Allanıń qonsısı) degen húrmetli laqaptı alǵan. Shıǵarmada ullı alım, Quroni Karimdi til jaǵınan táriplep hár bir sózdiń mánisin arab grammatikası tiykarında túsindiredi.

IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziya territoriyasında dúnyalıq ilim hám mádeniyat penen bir qatarda İslam mádeniyatı rawajlandı. İslam mádeniyatınıń Quroni

Karimnen keyin ekinshi orında turatuǵın qımbatlı dereklerden biri-Xádisler, yaǵnıy Muxammad payǵambardıń diniy hám ádep-ikramlıq kórsetpeleri, xúpmetli sózleri.

″Xádis ilimindegi ámir-ul Mumiyin″ degen xúpmetli ataqqa ılayıq bolǵan danıshpan alım İmam al-Buxariy 810 jılı 20 iyulde Buxarada dúnyaǵa kelgen. On jasqa jetpesten xádis ilimin úyreniwge kirisken İmam Buxariy 11 jasında ayırım ustazlarınıń qátelerin taba baslaǵan. On altı jasına jetkenińde 825-826 jılları Mekke hám Madinanı zıyarat etip, altı jıl Xijozda jasap xádis ilimin úyrenedi. Bunnan soń ol Damask, Koxira, Basra, Baǵdad sıyaqlı qalalarda boladı. İmam Buxariy 600 mın Hádislerdi toplaǵan. Solardan 100 mıń ″saxix xádisleri hám 2000 mıń ǵayri saxiyx″ xádislerin yadtan bilgen. Xádis iliminde İmam Buxariyge ten keletuǵın birde bir adam musulman áleminde bolmaǵan.

İslam dúnyasındaǵı ullı alımlardan biri Abu İso Muxammad At Termiziy bolıp esaplanadı. Ol Termez qalası janındaǵı Bug (házirgi Surxandárya wálayatınıń Sherobod rayonı) awılında dúnyaǵa kelgen. At Termeziy Termez, Samarqand, Merv, Xijoz, Mekke hám Medina, İrak, Xorasanda bolıp shıǵarmaların úyrenedi, pikir-talaslarına qatnasadı. At Termiziydiń kamalatında İsmayıl Buxariydiń ornı ayrıqsha.

At Termeziydin onnan artıq shıǵarmaları bar: Al Jomich as-saxiyix (İsenimli toplam), Ash Shamoyil an-nabaviya (Payǵambardıń ayrıqsha pazıyletleri) hám basqalar.

X ásirden baslap Oraylıq Aziyada arxitektura hám kurılıs tarawında joqarı dárejede rawajlanıw baslanadı. Samarqand, Buxara, Urgenish, Merv, Termez, Uzgen hám basqa qalalarda saraylar, meshitler, medreseler, minaretler, xanakolar, makbaralar, qárwansaraylar qurıladı. Buxarada İsmayil Samaniy Maqbarası (X ásir), Samarqand janında Tim awılında Arab ata makbarası (977/78 jıllar), XI ásirde Mervte Sultan Sandjar, Uzgende Qaraxaniyler maqbarası, Buxarada Minorap qálen maqbarası (1127 j.) h.b. qurıldı.

**TEMA-2. Amir Temur ha'm temuriyler ma'mleketshiligi Maverennaxr ha'm Xorosanda ma'mleketshiliktin rawajlaniwi.**

**rejesi :**

1. Amir Temur ha`m timuriyler ma`mleketshiligi
2. Timuriyler ma`mleketshiligi administrativlik basqariw dizimi
3. Maverennaxr ha'm Xorosanda ma'mleketshiliktin rawajlaniwi.

**Tayanish túsinikler**

**Suyurgal jerler**. Bul jerlarning egalari xar kanday soliklardan ozod edilar. Ular er egasi sifatida dexkonlarni ishlatib er soligi xiroj olgnalar.

**Tarxon jerlar**. Xususiy mulk bulgan bu erlar odamlarga biror bir aloxida xizmatlari uchun berilgan.

**Ushr jerlar.** Sayyid va xujalarga mansub bu erlarning egalari olgan daromadlarining undan bir qismini davlatga tulaganlar.

**Waqim jerlar**. Machit va madrasalar, xonakox va mozorlarga karashli erlar.

**A'skarlar jerleri-** ularning boshliklariga ajratib beriladigan erlar.

Tu'rkistannın' ullı perzenti A'mir Temurdın' ma'mleketi h'a'm a'skeriy atlanıslarına bag'ıshlang'an a'debiyatlar juda' ko'p. XIV-XV a'sirlerdegi tariyxıy shıg'armalar arasında Sharafuddin Ali Yazdiyge tiyisli ″Zafarnoma″ ayrıqsha orın iyeledi. Yazdiy Temurdın o'mirinin' son'g'ı jıllarında onın' bas devoninda xızmette bolıp, Temurdın' Kishi Aziya ellerine bolg'an atlanıslarına qatnasqan. Yazdiydin ″Zafarnoma″ shıg'arması 1437 jazıp tamamlang'an.

Temur h'a'm temuriyler da'wirine baylanıslı a'h'miyetli shıg'armalardın' biri Kastiliya (İspaniya) koroli Genrix III nin' elshisi Rui Gonsales de Klavixonnın' 1403-1404 jılları A'mir Temur ma'mleketinde bolg'an da'wirindegi jazılg'an ku'ndelik da'pteri bolıp esaplanadı. Bunda A'mir Temur ko'p atındag'ı ma'mleketler h'a'm qalalardın' ku'n kesheriwi, temuriyler tusında salıng'an qurılıslar, sawda h'a'm elshiler baylanıslar xaqqında mag'lıumatlar keltirilgen. Bunnan basqa da Shıg'ıs Evropa ellerinde Temur h'a'm Temuriyler tariyxına

baylanıslı ko’plegen miynetler ja’piyalandı. Al sovet da’wirindegi tariyxıy miynetlerde Temurdı h’a’m onın’ tariyxta tutqan ornına unamsız bah’a berildi. Onı o’zinin’ ulusı Maverannaxr h’aqqında g’amxorlıq etken, al basqa xalıqlardı tonag’an h’a’m qıyratqan ″ekinshi Shıngısxan″ a’skeriy sa’rkarda h’a’m diplomat dep esapladı. Usı da’wirde Temurdı ilimiy, obektiv u’yreniw, onın’ durıs bah’a beriw ma’selesin ko’terip shıqqan alımlardın’ filosofiya ilimlerinin’ doktorı İbraxim Muminov boldı. 1968 j. ″Fan″ baspasında İ. Muminovtın’ ″Amir Temurning Wrta Osie tarixida tutqan wrni va roli″ kitabı ja’riyalandı. Bul sol jag’dayda o’z da’wiri ushın u’lken ma’rtlik boldı.

A’mir Temur Tarag’ay ulının’ (1336-1405) o’miri h’a’m xızmetinde eki da’wir ko’zge tu’sedi.Birinshi da’wir 1360-1386 jıllardı o’z ishine aladı. Temur bul da’wirde Maverannaxrda mong’ol g’a’rezsiz ku’shli oraylasqan ma’mleket du’ziw ushın gu’resti. Temur xızmetinin’ ekinshi da’wiri tiykarınan 1386 jıldan baslanıp, 1405 jılg’a shekem dawam etti. Bul da’wir Temurdın’ u’sh jıllıq, bes jıllıq, jeti jıllıq dep atalıwshı a’skeriy ju’risleri menen xarakterlenedi.

A’mir Temurdın’ ma’mleketlik islerge aralasıwı, to’mendegi siyasiy jag’dayda baslandı. Bir ta’repten eldin’ mayda feodallıq iyeliklerine bo’liniwi h’a’m olar arasında o’z-ara urıslardın’ ku’sheyiwi bolsa, ekinshi ta’repten h’a’r bir mong’ol xalqının’ pu’tkil Maverannaxrdı tolıq iyelewge umtılıwı menen xarakterlenedi.

A’mir Temurdın’ siyasiy maydanda payda bolıwı XIV a’sirdin’ 60 jıllarınan baslandı. Usı da’wirde 1360-1361 jılları Mog’ulistan xanı Tog’lık Temur Maverannaxrg’a atlanıs sho’lkemlestiredi. Qashqada’rya wa’layatına basıp kiriwinen qorqıp Xorasang’a qashıp ketedi. Usı waqıtları Temur onın’ menen birge boladı. Biraq ol Xoja Barlasqa wa’layattı qutqarıp qalıw ushın Shaxrisabzg’a qaytıp, mong’ol xanına xızmetke o’tkenim paydalı dep aytadı. Usı xızmeti ushın Temur 25 jasında Shaxrisabz h’a’kimi bolıwga erisedi. Usı jılı onın’ a’kesi a’mir Tarag’ay baxadır du’nyadan o’tedi.

Temur mong’ol xanı ushın uzak waqıt dawamında xızmet etpedi. Tog’lıq

Temur o'zinin' balası İlyas xojanı Maverannaxr h'u'kimdarı etip jibergen payıtta. Temur og'an h'ızmet etiwden bas tarttı. Ol, o'z betinshe g'a'rezsiz h'u'kimdar boldı. 1361 jıldan baslap Temur Chag'atay ulısının' o'ltirilgen a'miri Qazag'annın' aqlıgı a'mir Xuseyin menen awqam du'zedi. Ol Xuseynnin' qarındası Uljayga u'ylenedi. Temur Xuseyn menen birge Seysang'a atlanıslar sho'lkemlestiredi. Seysanda on' qolı h'a'm on' ayag'ınan jaraqatlanadı.

Tog'lık Temurdın Maverannaxrdan kuwılg'an balası İlyas xoja 1365 j. ko'p mug'darda a'sker toplap Maverannaxrg'a atlanıs sho'lkemlestiredi. Xuseyin h'a'm Temur İlyas xoja a'skerlerinin' Chinoz h'a'm Toshkent aralıg'ında ku'tip aladı. Tariyxta ″Ilaydagı sawash″ dep atalg'an bul sawashta Temur h'a'm Xuseyn a'skerleri jen'iledi. Olar qalg'an a'skerleri menen da'slep Samarqandqa, keyin Balxqa ketedi.

Samarqand xalqı sarbadarlar basqınshılıg'ında basqınshılarg'a qarsılıq ko'rsetiw ushın tayarlıq ko'redi. Sarbadarlarg'a Samarqand medresesinin' okıwshısı Mavlanzada, paxta tazalawshı bolıp islegen Abubakr Keleviy basshılıq etti. Mavlanazada juma meshitine jıynalg'an 10 mın'g'a jaqın xalıqqa islam h'a'm xalıqtı mong'ollardın' qorg'awg'a shaqırdı. Xalıq sarbadarları qollap quwatladı.

Sarbadarlar h'a'reketi XIV a'sirdin' birinshi yarımında Xorasanda payda boldı. Olar mong'ol eziushiliginen qutılıw h'a'm feodallıq ta'rtipler, eziwge de qarsı qaratıldı. Sarbadarlar iri jer iyelerinen siyasiy h'a'm ekonomikalıq qu'dretin h'a'sliretiw ta'repdarları boldı. Mong'ollar u'stinen jen'iske erisken sarbadarlar xalıqtın turmısın jaqsılawg'a bag'darlang'an ayırım o'zgerislerdi iske asırdı, ayırım h'h'a'meldarlardı jazaladı.

Bul waqıtlardan xabardar bolg'an Xuseyin menen Temur Samarqandqa keledi. Keyin olardı o'zlerinin' ma'kan jayına shaqırıp u'lken zıyapat sho'lkemlestiredi, ertenine qırıp taslaydı. Biraq Xuseyin Mavlanzadanı o'ltirmekshi bolg'anda, Temur arag'a tu'sip onı aman alıp qaladı. Onın' sebebi Temur Mavlanzada menen burınnan baylanısta bolg'an degen pikirler bar. Maverannaxrda g'a'rezsiz ma'mleket du'ziw ushın alıp barılg'an h'a'reketler sarbadarlardın' ayırım basshıların, birinshi gezekte olardın' rawajlandırıwshı h'a'm

ideologiya bolg’an Mavlanzada h’a’m Temurdı bir-birine jaqınlastırg’an.

Sarbadarlardı h’a’m olardın’ basshıların joq etkennen keiyn Xuseyin h’a’m Temur 1366 jılı ba’h’a’rde Samarqandtı iyeledi.

Xuseyin o’zine qaraslı Balx qalasın bekkemlep, jan’a qorg’anıs bekinislerin qura basladı. 1370 jılı jaksı qurallangan a’sker talap, Temur Balx qalasına xu’jim etti h’a’m qalanı iyeledi.Temur o’z xızmetinin’ birinshi da’wirde barlıq dıqqattı Maverannaxrda birlesken, oraylasqan keyin, onın da’slepki ilajlarınan biri turaqlı tu’rde qurultaylar o’tkeriwi boldı. Sharafuddin Ali Yazdiy o’zinin’ miynetlerinde Temur ta’repinen Qarshide, Qarabaxta, Samarqandta h’a’m basqa jerlerde o’tkergen quraltayları xaqqında mag’lıwmat berip, olarg’a barlıq shaxzadarlar, bas h’a’meldarlar, a’skeriy baslıqlar qatnasqanlıg’ı xaqqında jazadı.

1370 jılı Temur Samarqand qalasına keledi h’a’m qalanın’ diywanlların qayta qurdı, saraylar saldırdı. Samarqanda mong’ollar u’stemlik etken da’wirde, yagnıy 1220-1360 jılları bir de iri kurılıs qurılmagan edi.Temur islam dini ruwxaniylerin h’a’r ta’repleme kollap-kuuatladı onı ma’mleketinin tirishine oylandırdı.Baslı uazıypa Maverannaxrdı birlestiriwden ibarat ekenligin tu’singen Temur jaqın adamlarınan biri a’mir Dovundi devonbegi yag’nıy wa’zir etip tayınlaydı.

Temurdın’ tiykarg’ı tirenishi onın’ a’skerleri edi. A’skeriy tariyx Temurdı orta a’sirlik Aziyada en’ iri a’skeriy sarkarda dep esaplaydı. Onın’ a’skeriy talantı eki bag’darda, a’skeriy bo’limlerdi qayta du’ziwde, a’sker basshı sıpatında ayqın ko’zge tu’sti. Temurdın’ armiyası onlıq, ju’zlik, mın’lıq bo’limlerden ibarat bolıp, olardın’ h’a’r qaysısına tiyisli baslıqlar tayınlaydı. Temur ma’mleketin du’ziw ushın alıp barılg’an u’lken sawashlarda Temurdın’ ulları Jaxangir, Umarsheyx, Mironshax, Shaxrux, aqlıqları Muxammed Sultan Pirmuxammedlar da a’mir a’skerlerine basshılıq etti. Jaxangirdin’ ulı Muxammed Sultan A’mir Temurdın’ en’ su’yikli aqlıgı bolıp, a’kesi Jaxangirdin’ o’liminen son’ Temurdın’ miyrasxorı etip belgilengen edi.

Temurdın’ orta a’sirdin’ ataqlı ma’mleket isker h’a’m a’skeriy sa’rkarda bolg’anlıg’ın ″Temur tu’zu’klarin″ de aytkannan ko’rinedi. Bul shıg’armada onın’

ja’miyetke, ja’miyetlik-siyasiy turmısqa ko’z-qarası, birlesken qu’diretli feodallıq ma’mlekettin’ siyasiy h’a’m a’det-ikramlıq printsipleri sa’wlelengen. Bul shıg’armanın’ barlıq bo’limlerinde Temur joqarı ma’rtebeli, a’dalatlı insan sıpatında maqtap ko’rsetiledi.Temur ma’mleketlik xızmetin a’skeriy atlanıslarg’a qosıp alıp bardı. Ol A’miwda’rya h’a’m Sırda’rya aralıg’ındag’ı jerlerdi, sonday-aq Ferg’ana h’a’m Shash wa’layatların tez birlestiriwge eristi. Xorezm ma’selesi bir qansha mashaqatlı boldı. Arqa Xorezm Altın Orda quramına, al Qubla Xorezm Chagatay ulısına qaraslı edi. 1359 jılı Altın Ordadag’ı qozg’alanlardan paydalanıp Xorezm g’a’rezsizlikke erisedi h’a’m onı Qonırat qa’wiminen Suwpılar dinastiyası basqaradı. Xuseyin Suwpı Xorezmdi birlestiriwge umıtılıp Qıyat penen Xiywanı basıp aldı. 1372 jılı Temur Xuseyn Suwpıdan Qubla Xorezm wa’layatın h’a’m qalalardı qaytarıwdı talap etedi, keyin a’skerler menen kelip o’zi qaytarıp aladı. Usı jılı Xuseyin o’lgennen son’, inisi Yusuf Suwpı Qıyattı basıp aldı.

1373-1374 jılları Temur Xorezmge ekinshi ma’rtebe juris qıladı. Usı eki atlanıs na’tiyjesinde Xorezm Temur ma’mleketinin’ quramına o’tedi. Keyin Altın Orda xanı Toxtamıstın’ Xorezmge da’wager bolıwına sebepli Temur Xorezmge ja’ne u’sh ma’rtebe atlanıs sho’lkemlestirdi. 1388 jılı Temur Urgenishti iyelep Suwpılar dinastiyasın joq etti. 1390 jılı Orta Aziyanın’ pu’tkil aymag’ı (Jetisuw h’a’m Sırda’ryadan tısqarı) Temurdın’ qol astında birlestirildi. 1389-1391 h’a’m 1394-1395 jılları Temur Toxtamısqa qarsı u’sh ma’rtebe ju’ris etti. 1392 jılı Armeniya h’a’m Gruziya, 1397 jılı Azerbayjan, 1398-1399 jılları Hindstan atlanısları na’tiyjeli tamamlanıp, Temur imperiyasına g’a’rezli boldı. 1400 jılı Temur Turkiya sultanı Bayazid 1 h’a’m Egipet sultanı Faraj menen gu’res alıp barıp, Kishi Aziya h’a’m Siriyada ko’plegen qalalardı iyeledi. 1402 jılı Ankara qalası janında Bayazidtin’ eki ju’z mın’lıq a’skerlerin qorshap alınıwı, qıyratılıwı h’a’m qolga alınıwı Temur a’skerlerinin’ en’ u’lken jen’islerinin’ biri boldı. Bul Temur a’skeriy doktrinasının’ saltanatı bolıp, ullı sarkarda ekenligin da’liylleydi. Temurdın’ Bayazid u’stinen erisken jen’isi onın’ Batıs Evropa ma’mleketlerinde danqının’ jaylınıwına sebep boldı. Samarqand penen Evropa ma’mleketleri arasında diplomatiyalıq h’a’m sawda baylanıslarının’ ku’sheywi, usı da’wirge

tuwra keldi.

1404 jıldın’ aqırında Temur Qıtayg’a ju’risin basladı, birak 1405 jıldın’ baslarında Temurdın’ Otrar qalasında o’limine baylanıslı bul atlanıs juwmaqlanbay qaldı. Temurdın’ maqseti tek a’skeriy atlanıslardın’ o’zi emes edi, ol mong’ol basqınshılıg’ına shekemgi bolg’an eski sawda jollardı qayta tiklew a’rmanında edi.

″Temur tu’zu’klerinde″ mınanday qatarlar jazılg’an: ″Mag’an boysıngan jan’a ma’mleketlerde xu’rmetke ılayık adamlarg’a xu’rmet ko’rsettim. Men payg’ambar wa’layatlarına, nızamdı na’siyatlawshılarg’a, alımlar menen jası u’lkenlerge ullı xu’rmet h’a’m sıylasıqlı qatnasta boldım, olarg’a napaqa belgiledim. Bul ma’mleketlerdin’ bay da’wletli adamları mag’an ag’ayinimdey, jeti-jesir h’a’m ka’mbag’allar bolsa balalarımday bolıp aldı. Jen’ilgen ma’mlekettin’ a’skerleri menin’ a’skerlerime qosıldı. Men bul ma’mleketlerdi xalıq xu’rmetine erisiwge h’a’reket ettim. Usıg’an qaramastan puxaralardı qorqınısh h’a’m u’mit arasında usladım Jaqsılarg’a, olar qaysı milleten bolıwına qapamastan men de jaqsılıq ettim, insapsız adamlar h’a’m satqınlar menin’ ma’mleketiinen kuwıldı. Qorqaq h’a’m pa’s adamlarg’a ılayıq islep tapsırdım.

Temur da’wirinde Samarqand jan’a usılda qayta qurıldı. Ol Samarqandta Ko’k saray, Bibixanım meshiti, Shaxizinda mavzoleyi, Samarqand a’tirapına Bog’i Chinor, Bog’i Shamol, Bog’i Dilkush sıyaqlı bag’ h’a’m saraylardı qurdırdı. Qurılısqa jergilikli arxitektor ustalar-o’nermentlerden tısqarı Temur basıp alg’an o’zge ma’mleketlerden ko’plep qurılısshılar, xudojnikler tartıldı.

Temuriyler basqarg’an da’wirde Temur du’zgen imperiya onın’ a’wladları arasında g’a’rezsiz h’a’kimliklerge bo’lsheklene basladı. Temurdın’ ullarının’ biri Shaxrux (1409-1447) wzaq dawam etken tartıslardan son’ temuriylerdin’ bas h’u’kimdarı dep ta’n alındı. Shaxrux h’a’m onın’ miyrasxorları da’wirinde Orta Shıg’ıstag’ı iri sha’h’a’rge aylandı h’a’m temuriyler xa’kimliginin’ paytaxtı bolıp qaldı.Usı da’wirde is ju’zinde Temur imperiyası eki ma’mleketten ibarat edi. Biri paytaxtı Gerat bolg’an Xorasan, ekinshisi paytaxtı Samarqand bolg’an - Maverannaxr. 1409 j. Shaxrux o’z ulı Ulug’bekti Samarqand xu’kimdarı etip tastıyıqlaydı. Ulugbek Mırza 1394 jılı 22 mart kuni İraktın Sultaniya

qalasında du'nyag'a kelgen. A'mir Temurdın' usınısı menen tuwılg'an na'restege Muxammad Tarag'ay dep at qoiıldı. Ulugbektin' ta'rbiyası menen Temurdın' h'ayalı Saraymulxannın' (Bibiyxannın') shug'ıllandı. Ulug'bek bes jasqa kelgende babası Amir Temur 1398 j. Shayx Orif ozariydin og'an ta'rbiyashı etip tayınlaydı. Ol Ulug'bekke to'rt jıl sabaq beredi. Uluqbektin' anası gawsharshox begim boldı. Ol Chag'atay a'mirlerinen Giesiddin tarxonnın' qızı bolg'an.

1409 jılı Ulug'bek Maverannaxr taxtına otırg'anda 15 jasında edi. Sol sebepli ma'mleket islerin baskarıw onı qoyırxormıshı Sham Malikke tapsırıladı. Ulugbek 1411 jıldan ma'mleketti g'a'rezsiz o'z betinshe basqara baslandı. 1413 jılı Umarsheyxtın' ulı İskender mırza Ulugbekke qarsı qozg'alan ko'teredi. Bul qozg'alandı bastırıw ushın Shaxrux mırzanın' o'zi a'skerleri menen baradı. Ferg'ana h'a'kimi Umarsheyx mırzanın' ja'ne bir ullı Axmed mırza Ulug'bekke boysınbay-tug'ınlıg'ın bildiredi. Ulug'bek Ferg'anag'a a'sker menen baradı. Axmed Mırza tawg'a kashıp ketedi ol jerden Kashg'arg'a otedi. Ulug'bek Andijan h'a'm Axsti, 1416 jılı Kashg'ardı iyeledi.

Ulug'bek a'skeriy sa'rkarda sıpatında tariyxta atın qaldırıwg'a umtılmag'an. Onın' a'skeriy jurisleri tiykarınan korg'anıw sıpatında bolg'an.Ulug'bek 1425 jılı Mog'uliston jerlerine a'skeriy atlanıs sho'lkemlestirip, ko'p olja h'a'm baylıklar menen Qashqada'rya arqalı Samarqand qaytadı 1426 jılı altın orda taxtın iyelep turg'an Baraqxan Sırda'ryanın' to'mengi h'a'm orta ag'ısındag'ı jerlerge xujim etedi h'a'm Sıgnak qalasın iyeledi. Ulug'bek Mırza Baraqxan a'skerleri menen alıp barg'an 1427 j. sawashta (Sıgnak janında) jeniliske ushıraydı. Usı jenilisten son altın Orda o'zbeklerinin ku'sheyiui baslanadı. Usı da'wirden baslap Ulug'bek Mırza ol omirin ilim-pa'nge bag'ıshlaydı, a'skeriy jurislerde qatnaspaydı. Tek g'ana ol XV a'sirdin 30-40 jıllarında a'kesi Shaxrux Mırza menen Dashti qıpshaqtın' shıg'ıs boliminde jasawshi ko'shpeli o'zbekler xanı Abılxayirxanga (1428-1468) qarsı urıslar alıp barıwg'a ma'jbur boladı.

Shaxrux 1447 jılı 12 martta aqlıg'ı Sultan Muxammad ko'terilisin bastırıw payıtında ray qalasında du'nyadan o'tedi. Usınnan baslap temuriy shaxzadalar arasında tajı-taxt ushın gures qaytadan kusheyip ketedi.1448 jılı Ulug'bek h'a'm

onın’ balası Abdullatifler ta’repinen Xirot qalası basıp alınadı. Usı payıtta ko’shpeli o’zbekler xanı Abulxayirxan Maverannaxrg’a basıp kiredi h’a’m Samarqandka shekem jetip keledi.

Bul xabardı estken Ulug’bek Samarqandqa atlanadı 1449 jıldın’ ba’h’a’rinde Abdullatif o’z a’kesi Ulugbekke qarsı urıs h’a’reketlerin baslap jiberedi. 1449 j. oktyabr ayında Samarqandqa jaqın Domashk janında bolg’an sawashtı Ulug’bek Mırza a’skerleri jen’iledi. Ulug’bek Samarqandqa sheginedi. Samarqand xa’kimi Miranshax onı qalag’a kirgizbeydi Shaxruxiya h’a’kimi İbraxim ibn Pulat mırzadan bas tartadı. Usınday payıtta ol o’z keliwi menen h’a’kimiyatı Abdulla Mırzag’a tapsırıwg’a ma’jbur boladı.

Ulug’bek zıyaratqa baratırg’an payıtta joldı Abbas degen Shax ta’repinen 1449 j. 25 oktyabrde o’liminen sebepshi boladı.Mırza Ulug’bek ilim h’a’m ma’deniyattın’ rawajlanıwına ayrıqsha u’les qostı. Ol Samarqandta observatoriya qurdaradı (1424-1428 jj) Ulug’bek aqademiyasında 1415 jılı dunyanın’ h’a’r qıylı ma’leketlerinen kelgen alımlardın’ sanı 100 den artıp ketedi. Olar arasında Ulug’bek, qag’ıyzada rumiy, givsiddin Jamshid, Ulug’bektin sha’kirti Ali ku’shchi, Mavlono muxammad Xavofiyler en ataqlı h’a’m abıroyg’a iye alımlar boldı.

Mırza Ulug’bek ilimiy miyraslarının’ ishinde en tiykarg’ısı ″Ziji Ulug’bek″ Risolan Ulug’beq″ tariyx ilimine bag’ıjlang’an ″Tarixi arbach ulus″ (Tort ulus tariyxı) x.b. Ulug’bek ta’repinen 1417 j Buxarada, 1417-1420 Samarqandta 1433 jılı Gijduvanda medreseler qurıldı. 1449 jılı Ulug’bek oliminen son ol du’zgen akademiya tarqalıp ketedi. Ali ku’shchi da Samarqantan tabrizge baradı, ol derzen 1473 jılı Stambulg’a o’tedi. Turkiya sultanı Muxammad Fotix onı u’lken xurmet penen kutip aladı. Ali qushchını As Sofiya medresesine bas muddaris etip tayınlaydı. Ali ku’shchi bul jerde observatoriya qurdıradi ″Zij″ di Turkiyada tarqatadı.

## TEMA-3.Tu`rkistanda Rossiya imperiyasi koloniyal basqariwinin du`ziliwi ma`seleleri.O`zbekistan totalitar sovet ma`mleketi quraminda.

**rejesi:**

1. XV- XVI ásir baslarında Maverannaxrdağı jámiyetlik-siyasiy jağday Sheybaniyler dinastiyası ústemliginiń ornawı. Orta Aziyanıń xanlıqlarġa bólinip ketiw aqıbetleri.

2. Turkistanda Rossiya imperiyasinin koloniyalliq basqaruw duzilmesinin ornatiliwi

3. O’zbekstan totalitar sovet hakimiyati quraminda

**Tayanish túsinikler**

**Kushbegi** - Buxarada oliy administrativlik hakimiyat

**Amlokdorlar** – mamleket saliqlarin ondirgen.

**Darugalarga** - Qishlaqlarda hakimiyat berilgen.

**Orayġa ǵárezlilik** - Sovet hakimiyatinin totalitar sistemasi

**″Askeriy kommunizm″** - xaliq qojaligin askeriy tipte qayta quriw

**Industrialastırıw -** xaliq qojaliginda sannatti jedellestiriw

**Kollektivlestiriw** – sovet hakimiyatinin kollktiblik jamiyet siyasati

**Fashizmge qarsı urıs -** Sanaattıń jańa tarawları, jańa jerlerdiń ózlestiriliwi, ekologiyalıq apatshılıq, ″forması milliy, mazmunı sotsialistlik mádeniyat″ shaqırıġı

**Paydalanilg`an a`debiyatlar:.**


1.Xomidjon Xomidiy. Kuxna SHark dargalari. T.SHark, 1999, 6-13bet.

2.Azamat Zie. O`zbek davlatchiligi tarixi. T.2000, 25-48 betlar.

3.Ртвеладзе Э.В. История государственности Узбекистана. – Т.: Узбекистан, 2009.

4.Ханников А. Техника: от древности до наших дней. – М.: Litres, 2020.

5.Эшов Б.Ж., Одилов А. Ўзбекистон тарихи. I жилд. Энг қадимги даврдан XIX аср ўрталаригача. –Т.: Янги аср авлоди, 2014.

XVI ásirdin baslarında deshti qıpshaqlıq Muxammad Sheybaniyxan (1451-1510) temuriyler mámleqetine qarsı áskeriy jurisler qılıp, onı jengennen songı dáwirde Buxara, Xiywa, keyinrek Qoqan xanlıqları duzildi. Úkeniń turmısında salmaqlı orın iyelegen Buxara xanlıǵında Muxammad Sheybaniyxan tiykar salǵan dinastiya 100 jıl xákimiyat basında turdı. 1510 jılı Muxammad sheybaniyxan İran shaxı İsmayil Safapiydan jeniliske ushırap, ózi óltirilgennen keyin Kuchkinjixan (1510-1530), Abusaidxan (1530-1533) hám Ubaydullaxan (1533-1539) sıyaqlı sheybaniyler dinastiyasına tiyisli shaxslar xanlıqtı basqardı. Olar arasında ásirese Ubaydullaxan puxta hám márt siyasatshılardıń biri sıpatında mámleket birligen támiyinlewde kóp háreketlep etti. Leykin, onıń Abdullaxan (1539-1540), Abdulazizxan (1540-1549) hám Abdulatifxan (1540-1550) sıyaqlı miyrasxorları uaqtında óz-ara urıslar kúsheyip, oraylıq xákimiyat bir qansha hálsiredi.

Abdullajan II xúkimdarlıǵı dáwirinde (1557-1598) úlkede oraylasqan mámleket hám qudretli armiya duzilip, ol ataqlı ásker basshı hám mámleket iskeri sıpatında abroyǵa iye boldı. Abdullaxan II tusında putkil Turkstan úlkesi bir pútkil mámleketke birlestirildi.

Abdullaxan II uaqtında da İran menen urıslar dawam etip, ol Xorasandı boysındırdı, birlikte İranǵa qarsı guresiw ushın Osmanlar sultanı Murad III (1574-1595) hám baburiyler dinastiyasınıń uákili akbar (1556-1605) menen jaqınlastı Abdullaxan óliminen keyin mámlekette Taxt ushın guresler kúsheyip ketti. Onıń ulı Abdulmumin taxtqa otırǵannan altı ay ótkennen sol oppozitsiyadaǵı kúshler tárepinen óltirildi. Taxtqa songı sheybaniy xúqimdar Pir muxammadxan (1599-1601) shıǵadı. 1601 jılı bolsa xákimiyat tiykarı Astraxan xanlıǵınan bolǵan Boqi Muxammad (1601-1605) qolına ótip usınnan baslap, Buxara xanlıǵında sheybaniyler dinastiyasınıń xúkimdarlıǵı saplastırılıp, ashtarxaniyler wákilleri taxttı iyeleydi. Usı dinastiyadan shıqqan Vali Muxammadxan 1605-1611 jılları xanlıqtı basqarǵan. İmamkulixan (1611-1642) basqarǵan dáwirde İran hám qazaq biyleri menen bolǵan urıslarda jeniske erisedi. Usı waqıtlarda taxt ushın óz-ara guresler adam etken. Bolsa da leykin mámlekette turaqlılıq kózge taslanadı

İmamkulixannan keyin taxttı iyelegen inisi Nasr Muxammadxan (1642-1645) dáwirinde ishki siyasiy qarama-qarsılıq jáne de kúsheyip, ol oppozitsiyalıq kúshler qısımı astında taxttı taslap ketiwge májbur boldı.

Xákimiyat bolsa, onıń ulı Abdulazizxan (1645-1681) qolına ótedi. Usı waqıtta İran shaxı Abbı Balxtı iyelep, úlken oljanı kirgizedi. Balx İrannan qaytarıp alınǵan bolsa da, Abulazizxan hám onıń inisi Subxonkulixan ortasında xákimiyat ushın gures toqtamaydı. İshki urıslar mene bir payıtta Xiywa xanı Abdulazizxan xujimleri de xalıqtın turmısın tómenletedi. Dereklerde korsetiliwinshe, Abulgazıxan jámi 18 mártebe Buxaraǵa xujit etip, qala átirapındaǵı xalıq hám jaylar talan-taraj etiledi. Keyin Xiywa xanı Anushaxan da Buxara xanlıǵına xujim etken.

Óz-ara urıslar Subxonkulixon (1681-1702) dáwirinde de toqtamaydı. Ol Balx hám Xorasanǵa áskeriy jurisler sholkemlestirdi. Onıń ulı Ubaydullaxan (1702-1711) xúkimdarlıǵı dáwirinde Balx, Termez, Shaxrisabz xákimleri ǵárezsizlikke umtıladı. Xan olarǵa qarsı áskeriy jurisler etiuge májbur boldı. Sonday-aq ol Samarqand hám Xisorda bas kótergen qáwimlerge qarsı ásker jiberdi. Qanlı urıslar xanlıqtın finanslıq auxalına unamsız tásir kórsetti, ǵazna ádewir bosap qaldı. Sol sebepli xan 1708-1709 jılları salmaǵı ádettegi tengeden tórt mártebe jenil bolǵan gumis tenge basıp shıǵarıp, pul reformasın ótkerdi. Bul ilaj xalıqtın barlıq qatlamı máplerine zıyan keltirgenligi ushın qozǵalan kóteriledi. Qozǵalan jawızlıq penen bastırıladı. Sonda ayırım abıroylı ámirler mámlekettegi awır auxaldan paydalanıp, qastıyanlıq shólkemlestipedi hám xandı óltiredi. Taxtqa xannıń inisi Abulfayiz xan (1711-1747) otırǵızıladı. Bul xan bolsa abıroylı, ámirler qolındaǵı quwrshaq bolıp qaldı.

Oraylıq xáqimiyatı xálsirep qetiwi hám turaqsızlıq aqıbetinde 1711 jıldan baslap Balx xanlıqtın tásir kóleminen shıǵıp ketedi. XVIII ásirdin 20 jıllarında Tashkent kóshpeli qalmaqlar tárepinen basıp alınadı. 1723 jılı qalmaqlar shóllerge bastırıp kirip, qazaqlardı Maverannaxrǵa qashıwǵa májbur etedi. Mámleket awır awxalǵa tusken waqıtta Abulfaiz xan ishkillik hám shadı - qurramlıq penen shuǵıllandı. İran shaxı Nidir (1736-1747) Buxara xanlıǵın ózine boysındırıp kóp

oljalardı qolǵa qirgizdi. Ol manǵitlardan bolǵan Muxammad Xákimdi isenimli uákil sıpatında bul jerǵe qaldırıp, ózi jónep ketedi. 1747 jılı onıń ulı Muxammad Raxim Nadirshax ólgennen soń, xanlıqtı basqarıwdı óz qolına aladı. Usı jılı Abulfaiz xandı óltirip dáslep onıń ulı Abul Mumindı bir jıl ótkennen sol onı da óltirttirip inisi Ubaydullanı xan dep járiyalap, xaqıyqı xákimiyat Muxammed Raxim qolında edi. Birazdan son Ubaydullanı hám joq etip, Buxara xákimiyatı is júzinde jana dinastiya - manǵıtlılarǵa ótedi.

Muxammad Raxim xan uaqtında Buxara xanlıǵına qaraslı jerler ádewir qısqarǵan edi. Onıń quramına Buxara Samarqand, Miyanqul, qarmana, qarshi, Guzar, qarni, Chardjou, Shaxrisabz kirip, Tashkent hám Ferǵana ajıratılıp ketken edi. Dániyalbiy dáwirinde (1758-1785) de óz-ara urıslar dáwam etip, qarmana, Uratsiz, Nurata, Sherabad, Baysız h.b. jerlerde hám xákimiyatına qarsı qozǵalanlar kóterildi. Olar qıyınshılıq penen bastırıldı.

Manǵitlar dinastiyasınıń shıqqan xúkimdar Shoxmurad qambaǵalardın dostı hám qorǵaushısı sıpatında dánkka erisip, mal-mulqin olarǵa ulestirip bergen. Ol ákesi tárepinen Samarqandqa xákim etip tayınlanǵan. Ol bul jerde ekonomikalıq turmısta jaqsılauǵa qaratılǵan shara ilajlardı iske asıradı. Shaxmurad taxtqa atırǵannan qeyin (1758-1800) judá kemtarlıq turmıs keshirip, bir kúnlik auqatınıń qárejeti bir tengeden aspaǵan. Ol barlıq nızamsız salıqlardı, qumar oyınlardı, hár qanday tamashalardı hám bezilmelerdi qadaǵan islerdi ámelge asırǵan.

Onıń perzenti ámir Xaydar (1800-1826) dáwiri óz-ara ishki urıslarǵa tolı boldı. Bunnan tısqırı, Qoqan xanı Alimxan Jizdax, Zamin, Peshagir hám Urmitanǵa xujim etti. Eki xanlıq ortasında, ásirese Uratepe ushın guresler qızǵan tús aldı. XIX ásirdin baslarında Xiyua xanı eltuzar Buxara átirapların talan-taraj etti. Tashkent, Turqstan hám olar átirapındaǵı jerler Qoqan xanlıǵı tárepinen iyelegen. 1825 jılı bolsa Xiyua xanlıǵı Buxaraǵa qaraslı Mervti qolǵa kirgizdi.

Xanlıqtın administratsiya uákilleri salıqlardı jıynauda hám ulıwma óz xızmetlerinde zorlıqqa jol qoyıp xalıqtı dánkesin qurıttı. Aqıbette Buxara hám Samarqand aralıǵındaǵı jerlerdi jasawshı qıtay-qıpshaq qáwimleri bas kóterip,

Qattaqurǵan, Chelak, Yangikurǵan hám basqa jerlerdi iyeleǵen.

1821-1825 jıllar aralıǵında dáwam etken bul qozǵalan zorǵa bastırıldı. Ámir Xaydar óliminen keyin ush perzenti ortısında taxt ushın gures, ol Nasrullanıń jenisi menen tamamlanadı (1826-1860) Bul xan barlıq taxt dáwagerlerin qırıp taslaydı. Ol putkil xızmeti dawam ǵárezsizlikke umtalǵan Shaxrisabzge qarsı 15 mártebe áskeriy juris etti, leykin onıń bul háreketleri óz nátiyjesin bermedi. Nasrullaxan 1839-1841 hám 1858 jılları Qoqanǵa qarsı urısıp, kóp adamlardın qırılıwına, baylıqlardın talan-taraj bolıwına alıp keldi. Sonday-aq 1842-1843 jılları Buxara hám Xiyua xanlıqları ortasında qanlı sonlıǵısıwlar juz berdi.

Joqarıdaǵı qatarlardan sol nárse aykın, xanlıqtın siyasiy turmısında kóbirek oraylıq xáqimiyat talan-taraj maydanına aylanǵan edi. Aqıbette mámleket judá xálsiren, xanlıq jerleri kem-kemnen qısqarıp bardı.

Xanlıqta jámiyet-xúqıqı shegaralanbaǵın xanlar qolında bolıp jámiyet turmısı sháriyat nızamlarına tiykarlanǵan xalda qurılǵan edi.

Xanlıqta Shayxulislam úlken abıroyǵa iye bolǵan. Ol eń iri ruwxaniy hám sud isleriniń sárdarı. Onnan keyingi orında Qozıqalen (joqarı sud) turǵan.

Atalıq hámelinen son diywanbegi áxmiyetli orın iyelegen. Bul hámeldegi adam urıs hám jarasıw, ayırım wálayat baslıqların tayınlau hám basqa maselelerdi sheshiu menen shuǵıllanǵan. Ol mámleket finansın da basqarǵan.

XVI-XVIII ásirdin birinshi yarımında qusbegi hámeli de bolıp, tiykarınan xan tárepinen ótkeriletuǵın anshılıqtı sholkemlestiriw menen shuǵıllanǵan. Manǵitlar dinastiyası dáwirine kelip, qusbegi xannan keyingi ekinshi shaxs bolıp qaldı. Ol is juzinde birinshi uázir esaplanıp mámlekettegi barlıq basqarıw tarmaqları onıń qolında edi.

Mámleket turmısında diyxanshılıq, ónermentshiliq, hám sırtqı sawda tiykarǵı orında iyelegen. Xanlıqta jipekshilik kóbirek Zarafshan oazisinde rauajlanǵan. Ǵalle eginleri Samarqand, Qashqadárya, Surxandárya, Buxara átirapları h.b. jerlerde jetistirilgen.

Qala xalqınıń ádewir bolegin ónermentler qurap olar mámleket turmısında salmaqlı orın iyelegen. Buxaralalılar İran, Afganstan, Turkiya, Xindstan, Qıtay,

Arabstan, Rossiya h.b. mámleketler menen sawda-satıq alıp barǵan ásirese, Buxara qalası Oraylıq Aziyanıń en iri sawda orayı sıpatında dánkka iye bolıp, qáruansaraylar hám sauda orınları kóp bolǵan.

Buxarada xan sarayında qımbatlı kitaplardı óz ishine alǵan kitapxananıń bolıwı dıqqatqa sazawar. Tariyx páni tarawında qımbatlı shegarmalar dóretilǵen. Olardan Abdulla ibn Muxammadtın ″Zubdat al-osor″ Fazlullax ibn Ruzbexen İsfaxoniydin ″Mexmonnomoyi Buxara″, Xofis Tanish Buxoriyadin ″Ubaydullanoma″ x.b. shegarmalardı kórsetiu mumkin.

1505 jılı Sheybaniyxan Xorezmdi uzaq muddet qamaldan keyin Buxaraǵa boysındırıwǵa erisedi. 1510 jılı ol İsmayilshax penen sawashta óltirilgennen soń Xorezm İranǵa boysındırıldı. Kóp ótpey 1511 jılı Sheybaniylerdin deshti qıpshaqlardı basqa urıwınıń uákilleri jerlikleri xalıqtın járdemi menen Xorezm ǵárezsizligin tikledi. Usı kóshpelilerdin basshısı álbars Xiywa xanı dep járiyalandı. Usı uaqıtta ǵárezsiz Xiywa xanlıǵına tiykar salındı. Usı payıtta arqa Xorasannan ádewir bólegi, Balxan hám mınǵıshlıqtaǵı turkmenler xanlıqqa boysındırıladı.

1538 jılı álbars óliminen keyin taxtqa otırǵan Avaneshxan uaqtında Buxara xanı Ubaydullaxan menen kúshli sawash boladı. Bunda Avaneshxan óltiriledi. Bunnan son Xorezm Buxara xanlıǵı qolına ótip, Ubaydullaxannıń ulı Abdulazizxan onıń xáqimi etip tayınlandı. Aradan kóp ótpey, Xorezm ol ǵárezsizligin tiklewge eristi. 1593 jılı Abdullaxan Xorezmdi jáne bir mártebe Buxaraǵa ǵárezli etsede, 1598 jılı onıń óliminen keyin Xiywa ǵárezsizligi qayta tiklendi.

Xojimxan (1559-1602), soń Arab Muxammad (1602-1623) dáwirlerinde xanlıqqa qarsı qalmaqlar hám qazaqlar hújim etedi.

Xiywa xanlıǵında taxt ushın guresler qızgın tus alǵan uaqıtlar kóp bolǵan. Bularda turkmen qáwimleriniń baslıqları da qatnasıp, taxtqa ózlerin qollatuǵın shaxzadalardı otırǵızıwǵa háreket etken. Maselen Asfandiyarxan (1623-1643) turkmenlerdin járdemi menen qarsılasların jenip, shıǵıp xáqimiyatı qolǵa aladı.

Abdulazizxan dáwirinde (1644-1663) turkmenler kúshli qadaǵalau astına alınıp, jergiliqli xalıqtın abıroyi kóteriledi.

Keyingi xan Anusha (1663-1687) ákesiniń siyasatın dawam etirip Buxaraǵa qarsı xujim shólkemlestirilip, Samarqandtı iyelewge muwapıq boladı, biraq Buxaralalılar Xiywalılardı qaladan quwıp shıǵadı.

Buxara xanı Sobxunqulixan Xiyuadaǵı oppozitsiyalıq kúshlerge suyeni otırıp Anushaxannıń kózin oyıp alıp, Shaxniyazdı taxtqa (1688-1702) otırǵızıwǵa erisedi. Xiywada Shaxniyazdán keyin de taxt ushın guresler toqtamaǵan.

Buxara xanı Abulfayzxan arallılardı sherggazıǵa qarsı qozǵap, taxtqa shaxzada Temur Sultandı otırǵızıw sharaların kórdi. Nátiyjede Xiywada jáne urıslar kúsheyip, wákal awırldastı. Hátte, xaywanıń abıroyılı adamları taxtqa qazaq sultanlarınıń birin otırǵızıwǵa hám usılayınsha qazaqlardı óz tárepine tartıwǵa májbur boldı. Aqıbette qazaq sultanı álbars (1728-1740) taxtqa otırǵızıladı

Óz náwbetinde İran shaxı Nadir Xiyuaǵa qarsı urıs ashıp, aste aqırın jenislerge erise basladı. Álbarısxan urısta óltiriledi. 1740 jılı İran xúqimdarlıǵı ornatılıp, Nadirshax İranǵa qayttı. 1741 jılı İran xiyualılar kishi juz xanı Abdulxayirxannıń ulı Nuralı járdeminde qozǵalan kóterip, ǵárezsizlikti tikledi. Bunnan xabardan bolǵan Nadirshax ásker jiberdi. Nuralı bolsa qırǵa qashıwǵa májbur boldı. Usıǵan qaramastan Nadirshax xanlıqtı boysındıra almadı.

Jergilikli xalıqtın joqarı qatlam uákilleri qazaq sultanlarınan xan tayınlawdı dáwam ettirip, olardan biri bolǵan qayıptı (1747-1757) xan dep jáocc etti. 1770 jılǵa kelip, qonırat urıwı qáwimlerinen xúkimlarlıǵı baslanıp, Muxammad Ali İnaq (1770-1790) xákimiyattı qolǵa aladı. Onıń dáwirinde turkmenler hám buxaralılardın xujimi qaytarıladı.

Xiywa xanlıǵı Muxammad Raxim (1806-1825) uaqtında ádewir qáddin tiklep, arallılar menen qaraqalpaqlar boysındırıladı, turkmenlerdin chaudar qáwimi xanlıq quramına kirgizildi. Allakulixan (1825-1842) hám Muxammad Amin (1845-1855) uaqtında Xiyua ásqerleri bir neshe mártebe Xorasanǵa qarsı xujim etip, onı talan taraj maydanına oylandıradı.

Sayid Muxammad (1856-1864) xúkimdarlıǵı payıtında turkmenler hám qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵına qarsı qozǵalaqları boldı. 1827 jılı Aydos biy

basshılıǵında, 1855-1856 jılları Ernazar alakóz basshılıǵında qozǵalańlar. 1858-1859 jılları qonırat kóterilisi boldı. Xanlıq taxtında eń kóp atırǵan xanlardıń biri Sayid Muxammad Rajim II (1865-1910) boldı.

Xiywa xanlıqinda mámlekte duzilisi Buxaralılardın derlik parqı bolmaydı. Xan xúqıqı shegaralanbaǵan xalda mámleketti basqarǵan. Onnan keyingi en abıroylı lawazım uákil yaki qusbegi esaplanıp, salıqlardı toplau hám ulıwma xannan barlıq tapsırmaların orınlaw menen shuǵıllanǵan. Sonda-aq qazı rais x.b. hámeller bar edi. Qalalardı xákimler hám olardın járdemshileri bolǵan juz baslıqlap hám aqsaqallar basqarǵan. Xanlıq turmısında Shayxwislam (azun) hám mufti salmaqlı orın iyeledi.

Xanlıqta suwǵarıp etiletuǵın diyxanshılıqqa ayrıqsha kewip berilgen. Jerler mámleket hám jeke adamlardın qolında bolıp, olardın bir bólegi waqıtqa berilgen. Diyxanshılıqta paxta, biyday arpa, juweri, palız hám miyue ónimleri jetistirilgen. Jipekshilik penen de shuǵıllanǵan. Xanlıqta sharwashılıq, ásirese turkmenler, qaraqalpaqlar hám qazaqlar arasında jaqsı rauajlanǵan edi.

Qala hám awıllarda ónermenshilik qen tarqalǵanlıǵı xaqqında maǵlıwmatlar bar. Bular boyınsha toqımashılıq kásibi ósip, paxta hám jipekten hár qıylı gezlemeler tayarlanǵan.

Xiywa xanlıǵında ishki hám sırtqı sawdanıń tutqan ornı úlken bolǵan. Xiywa, Urgenish, Xazarasp, Xanqa, Xojeli, Shımbay x.b. jerler sauda-ónermentshilik orayları esaplanǵan.

Xiywa xanlıǵı İran, Afǵanstan, Xindstan, Rossiya x.b. jerler menen sawda baylanısların alıp barǵan. Uzaq waqıtlar dawamında xiyualıq maudagerler Astraxan, Nijniy Novgorod, Oremburg sıyaqlı qalalarda sawda menen shuǵıllanǵan.

Usı dáwirde xanlıqta tariyxtqa ornalǵan qımbatlı shegarmalar jaratıldı. Abulǵazızxannan ″Shajarayi turk″ shegarması rus hám Evropa tillerine awdarıldı. Munistin ″Firdovs al-İqbor″ shegarması XVI-XVIII ásirlerdegi xanlıq tariyxına baǵıshlanǵan bolıp, onıń dawamın Munistin óliminen keyin jiyen Agaxiy jazǵan. Bunda xanlıqtan tariyxı 1872 jıl menen tamamlanǵan.

Xorezmde arxitektura, qurılıs isleri boyınsha kóp jumıslar islendi. Máselen Arab Muxammad medresesi (1616) sherǵazıxan medresesi (1718 1719), İchonqalada paxlavon Maxmud (1810-1825) Allaqulixan sarayı (1830-1833) káruansaray, tim (1832) h.b. sawlatli imaratlar qurıldı. Xanlıqta medreseler qarauǵa ayrıqsha itibar berilgen. Hátiyjede Xojamberdi (1688) kózi Fozilbeq (1799), Muxammad Amin İnaq (1765), Arabxana (1810) Palvan ata (1835) Paximqulixan (1843) Raxmonberdibay (1843), qutlımurat ipak (1809), Muxammad aminxan (1851) hám usıǵan uqsaǵan áń medrese qurılǵan.

Buxara xanlıǵında oraylıq xákimiyattın xálsirewi aqıbetinde wálayatlarda ǵárezsizlikke umtılıw kúsheydi 1709 jılı Ferǵana xáqimiyatın sın urıwnan bolǵan Shaxrubiy 1709-1821 qolǵa alıp, ǵárezsiz siyasat jurgeze baslaǵan. Onıń óliminen keyin ornıńa ulı Abduraximbiy (1721-1734) otırdı. Bul xúkimdar áskerdi ádewir bekemleuge erisip, 1725 jılı Xojentti, 1726 jılı Uratepani hám 1729 jılı Samarqandtı basıp aldı. Leykin Samarqand Buxara xanlıǵı tárepinen qayta iyelendi. Abduraximbiydi rezidentsiyası Chilmaxram degen jerden jeti shaqırım qashıqlaqtaǵı. Deypan Tudo degen awılda edi. 1732 jılı Abduraximbiy xázirge qoqan alasınıń ornıńa payıtın tiykarın saldı. Ol Samarqandttı qayta iyeleu menen birǵe, qattaqurǵandı da iyeledi shaxrisabzdi óz tásir kólimine qirgiziuge eristi.

Ferǵana oazisti Abdulqarimbiy (1734-1751) dáwirinde jáne de bekkemleydi. Usı uaqıtta qoqanda jana rezidentsiya, jana saray, medrese hám qurılıslar qurıldı. Ayırım maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, 1740 jıldan qoqan paytaxt sıpatında tolıq qeliplesti hám rasmiylestiriledi.

XVIII ásirdin ekinshi yarımında árdanabiy hám Norbutabiy xákimiyattı basqaradı. XVIII úshinshi shereginde Toshkentte ǵárezsiz mámleket juzeǵe kelip, onıń menen qoqan ortasında soqlıǵısıwlar juz berdi. 1794 jılı qoqan xúkimdarı Norbutabiy kóp sanlı ásker menen Toshkente qaraslı jerlerge basıp kiredi. Leykin ol jeniliske ushıradı. 1799 jılı qoqan áskerleri jáne jeniske erise, almay, keyin shegindi. XIX ásirdin baslarında Alimxan uaqtında (1798-1810) xanlıqtın territoriyası ádewir keneyip siyasiy hám jámiyetlik ekonomikalıq jaqtan joqarı kóterildi.1807 jılı Alimxan inisi Omarxan basshılıǵında 12 sın adamlıq áskerdi

Toshkentke qarsı jiberdi. Sawashta qoqanlılar ústem kelip, Toshkent átirapındaǵı jerlerdi iyeledi. Tashkent xanlıkka ǵárezsizligin tán aldı.Usı uaqıttı Toshkentte ǵárezsizlik ushın háreketler payda boldı. Sonlıqtan 1808 jılı Alimxan áskeriy júris shólkemlestirilip, Tashkentti birotala boysındırdı. Alimxan xan ataǵan járiya etken birinshi xúkimdar boldı. Usınnan baslap taxt iyelerine ádettegidey ″biy″ bálqi ″xan″ ataǵı bereletuǵın boldı.

Aqıbette Alimxan dushpanlar tárepinen óltiriledi, ornıńa taxtqa Omarxan (1810-1822) otiradı. Ol Turkstan, Chimkent, Sayram hám áulisata sıyaqlı jerlerdi iyelep, xanlıqtı ádewir keneyttiriuge eristi. Onıń dáwirinde kuratepa hám basqa jerler ushın Buxara xanlıǵı menen kóp mártebe urıslar boldı. Ulıwma Omarxan xúkimdarlıǵı uaqtı qoqan xanlıǵınıń en kúsheygen dáwiri boldı. Bunday awxal onıń ulı Madalixan (1823-1842) dáwirinde de kózge taslanadı. 1834 jılı Qarategin Kulab, Xisor, Badaxshan boysındırıldı. XIX ásirdin 20-30 jıllarında xázirgi Qırǵızstan jerleri qolǵa qirgizilip, Pishpek, Toqmaq, qurtqa h.b. birqansha áskeriy bekenisler qurıldı. Qazaqstan jerlerinde bolsa 1807 jılı aqmeshit hám 20 jılları áulisata qurıldı.

1840-1841 jılları Buxara xanı Nasrulla Uratepa hám Xojentti iyelep, Qoqanǵa kúshli soqqı berdi. Bul da azday 1842 jılı Nasrullaxan Qoqanǵa xujim etip, Madalixandı, Nadiranı hám basqa kóp adamlardı óltirdi, qala talan-taraj etildi. Aradan kóp waqıt otpesten Qoqanda buxaralılar xúkimdarlıǵı audarılıp Sheralıxan (1842-1844) xákimiyatı basqardı.Usı uaqıtta qoldın shıǵıp ketken Tashkent, qurama, Xojent hám xázirgi qubla Qazaqstan jerleri xanlıq quramına qayta kirgizildi. 1844 -1875 jıllar dáwamında xanlıqta taxt ushın shıdam bolmaytuǵın dárejede gures kúsheydi. Xanlıqta Xudoyarxan ush mártebe (1852-1858) 1862-1863, 1865-1875) taxtqa otırdı. Usı aralıqta Mallaxan (1858-1862) hám Sultan Soidxan (1863-1896) xúkimdarlıq etti. Usı uaqıtqa kelip óz-ara urıslardın tınımsız dawam etiwi hám taxtqa ılayıqsız shaxslardın óltiriwi aqıbetinde xanlıq hár tárepleme teren kriziske ushıradı.

Qoqan xanlıǵındaǵı xákimiyattı basqarıw tártipler Buxara hám Xiyua xanlıqlarınan derlik parqı bolmaǵan. Bul jerde de xan sheklenbegen xúqıqqa

iye bolıp, oziniń keliwi boyınsha jumıs alıp barǵan. Xanlıq uálayatlarǵa bólingen bolıp, olardı bes yamasa xákim lawazımındaǵı hámeldarlar basqarǵan. Wázir xannan keyingi ekinshi shaxs esaplanıp, áxmiyetli bolǵan. Joqarı, orta hám tómengi administrativ basqarıwda tómendegi hámeller bar edi: qusbegi, diyuanbegi, miqbası, shayxulislam x.b. Ferǵana alabında diyxanshılıqta paxta, jumısı áhmiyetli orın iyelegen. Ónermenshilikte toqımashılıq, gulalshılıq, mısgerlik, temirshiliq x.b. turleri rawajlanǵan. Xanlıqta sauda-satıq qızǵın tus alǵan. Qoqan Andijan, Marǵulan Namangan hám Osh iri sauda-ónermenshiliq oraylarına aylanıp, Buxara Tashkent, Samarqand, Xojent, Xiyua xázirgi Qırǵızstan, Qazaqstan jerleri menen sawda baylanısların alıp barǵan.

Mádeniy turmısta qımbatlı tariyxıy shıǵarmalar dóretildi. 1822 jılı Mırza Qalendar İsfaragiy tárepinen ″Shaxnama″ shıǵarması juwmaqlandı Muxammad Xaqimxantura Xaqandiydin ″Muntaxab at tavorix″, Mulla Niyaz Muxammad Xaqandiydin ″Tarixi Shoxrexi″, Avaz Muxammadtın ″Tarixi jaxannomayi″ shegarmaları jazılǵan. Xanlıqta Norbutabiy medresesi (1799), Juma meshiti (1815), Qoqan Ordası (xan sarayi, 1870) qurıldı.

Buxara Xiyua hám Qoqan xanlıqlarında belgili dárejede alǵa ilgerilewler hám tabıslar kózge taslanǵan bolsa da, onsha úlken bolmaǵan úlkede bir-birine dushpan úsh ǵárezsiz xanlıqtın bolıwı hám olar arasındaǵı óz ara urıslar unamsiz hám qayǵılı aqıbetlerge alıp keldi.

Rossiya menen Orta Aziya baylanısları XVI ásirlepden baslap elshilik qatnasta bolıp turdı. Biraq rásmiy turde baylanıslar ornatıwǵa erisilmedi.

## Turkistanda Rossiya imperiyasinin koloniyalliq basqaruw duzilmesinin ornatiliwi.

Rossiyanıń Orta Aziya menen baylanısı Petr 1 waqtında bir qansha rawajlandı. Sonlıqtanda 1717 jılı Xiyuaǵa Bekovich Cherkasskiy basshılıǵındaǵı ákspeditsiya jiberiledi. ákspeditsiya bir jaǵınan tanıshlıq elshisi sıpatında bolsa, al ekinshi jaǵınan Xiywa xanlıǵına dushpan sıpatında háreket etip, aqıbetine ákspeditsiya Xiywa xanlıǵı tárepinen qıyratıldı. 1839 jılı Orenburg general-Gubernatorı

Perovskiy tárepinen xaywana basıp alıwǵa urınıwlar boldı. Biraq, bul háreketlerde basqa ketti. Biraq Qazaqstan jerleriniń Rossiya qol astına ótiwi, ol jerlerde jańa qalalardıń salıwı, ruslardıń Orta Aziya sawda baylanısların rawajlandırıwdıń oraylıq ilandarmı bolıp qaldı. Sonday-aq XIX 30 jıllarında Rossiya Orta Aziya bazarları ushın Angliya menen qarama-qarsılıǵı kelip shıqtı.

XIX ásirdin ortalarınan baslap Rossiyada kapitalizmniń rawajlanıwı patsha xúkumetiniń Orta Aziyaǵa basıp kiriwine turtki boldı. Kapitalistlik sanaatınıń ósiwi jańa bazardıń sawdasına hám shiyki zat dereklerine bolǵan talaptıń kúnnen-kúnge asıwına imkaniyat tuwdırdı. Bunnan tısqarı, Rossiyanıń Orta Aziyanı basıp alıwınıń sebepleriniń biri Amerikanıń arqasında hám qublasında puqaralar urısı sebepli Amerika paxtasınıń Evropaǵa ákeliwiniń toqtap qalıwı boldı. Paxtanıń jetispewshiligi nátiyjesinde toqımashılıq tarawında daǵdarıs júz berdi, sonlıqtan shiyki zattıń dereklerin izlep tabıw zárur edi. Sonday aq Rossiyasınıń Qırım urısında jeniliske ushırawı hám Angliyanıń Orta Aziya jerlerin basıp alıwǵa ashıktan ashıq tayarlanıwı, patsha Rossiyasınıń Orta Aziyaǵa xújimin tezletti. Dáslepki áskeriy háreketler Qoqan xanlıǵına qaratıldı.

1847 jılı orıs áskerleri Sırdáryanıń tómengi jaǵın iyelep aldı hám Aral qorǵanıń qurdı. 1853 jılı aq meshitti (Házirgi qızıl Orda) iyeleydi. 1853 jılı Alma-ata awılı janında Vernıy benikis qorǵanı salınadı.Patsha Rossiyasınıń en jawızlıq háreketleriniń biri sonnan ibarat, ol Orta Aziya aymaǵındaǵı jasap kiyatırǵan xalıqlar arasına hár qıylı ósekler taratıp, olar arasında qarama-qarsılıq tuwdırıwǵa háreket etip turǵan. Máselen, Sibir korpusınıń komandiri G.Gosforutin 1856 jılı 12 oktyabrde bergen rásmiy kórsetkishinde bılay delinedi. "Biz auele Jayıq dáryasının arjaǵınan kóship kelgen kazaqlardı turaqlastırıwımız hám Qara qırǵızlardın turli elatların ózimiz tárepke awdarıp, son olardı Qoqanlılarǵa qarsı dushpanlıq sezimlerin oyatıwdı qollap-quwatlawımız kerek:.

1861 jılı 21 iyunde orıs patshasınıń qatnasıwındaǵı kenes Qoqan xanlıǵın bir jaqlı etiw xaqqında jáne bir mártebe qararǵa keldi. Usı kórsetpeniń tiykarında xalıqtın ishkerisine qaray kórip barıw, qalalardı, wálayatları hám qorǵanlardı izli-izinen toqtawsız basıp alıwǵa kirisildi.1864 jılı Chimkent, 1865 jılı úlken

qıyınshılıqlar menen Tashkent qalası jawlap alınadı. Tashkent basıp alınǵannan keyin Rossiya imperiyasınıń Turkstan máselesine tiysli barlıq áskeriy siyasiy máselelerin sheshetuǵın, orıs rezidentsiyasınıń xızmetin orınlaytuǵın mákanga aylandırıla basladı. Tashkent Orta Aziyanı koloniyalarǵa aylandırıw xaqqıdaǵı xúkimlerdi orınlaytuǵın tayanısh áskeriy-siyasiy administrativlik shtab xızmetin atqardı.

1866 jılı Xojent jawlap alınadı. Usı jılı Tashkent, Xojent Chirchik átirapları, Jizzak jawlap alınadı. Orıs áskerleri Buxara ámirliginiń bir bólegin iyelep, onı Koqan xanlıǵı shegaralarınan bólıp tasladı. Turkstan general gubernatorlıǵı duzilgennen keyin Fan Kaufman ózine berilgen úlken wákillekler tiykarında Buxaraǵa qarsı urıs háreketleri ken kólemde taǵı baslap jiberdi. 1868 jılı 1 mayda 8300 adamlıq orıs armiyası Samarqand qalasınıń bosaǵasındaǵı Shopanata tóbeliginde ámirdiń armiyasın jeńdi. 1868 jılı 23 iyunde ásirdiń elshileri pitim jasasıw ushın Samarqandta turǵan Fon Kaufmanǵa keledi. Kaufman Samarkand, Qattakurǵan hám Zarafshan dáryasınıń joqarı jaǵın Rossiyaǵa beriwdi hám 500 mıń som muǵdarında kompensatsiya tólewdi shárt etip qoyadı. Shártnama boyınsha Buxara ámiri shet mámleketler menen diplomatiyalıq baylanıslar júrgiziw xuqıqınan ayrıldı, orıs sawdagerleri ushın irkinishsiz sawda-satıq islew minnetlemesi júklendi. Amir Rossiyaǵa siyasiy baǵınıwnıń tolıq moyınladı.

Bul jaǵdaylar Rossiya menen Angliya arasındaǵı qarım-qatnaslardın sheyenlesiwine alıp keldi. Sonlıqtanda Rossiya imperiyası Angliya menen qarım-qatnas bir jónkili bolǵanǵa shekem Xiywa xanlıǵına xujim jasawdı toqtatıp turıwǵa májbur boldı. Sonıń menen birge 1717 jılı Bekovich-Cherkasskiydiń, 1839 jılǵı Perovskiydiń jeńisleri Rossiya ushın sabaq bolıp, bul jeńislerdiń sebepleri tereń úyrenildi. Áskeriy rejeler júda pısıq hám pukta islep shıǵıldı. Xiywaǵa xujim jasawdan aldın úlken jansızlıq jumısları alıp barıldı.

Xiywa baǵdarındaǵı barlıq áskeriy kúshlerdin bas komandir etip Fon Kaufman tayınlandı. 1873 jıldıń báhárinde onıń buyrıǵı boyınsha barlıq áskerler xaywanıń shegarasınan ótip, aldın-ala kelisilgen rejege muwapık basqınshılıq urısın baslap jiberdi. 1873 jılı 18 may kúni Fon Kaufman otryadları Ámudáryadan

keyin ótip, 23 may kúni Xazarasp qorǵanın basıp aldı. Sonday-aq usı waqıtta Końırat, Xojeli, Mańǵıt qalaları da iyelendi. Pus áskeriy basshıları jergilikli xúkimdarlardıń kelisimga keliw ótinishlerine qaramastan bul qalalardı adam shıdamaslıq dárejede búlginshilikke ushırattı.

1873 jıldıń 12 avgustında Fon Kaufman hám Xiywa xanlıǵı ortasında kelisimge kelenedi. Haqıyqatında bul kelisim tensizlik hám ádalatsızlıq túrde duzilgen shártnama edi. Jenimpaz hám basqınshı Kaufman óziniń shártleriniń orınlanıwın qatan túrde talap etti. Al, jeńiliske ushıraǵan xúkimdar onıń aytqanların qabıl etti. Shártnama boyınsha Xiywa xanı siyasiy xuquqlardan, óz betinshe sırtqı siyasat jurgiziwden ayırıldı.Ámiudáryanıń tómengi aǵısınıń oń jaǵasındaǵı xanlıqqa tiyisli barlıq jerler Rossiyaǵa berildi. Xanlıqqa 2 million 200 mıń som muǵdarında kontribuktsiya salındı. h.b.

Rossiya áskerleri bunnan keyin shártnamada kelisilgen tólemlerdi túrkmenlerdiń jaǵdaylarına qaramastan olarǵa qarsı qırǵınshılıq urısın dawam etti. Turkmen xalkınıń azatlıq urısına aylanǵan bul hárekettí Rossiya xúkimeti 1881 jılǵa shekem bastıra almadı. Olar ásirese kóterilisshiler ornalasqan Kók-tóbe qalasın jer menen jeksen etip, Orta Aziya territoriyasın ózlerine qaratıp aldı. Birak bul jerlerdi qarsılıq háreketleri úzliksiz dawam etip bara boldı.

1867 jılı 18 iyulde Rossiya imperatorı Aleksandr II Turkstan áskeriy okrugin dúziw hám Orta Aziyadan basıp alınıp, Rossiyanıń quramı kirgizilgen aymaqlardan ibarat bolǵan Turkstan general-gubernatorlıǵı duziw haqqında párman berdi. Okrugtin komandiri hám general-gubernator bolıp general adyutant K.P.Kaufman tayınlandı. Oǵan úlken wákillikler berilip, bir mámleket urıs daǵazalawı, pitim jasawı mumkin edi, finans hám ekonomikalıq máselelerde patshanıń ózine esap beretuǵın edi.Sonlıqtanda Turkstannıń baylıqların óz mápine paydalanıw da baslı waziypa bolıp turdı.

XIX ásirdiń aqırlarında Rossiyada kapitalistlik katnaslar jedel rawajlanıp, onıń imperializm basqıshına ótip atırǵanlıǵı turli tarawlarda ayqın kórindi. Dáslep bul ekonomikalıq turmısta kózge taslandı. Bul júda úlken monopoliyalarga sheksiz shiyki zat jetkerip beretuǵın dereklep zárúr degen sóz edi. Ásirese toqımashılıq

sanaatınıń háwij alıp ósiwi Turkstanda patshashılıqtıń monopoliyalılıǵın támiyinlewge ken jol ashıp berdi. Patsha administratsiyası Turkistandı shiyki zat deregine hám onı orıs tovarları satılatuǵın bazar maydanına aylandırıw ushın barlıq qurallardı tezlik penen iske saldı.Turkistan dárámadtıń, paydalanıw deregi sıpatında da patsha Rossiyasınıń gaziynesin bayıtıp barmaqta edi. Bul daramatlar 1867-1896 jıllarda 4 ese kóbeydi, al xalıqtan alınatuǵın salıqlar 1889-1893 jılları imperiyasınıń gáziynesine úlkeden 158 million som sap daramad tústi.Rossiya Turkstan qarım-qatnasları tek Rossiya imperiyasınıń máplerine boysındırıldı. Sonın ushın úlkede qurılıp atırǵan barlıq zavodlar, ásirese paxta zavodları orıs sanaatınıń iyelerine qaraslı edi. XX ásirdin baslarında tek Ferǵana wálayatında 157 paxta basqınshılardıń qolında edi. Tek geyparaları ǵana orıs- ózbek burjua sawda-sanaat wákillerine qaraslı edi. Turkstannıń Samarkand, Sırdárya hám Ferǵana wálayatlarında 1867-1900 jıllar dawamında 170 sanaat kárxanası ashılǵan bolsa, 10 jıl dawamında (1900-1910) taǵı 220, al 4 jıl ishinde (1910-1914) 180 kárxana iske qosıldı. Mine usı tsifralardıń ózi-aq úlkede sanaat qurılısı bir tárepleme alıp barılǵanlıǵın kórsetedi.

Úkeniń paxtası Rossiyaǵa suw menen hawaday zárúr edi. Sol sebepli Turkstannıń usı zárúrlikti pitkeretuǵın aymaq ekeniń aytıp knyaz Masalskiy bılay dep jazǵan edi. ″Paxtashılıqtıń hár tárepleme rawajlandırıw orıs toqımashılıq sanaatı ushın jaqın keleshekte ómir ólim máselesine aylanajak Turkstannıń Rossiya imperiyasına korsetetuǵın ullı ekonomikalıq xızmeti de mine usılda:

1880 jılı Turkstan paxtası orıs sanaatı talabınıń 20 protsentin qurap, bul tsifr jıl sayın artıp bardı hám birinshi jáxán urısı aldında 80 protsentke jetti. Sol sebepli imperiyasın toqımashılıq sanaatı basqa sanaatlarǵa qaraǵanda jedelirek astı.

Rossiya imperiyasınıń generalları da, siyasatshıları da sonı jaqsı biler edi, tek áskeriy kúsh, oraylıq basqarıw apparatın engiziw menen úlkeni uzaq muddette hám isenimli turde qolǵa uslap turıwǵa bolmaydı. Sonıń ushın olarǵa óz milletin, yaǵnıy orıs millettine tiyisli xalıqtıń dergilikli penen aralastırıp jiberiw, Turkstanda turaqlı turde jasaytuǵın orıs hám slavyan xalqın payda etiw kerek edi. Olar bul mashqalanı Orta Aziyaǵa orıs xalqınıń kolonizatorlar hákimiyatına kóz-qarasın

hám is-háreketlerin baqlap, zárúr bolǵan waqıtta awhaldan dárxal xabardar etiw de lazım edi. Qullası orıs milletine tiyisli bul adamlar patshalıq ushın sotsiallıq tayanısh qatlam bolıwı kerek edi.

Sonıń ushın kóshiriw siyasatın iske asırıw Turkstan general-gubernatorlıǵı duzilgen 1867 jılı aq baslap jiberildi.

Orıslar Orta Aziyanı basıp alǵannan keyin úlkeni ózlestiriw máqsetinde xalıqtın sanın duzimge alıwǵa kiristi, úlkeni izertlep shıqqan kupıya másláxátshi Girs Turkstanda 24060000 adam jasaytuǵınıń hám olardan 1200000 adam er adamlar ekeniń jazǵan. Mine usı er adamlarǵa áskeriy xızmet miynetiniń juklew máselesine toqtaǵan patsha ámeldarı bul oǵada qáwipli siyasiy ilaj ekeniń kórsetip, Turkstan xalqın armiyaǵa xasla shaqırmaw siyasatın jaqlap shıǵadı. Girstıń esaplawına qaraǵanda úlkede áskeriy xızmetke er adamlar alınsa, 6 jıl ishinde zamanagoy áskeriy texnikanı biletuǵın, jawıngerlik sapta júriwdi mengergen Turkstanlılardıń sanı Turkstan áskeriy okrugindegi áskerlerdin sanınan artıp ketedi. Olardıń arasında jawıgerlikti jetilistiriw imperiyasınıń máplerine qayshı keledi. Bunıń ornına bul xalıqqa áskeriy salıq salıw máqsetke muwapık Patsha Rossiyası ózbek xalıqların basıp alǵannan keyin bul jerde ázelden dawam etip kiyatırǵan jerge iyelik etiu formasına dus keldi. Sol sebepli bul máseleni dárhál ózlerine qolaylı etip ózgertiwge asıqpadı. Olar negizgi dıqqattı xanlıqlardıń tartıp alınǵan aymaqlarda koloniyalıq mámleket basqarıwınıń bekem tırnaǵın salıwǵa qarattı jer iyelewshilik hám suwdan paydalanıwǵa tikkeley aralaspadı. Patshashılıqtıń basqınshı administratsiyası áwele salıq jıynaw menen shuǵıllandı.

Bunıń barısında olar jer-suw qatnasların teren úyreniwge kiristi. Nátiyjesinde Turkstan general-gubernatorı 1879 jılı otırıqshı hám kóshpeli xalıqtan alınatuǵın salıqtı kobeytti. Salıqlardın muǵdarı tek Sırdárya wálayatınıń ózinde 1869 jıldaǵı 288 mıń sonnan 1882 jılı 505 sın songı arttı kóplegen jerler mámleket esabına ótkerildi. Menshik jerlerge hám hátte wákim jerlerge de salıq salındı.

Sonıń menen birge jer duzilisiniń jańa tártip qaǵıydaları kulaqlardıń juzege keliwine jaǵday duzdi, sebebi jerde satıw hám satıp alıw múmkin edi. Jer qatnasları tarawındaǵı ilajlardıń negizgi nátiyjesi sonnan ibarat boldı, áskeriy

feodal jer iyeligi saplastırıldı. Usı waqıtta shekem olar ol jerleriniń kóshpilik bólegin mayda diyxanlarǵa ijaraǵa berip kiyatır edi. Endi bul jerlerdiń kóshpilik bólegi sol átiraptın ózinde diyxanshılıq etip jurgen adamlardıń qolına ótti. Sonday-aq Turkstan awllarında jallanıp islewshilerdi de ken taraldı.

Rossiya Turkstan úlkesin basıp alǵannan keyin milliy mámleketshilik sezimlerin sindiriwdi negizgi wazıypa dep esapladı. Bunı ámelge turap úlkede uzaq dáwirler dawamında oz ústemligin ansatlıq penen saqlap qala almaslıǵın basqınshılar jaqsı boletuǵın edi. Sonı ushın Rossiyasınıń áskeriy toparları, ámeldarları Turkstanda ullı orıs mámleketshilik ideyasın ámelge asırıwǵa kiristi. Bul iske orıs zıyanlılar de qatnastırıldı.

Turkstanda jańasha usıl mektepleri, Orıs tuzem mektepleri ashılıp, olar arqalı Turkstan xalqın orıs turmısı átirapında tárbiyalaw, sonıń ala orıslar menen jergilikli xalıqlardı aralastıpıp jiberip, bul jerde evropasha turmıs qálpiniń jeniwi tolıq támiyinlewge umtıldı. Sonı da ayrıqsha atap otiw  kerek Turkstan úlkesindegi musılman bilimlendiriw shaqıpshaların general-gubernatorlıq ǵamxorlıqtan shıǵarıp taslandı. Sebebi olar kolonizatorlıq tártiplerge qarsı, milliy mádeniyat taratıwshı ilim orayları edi.

Patsha xúkimeti jergilikli xalıqlardıń milliy, siyasiy ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwına qayshı keletuǵın usılda ″Túrkstan orıslar ushın″ uranı astındaǵı reformanı ámelge asırıwǵa kiristi.

XIX ásirdin aqırlarında Turkstanda júdá kóp iski mektelper islep turdı. Bular negizinen baslanǵanı hám orta jeke joqarı diniy tálim beretuǵın mádeniy oshaqlar edi. Bul jerde diniy tálim menen sheklenip qalmastan dunyalıq tálim de beretuǵın edi. Woqitiwshılar xat sawatın ashıp, esaplaw  boyınsha da bir qatar sabaq alatuǵın edi. Eski mektep ádette kishkene ǵana bolıp, onda 10-15 oqıwshı bilim alǵan.Turkstanda medresedegi  bilimlendiriw orta ásirlerde aq ózin hár tárepleme aqlaǵan bolıp, olarda pútkil dunyaǵa atı tanılǵan  alımlar jetisip  shıqqan hám olar álemniń besegin tárbetkeni jákánge belgili. Birak XIX ásirge kelip medreseler bunday abıroy dıqqannan dárejege túsip qalǵan edi. Buǵan xanlardıń óz-ara feodallıq urısları, sol patsha Rossiyasınıń úlkeniń qıyratılıwına alıp kelgen urısları

sebepshi boldı. Medreselerdi tálim tárbiyalıq jumıslarında diniy táliymatqa hádden tısqarı dıqqat awdarılıp jáhán kólemindegi ilimlerge ǵamhorlıqtın páseyin ketiwi de oziniń unamsız tásiyrin tiygizgen edi.

Orta Aziya orıs patshalıǵınıń armiyası tárepinen basıp alınǵannan keyin úlkede ózine tán tariyxıy siyasiy sháriyat júzege keldi. Áwele úlke siyasiy, ekonomikalıq milliy eziwshilik astına alındı. Hátiyjede bul ústemshilik atmosferası birinshi náwbette mádeniyat ilim kórkem óner ádebiyat, jámiyetlik siyasiy pikir, xalıqtın turmıs kelip usaǵan salalarǵa óz tásirin tiygizdi.Kolonizatorlardıń ideologiyası basqınshı, eziwshi kúsh sıpatında úlkedegi milliy mádeniyatka putkilley qarsı bolǵan bolsa, Turkstan aymaǵındaǵı qaraǵanda kúshler de Evropanıń aldınǵı ilim hám mádeniyatına sonday qatnasta boldı. Demek hár eki tárentin reaktsiyashıl kúshleri milliy mádeniyattıń gúllep rawajlanıwına tosqınlıq jasadı. Kirisinshe hár eki terentin aldınǵı kúshleri ilim hám mádeniyattıń úlkede ulıwma rawajlanıwına uúken úles qostı.Usı dáwirdegi belgili mádeniyat iskerlerinen Axmad dánısh bolıp ol áwele Shıǵıs mádeniyatıń jaqsı úyrenip, son Batıs mádeniyatınıń baǵdarlanıw pozitsiyaları menen tanısadı. Ásirese onıń 1800-1870 jıllarda Rossiyaǵa eki mártebe sayaxat jasawı oǵan Evropa mádeniyatı menen keńirek tanısıwına imkaniyat berdi.Axmad danısh artta qalǵan Buxara ámirligin rawajlanıwǵa qaray baslaytuǵın reforma ótkeriu joybarın dúzedi. Onda bilimlendiriw siyasat, ekonomikalıq turmıs, paydalı qazılmalar hám olardıń qalay paydalanıw hám ulıwmalıqtıń mápine boysındırıw ármanı anıq sáwlelengen.

Orta Aziya basıp alınǵannan keyin patsha xúkimeti bekkem ornalasıp alıw ushın bul jerge tek armiyanı ǵana emes, sonıń menen birge tábiyiy hám jámiyetlik ilimleri tarawında atı shıqqan alımlardı da jiberdi. Olardıń aldına Orta Aziya xalıqları arasınan alımlar, qániygeler tayarlaw wazıypası qoyılmaydı. Tábiyiy ilimler alımlarınıń aldına qoyılǵan wazıypası úlkeniń baylıqların Rossiya imperiyasınıń máplerine tezirek xızmet etetuǵın ilimiy juwmaqlar tayarlap beriwden ibarat edi. Jámiyetlik tariyxıy ilimlerdin aldına ózine tán talaplar, jergilikli-xalıqlardıń minez-qulıqların, átnikalıq jaqtan úyreniw, qáwimler, ruwlar arasındaǵı qatnaslardı uyrenip bul xalıqlardı basqarıwda alımlardıń pikirinen

paydalanıwı wazıypası qoyıldı. Hár bir qánige Orta Aziyada neni qolǵa kirgiziw hám onı Rossiyadaǵı qaysı ilimiy yamasa mámleketlik joqarı shólkemlerge jóneltiw baǵdarlamalarına iste edi.

1867 jılı Tashkentte meteorologiyalıq stantsiya ashıldı. Ol úlkeniń klimatın úyreniwge kiristi. 1870 jılı Tashkentte Turkstan xalıq kitapxanası shólkemlestirildi. Orta Aziya xalıqlarınıń turmısına baǵıshlanǵan ilimiy hám úlketanıw máselesine tiyisli turli xabarlar hám maqalalar ″Turkstan wálayatınıń gazeti″, ″Tupkestanskie vedomosti″ gazetaları (1879-1917) hám basqa jergilikli baspa sózde turaqlı turde járiyalanıp turdı.

1870 jılı Orta Aziya alımlarınıń jámiyetti duzildi. Bul jámiyet óziniń aldına Orta Aziya tariyxı, geografiyası, átnografiyası, statistikası, ekonomikası máselelerine tiyisli maǵlıwmatlardı toplawdı máqset etip qoydı. Bul jumıslarǵa jergilikli adamlarda qatnasıp oz gazetinde úlkemizdin ilimin, mádeniy-aǵartıwshılıq isleriniń rawajlanıwına úlken úles qostı.

Rossiya Turkstan úlkesin basıp alǵannan keyin onıń baylıqların talan taraj etiw menen birge xalıqtı hár tárepleme eziwdi dawam etti. Sotsiallıq hám milliy koloniyalıq eziwshiliktiń shıdap bolmaslıq dárejege jetiwi nátiyjesinde xalıq narazılıq háreketi barǵan sayın pisip jetise basladı. Úlkemizdin hár qıylı orınlarında baslanıp kiyatırǵan bul kóterilislerdiń háreketke keltiriwshi kwshi diyxanlar, qalalardaǵı ónermentler boldı. Bul háreketlerde patriot ruwxaniylar, milliy arnamısın joyıtpaǵan feodallarda qatnastı. Axmad Zaki Validiy orıs ústemshiligi háreket ekeniń durıs anlay otırap, bul hádiyseniń manızına dıqqat awdarıp bılay dep jazǵan edi. ″turktin putkil tariyxıy evolyutsiya dawamında eń kózge taslanatuǵın ózgesheliklerinen biri-tariyxın biz bilgen dáwirinen berli ásker bolıp kelgenligi, tártip suyiwshiligi, turmıstın eń awır mushkil islerine de tayar turıwı, mashakatlar gezlesse uzaq waqıtlar dawamında sabırlılıq kórsetiwi bolıp tabıladı. Patsha xúkimeti qanshama awır jazalap menen qorqıtpasın, mine usı milliy arnamıs hám jawıngerlik ruwxı xalıq háreketlerinde óz sáwleleniwiniń taptı, onı gureslerge shaqıra berdi. Bunday kótirisler Kokandta Polat xan (molla İsxaq) basqınshılıǵında, 1878 jılı Mıńtóbede Jetimxan basshılıǵındaǵı dáslepki

patshashılıqqa qarsı úlken kóterilisler boldı. Ulıwma keyin ala kóterilisler Turkstannıń barlıq aymaǵında dawam etip bardı. Usınday kóterilislerdiń biri 1892 jılǵı Tashkenttegi kóterilis bolıp esaplanadı. Kóterilis oba keselligine baylanıslı kelip shıqqtı. Qala administratsiyası bul kesellikke qarsı bir qansha ilajlardı ótkerdi. Dáslep qaladaǵı 12 qoyımshılıq jawıp qoyıldı. Bul keselikkten ólgen adamlar ushın qaladan sırtta arnawlı qoyımshılıqlar ashıwǵa wáde etildi. Biraq qala aqsaqalınıń ózgertilip, onıń óz máqseti hám rus administratsiyası ushın xızmetleri, oba keselinen basqa awrıwlardı da oba dep qala sırtındaǵı qoyımshılıqqa jerlewdi buyırıwı kóterilistin baslanıwına sebepshi boldı. Kolonizatorlar xalıqtıń milliy hám diniy qádriyatları menen esaplaspadı.

Kolonizm administratsiyası xalıqtın ádet-úrplerin pisent etpey, áskeriy talaplardan, turpayı qatnas jasadı qadaǵan etiwler sebepli heshkim qaladan sırttaǵı diyxanshılıq jumısların isley almadı. Diyxanlar sawda-satıq islew ushın qalaǵa kirgizilmeydi. Diyxanshılıq jumıslarınıń qızǵın mapazı bolsa, da itibarǵa alınbadı.Shıpakerlik kóz-qarasınan ámelge asırılıp atırǵan durıs hám ibaratlı ilajlar xalıqqa isenimli tusindirilmeydi. Bul nárse elede bolsa túsinbewshiliktiń keńirek taralıwına sebepshi boldı.

Sonıń menen birge keseline baylanıslı ólgenlepdi jerlewshilerdi jazalaw, hátte kómilgenlerdi górlerinen qazıp alıw kerekligi de politsiya pristavı tárepinen aytıladı.

Bunday marxumlardıń ruwxın qorlaw, musılman úrp-ádetleriniń hám sháriyattın ayaq astı etiliwi adamlardıń narazılıq háreketin kúsheytip jiberedi.Biraq kolonizatorlar tárepinen ayawsız oqqa tutılıwdıń nátiyjesinde kóterilisti bastırıwǵa erisedi.

Kóterilistin negizgi sebebin koloniyalıq ámeldarlardıń ózleri de jaqsı biletuǵın edi. Atap aytqanda N.P. Ostroumov bılay dep jazǵan edi. ″Kóp jaǵınan ayıp ózimizde, álbette, olardıń (sartlardıń) minez-qulqın, nızam-qaǵıydaların úyrenbedik, elede uyren tolǵan xalıqtıń ǵázebin arttırıp jibergen sonǵı tamshı. Narazlıq álle qashannan beri kúsheyip, jıynalıp kiyatır edi, al son basqa narazılıqlar qosılıwı menen birden kóterilis baslanıp ketti.

Tashkenttegi kóterilis Turkstandaǵı koloniya administratsiyasın úlken táshwishke saldı. Orıs kolonizatorları orayǵa administrativlik-politsiya shtatların kóbeytiu hám administratsiyalıq jaza wákilliklerin taǵı da keneytiw xaqqında soranıp ruxsat aladı. Usaǵan baylanıslı 1892 jılı shıǵarılǵan nızamlarda ″kúshli korǵau″ da dep daǵazalanǵan orınlarda Turkstan general-gubernatorı májilis jıyınlardı tarkatıw, sawda-sanaat karxanaların jabıw baspa sóz organların qadaǵan etiw, qálegen adamdı surginge jiberiw, járiyma salıw hám basqa xúqıqlardı alatuǵın boldı.

Orıs patshalıǵı Turkstan xalıqlarındaǵı watandı suyiwshilik gúresshenlik sezimlerin saplastırıwdı úlkedegi jumıstın mazmunı dep bildi. Sonıń ushın mudamı barlıq kúshlerdi usı sharapatlı sezimdi úlke xalıqlarının yadınan hám sanasınan oshirip taslawǵa baǵdarlap otırdı. Biraq koloniyadaǵı xalıqtın azatlıqqa bolǵan umtılıwı mudamı dawam ete berdi. Usınday el ushın guresken hám izine xalıqtı tarta bilgen Muxammad Aliy İyshan bolıp, ol xalıqtı óz átirapına Toplap, olardı sawatlandırıw menen shuǵıllanǵan. Sonday-aq Muxammad Aliy İyshan basqa de ellerde bolıp, olardıń jasaw sharayatları menen tanısadı. Siyasiy waqıtlarǵa baylanıslı derekler jıynaydı. Ol bilimlendiriwdiń kúshine isenedi hám qádirin biletuǵın insan boldı. Haqıyqatında da bilimlendiriw erkinlikke hám azatlıqqa, adamgershilikke shaqırıwdıń teni-tayı jok keralı bolıp tabıladı.

Sonın menen birge patshashılıqtın koloniyalıq siyasatına qarsı azatlıq ushın háreketin shólkemlestiriwge kirisedi. Bul máqsette ol Fergana oypatındaǵı belgili adamlardı izine ertiu menen birge qońsı qırǵızlar menen de baylanıstı kúsheytedi. Hátiyjede iyshannıń átirapındaǵı adamlardıń sanı artıp baradı. Bunnan qáwiplengen kolonizatorlarda kóterilisshilerdi birlestirmew hám olardıń arasına iritki salıw háreketine

kúsh saladı. Hátiyjede 1898 jılı 17 mayda kóterilisshilerdiń aldın-ala dúzilgen planların buzıp, eki juzdey adam tosatan iyshanǵa kelip kóterilisti baslawdı talap etedi. Bul jaǵdaylar iyshannıń kóteriliske basshılıq etiwinde albırawshılıq tuwdıradı kóterilistin birinshi kúni-aq kúshlerdin birlespegenligi kózge taslandı. Hámme bir waqıtta bas kóterip shıqpadı. Sonıń menen birge kutilmegen hádiyseler

de bayqaladı. Ulıwma kóteris patsha áskerleriniń qupıya háreketleri nátiyjesinde tez bastırıldı. İyshan qolǵa alındı. Ferǵana oypatında qatan jazalawlar baslandı. Kóterilis basshısınıń qolǵa alınıwı putkil úlkede jayılıp ketken xalıq háreketin toqtata almadı, pıtırankı halda bolsa da háreketti dawam ettire berdi.

XIX ásirdin akırı XX ásirdin baslarında Turkstandaǵı tariyxıy sharayat tómendegi protsesste rawajlanıp otırdı.

Orta Aziya aymaǵı kapitalistlik bazar qatnaslarına jumısshılar ilimiy kúshler, ondiris qurallarınıń aktiv qatnasıwında tartıldı. Usı protsesste Ozbek milliy barjuaziyası-sawda sanaat iyeleri de qáliplesip bardı. Patsha Rossiyası jergilikli burjuaziyanıń payda bolıwın xasla qálemeytuǵın edi. Sebebi, olardı oz xalqı menen baylanıstırıp turatuǵın milliy, diniy, tariyxıy tamıplar bar bolıp bul milliy oyanıw payıtında bir birin tezirek tusinip alıp, kolonizatorlarǵa qarsı birden bir front bolıp guresiwge tiykar tayarlawı múmkin edi.

Millettin orkenlewin oylaytuǵın progressiv kúshler Ózbek xalqınıń ónermentleri, diyxanları, burjuaziyası, ruwxaniyları barlıq qatlamlar arasında bar edi.

Olar xalıqtın milliy sana-sezimin ósiriw hám óziniń kimligin anlatıwdıń birinshi basqıshtaǵı wazıypasın ilimiy aǵartıw islerin en jaydarıu máselesinen izledi.

Olar bunı ámelge asırmay turıp xalıqtı ulıwma sheshiwshi gárezsizlik guresine aylandırıu múmkin emesligin jaqsı biletuǵın edi. Orıs patshalıǵınıń qorqınıshlı áskeriy-siyasiy kúsh ekenligin hámmeden gore olar terenirek tusinetuǵın edi. Sol sebepli millet xalıq qayǵısı menen jasaytuǵın zıyalılar xalıqtı oyatıwdı aǵartıw tarawınan baslawǵa qarar etti. Aǵartıw isleri arqalı rawajlanǵan ellerge tenlesiw zárúrligin birinshi bolıp qarım-tatar xalqınıń perzenti İsmoyil Gaspiranskiy (1851-1914) túsindi. Ol jadidshilik háreketiniń putkil turk dunyasındaǵı ″ideallıq atası″ bolıp tabıladı.

Ol 1983 j Turkstanda, Buxarada boldı. Buxarada bir jádid mektebin ashıwǵa ruxsat aladı. Al 1904 jılı taǵı kelip Buxarada ámirdiń ákesiniń atı menen atalǵan ″Muzaffariya″ jádid mektebinde ruxsat aladı. Onıń Turkstanǵa jasaǵan

saparı jadidshilik háreketiniń rauajlanıwına úlken tásir kórsetti.

Ásirdin basında jadidler zıyalılarda putkil bir patriot qatnastı. Olardıń basında M. Bexbudiy, S.Ayniy, A.Aulaniy, A.Fitrat, Manauwar qariy Babaaxun Salimov hám basqa da kóplegen progressiv insanlar, turdı. Olar mudamı kuwǵın, qamaq, surgin usaǵan qáwip-qáterler basında turǵan jaǵdayda da jumıs isleuge májbur boldı. Turkstanda jadidshilik háreketiniń keń taralıp barısı orıs patshalıǵının koloniyalıq administratsiyasın oǵada táshiwishlendirdi. Sebebi jadid mektepleri orıslastırıw siyasatınıń tamırına balta uratuǵın edi. Jadidler orıs patshashılıǵınıń koloniallıq siyasatı strategiyasına úlken ózgerisler kirgiziwge májburlegen siyasiy kúsh sıpatında XX ásirdin basında tariyx saxnasına shıǵa baslaǵan edi.

Progressiv sana-sezimniń osiwinde, dunyaǵa kóz-qarastan jetilisiwinde Bakshasarayda basıp shıǵaralǵan ″tárjimon″ Kazanda basıp shaǵaralǵan ″uakıt, ″yulduz″ jurnalları İstambulda basıp shaǵarılǵan ″Sirotil mustakim″ (durıs jol) gazeta hám jurnalları úlken rol oynadı.

Jadidlerdin Turkstan azatlıǵı ushın gures programmasında negizinen ush tiykarǵı baǵdar bar edi. Birinshisi jańa usıl mektepleriniń tarmaǵın keneytiw, ekinshisi úmit kuttiretuǵın jaslardı sırt ellerge okıwǵa jiberiw hám wshinshisi- hárqıylı ilimiy aǵartıw jámiyetlerin duziw, sonday-aq zıyalılardıń kúshli paptiyasın shólkemlestiriwge bagdarlanǵan gazetalar shıǵarıu edi.

Usınday islerdin nátiyjesinde Ozbek progressiv bayları jaslardı sırt ellerge jiberip, ol jaqlarda zárurli qásiplerdi iyelegen elge paydalı xızmet etiwin oylap jan kuydirip jurgen jadidlerdi qollap quwatlaydı. Al jadidlerdin pıtırankı toparları áste aqırın belgeli programma hám háreket baǵdarına iye bolǵan, Rossiyada bilim alıp qaytqan. Ubaydullaxojanıń átirapına uyımlasıp Ozbek zıyalılarınıń biygárez partiyasın duzedi. Bul partiya ″Tarakkiyparvarlar (progressivshiler) degen at penen tariyxqa kirdi. Al 1914 jılı ″Tarakkiyparvarlar″ partiyasının ″Sado turkston″ gazetası jarıq kóredi. Bul gazeta úlkede milliy sana-sezimler oyatıwda, jámiyetlik oy-pikirdin azatlıq xakkındaǵı talapların eziwshi duzimge qarsı baǵdarlawda úlken xızmetler kórsetti.

Turkstanda jadidlerdin abroyı kóoterilip janadan-jańa jámiyetler shólkemlese basladı. Koqanda ″gayrat″, Andijanda ″Tarakkiyparvarlar″ usaǵan jámiyetler dúzilgen.

Rossiya imperiyasınıń basqınshılıq urısına qatnasıwı eldin hár tápepleme hálsirewshilikke ushırawına keń jol ashıp berdi. Sonday-aq frontta judá úlken áskeriy qıyınshılıqlar baslanǵan waqıtta eldin front arqa tárepinde oq-dári, azıq-awqat sıyaqlı front mutájlikleri ushın eń zárúr onimler jetpey awhal jáne de awırlasıp bardı. Sátsizlikler kúnnen kúnge arta berdi. Fronttın artında jumısshı kwshi jetispey atırǵanlıǵın shettegi koloniyalardıń xalqı esabınan toltırıw kózde tutıldı. Hátiyjede joqarı bas komandalıq shtabı ″armiyanın mutájligi ushın jeterli muǵdarda kúsh bolip shıgarıu″ áskeriy ministrlikten tez talap etti. Bul kúshti áskeriy ministrlik koloniyalardan jıynawǵa qarar etti. Usıǵan baylanıslı 1916 jılı 25 iyunde imperator Nikolay P qol qoyǵan front artındaǵı xızmetler ushın Turkstan, Sibir hám Kavkazda 19 jastan 43 jasqa shekemgi er adamlardı mobilizatsiyalawdı názerde tutqan párman shıqtı.

Turkstan general-gubernatorına tezlik penen pármandı iske asırıw xaqqında buyrıq berilip, Sırdárya uálayatınıń moynına hw mın, Samarkandqa 38 mın, Ferganaǵa 50 mın márdikar jiberiu minnetlemesi juklendi. Usınıń ishinde Ámiudárya bóliminen 5149 adam jiberiliwi tiyis boldı. Bul párman xalıqtın narazlıǵın kúsheytip jiberdi.

4 iyulden úlkeniń iri sawda hám ónermentshilik orayı bolǵan Xojand qalasında narazılıq demonstratsiyası baslanıp ketti. Onda diyxanlar, márdikarlar, xayallar barlıǵı ú mınnan aslam adam qatnasıp, demonstratsiya ″márdikar bermeymiz″ uranı astında ótti. Demonstratsiya qan tógispeli soqlıǵısıw menen pitti.

Samarkand hám Tashkentten de jaǵday keskinlesti. áá iyulde Tashkent qalasında úlken kóterilis baslanıp ketti. Ónermentler, jumısshılar, qala qambaǵalları hám átiraptaǵı diyxanlar qatnastı. Ayrıqsha atap etiw kerek, bul narazlılıq háreketlerine Tashkent hayalları da belsene qatnastı. Narazlılıqlar Rossiyanıń negizgi paxtashılıq rayonına aylandırǵan Ferǵana oypatında barǵan

sayın kúsheydi.

9 iyulden Andijanda, 10 iyulde Skobelev uezdinde baslanǵan. Qarama-qarsılıq háreketleri Namanganda baslanıp, barlıǵı bolıp 69 adam, sonıń ishinde 200-300 dey hayallar qatnasqan. Ulıwma Turkstannıń barlıq jerinde márdikarǵa alıwǵa qarsı háreketler keń eń jaydı. Bular qurallı kóteriliskede aylanıp, adamlardıń ólimine sebep boldı.1916 jılı milliy azatlıq háreketinde Jizzax kóterilisi ayrıqsha boldı. Jizzaktaǵı milliy azatlıq guresi shın manisinde azatlıq urısına aylanıp ketti. Turkstan áskeriy okrugi onı bastıra almay, janadan-jańa áskeriy kúshlerdi mobilizatsiyalap turıwǵa májbur boldı.

Jizzaqlılar basqınshılarǵa qarsı gazawat daǵazaladı. Bul dushpanǵa qarsı musılman tuwı astında birlesip, watandı azat etiw ushın ádiwli upıs daǵazalaw bolıp tabıladı.

Jizzax kóterilisine Nazirxoja iyshan hám Abdiraxman zergep basshılıq etti.

Abdiraxman basshılıǵındaǵı kóterilistin negizgi máqseti patsha kolonialılıǵınıń zorlıq zombılıǵına, márdikarlıqqa adam alıwına, xúqıqsızlıqqa qarsı guresiwden hám úlkede orın patshashılıǵınıń edi. Kóterilis kem-kemnen átiraptaǵı awıllardıń xalqı esabınan kóbeye berdi. Kóterilisshiler bir neshe márte ózlerine qarsı Karatılǵan Afanasevtin úlken kúshleri menen soqlıǵısıp olardı shegindiriwge májbur etti. Xátteki, onıń armiyaları qıyratılıw aldında turǵanda polkovnik İvanov járdemge jetip keldi. Ayawsız sawashta házirgi zaman texnikası menen bolsa da, jeniske eristi. Son olardan ayawsız osh alıwǵa eristi. Jaza armiyası hesh kimdi ayamadı. Onlap awıllardan birde nıshan qaldırmaǵan.

Kóterilis úlkedegi orıs kolonizatorlıq duzimi tubi bos tiykarda ekenligin hám onıń sutinleri qıymılday baslaǵanıń da kórsetti. Ol patshashılıqtın jaqınlap kiyatırǵan ulıwma siyasiy daǵdarısınıń jarqın bir kórinisi de edi. Kóterilis qıyratılǵan bolsa da, biraq ol Turkstan xalıqlarınıń watanıń suyiwshiligi arnamısınıń sónbegenligin kórsetti.

## O’zbekstan totalitar sovet hakimiyati quraminda

Rossiyadaǵı fevraldaǵı demokratiyalıq revolyutsiyanıń jenisi Turkstannıń da jámiyetlik-siyasiy jaǵdayına tásir ete basladı. Bul jerde de jańa hákimiyat duziw,

sonday-aq musılman jetekshileri avtonomiyaǵa erisiw, óz xalıqlarınıń keleshek táǵdirin sheshiwge háreket ete basladı. Ásirese Petrogradqa oktyabr qurallı koterilisiniń jeniske erisiwi, Tashkenttegi waqıyalardıń rawajlanıwın tezlestirip jiberdi.

27 oktyabrden baslap revolyutsiyalıq kushler shekem Patsha general Korovichenko áskreleri arasındaǵı kurallı soqlıǵısıwlar dawam etti.

1917 jılı 1 noyabr kuni Turkstan ulkesi Soveti, Tashkent Sovetiniń, atqarıw Komiteti hám áskeriy Komitet xalıqqa qaratılǵan Undewin járiyalap, Tashkentte qurallı koterilis jeniske eriskeni tuwralı xabar ketti.

Tashkentte jumısshılar menen soldatlardıń qurallı koterilisi jeniske eriskennen keyin hákimiyat duziw haqqındaǵı másele ortada turdı.

Jumısshılar menen soldatlar deputatları Sovetleriniń I ulke sezdi noyabrde jumıs basladı kun tártibinde: úlke hákimiyatın sholkemlestiriw orınlarda hákimiyat duziw. Tiykar salıwshı májiliske saylawlar máseleleri turdı. Sezde sholkemlesken fraktsiyalar óz platformaların bayan etti. Bolshevikler koalitsiyalıq xukimet duziw pikirin úzil-kásil biykarladı. Ol solshıl ásirler ulke hákimiyatı organına musılman proletariatınıń uakilleri de kirgiziw mumkin dep esapladı. Ońshıl ásirler hám menshekler barlıq demokratiyalıq shólkemler qatnasatuǵın hám orınlardıń yarımı musılman xalıqtıń wákillerine beriletuǵın koalitsiyalıq xukimet duziwdi jaqlap shıqtı.

Sezde sózge shıqqan ulamashılardıń jetekshileri Sheralı Lapin sezd qatnasıwshıların ″turli musılman toparlarınıń birlesken keńesi″ revolyutsiyası menen tanıstırdı. Biraq sezde Sheralı Lapin usınǵan platforma biykar etildi.

Sezd bolshevikler, solshıl ásirler hám maksimalistler (ásirler partiyasındaǵı toparlardıń biri) revolyutsiyası negizinde tayarlanǵan deklaratsiyanı qabıl etti. Bul deklaratsiya ulkeniń revolyutsiyalıq hákimiyatın shólkemlestiriwdiń baǵdarların xabarladı: ″házir Turkstan úlkesi xalıq Komissarları Soveti dep atalatuǵın Jumısshı, soldat hám diyxan deputatlarınıń úlke Soveti″ hákimiyatın joqarǵı organı, dep daǵazalanadı xalıq húkimettiń quramına jergilikli xalıqtan birde wákil kirgizilmedi.

Úlke hákimiyattıń duziw máselelerinde Turkstanlı bolsheviklerdiń tutqan jolına ótken jumısshılardıń, soldatlar hám diyxanlar deputatlarınıń, III úlke sezdiniń qararları. Rossiya respublikası xalıq komissarları sovetiniń bir neshe nızamı aktleri menen tastıyıqlanǵan. 1917 jılı 2 noyabrdegi ″Rossiya xalıqları xukimlarınıń deklaratsiyası″, ″Rossiya xalıqlarınıń bolinip shıǵıp, biyǵárez mámleket dáwirine shekemgi bolǵan xuqıqqa muwapıq, xalıq komissarları soveti ″Rossiya hám shıǵıstıń barlıq musılman miynetkeshlerine″ - degen arnawlı murájetinde mamanday - dep shaqırıq taslanǵan edi. ″Óz milliy turmısımızdıń erkinlik hám biymalik penen qurıp. Buǵan sizlerdiń xaqınız bar. Sonı bilip koyınlar aqlardıń, xaq-xuqıqlarımızda, barlıq Rossiya xalıqlarınıń xaq-xuqıqları sıyaqlı, revolyutsiya hám oǵan organları, jumısshılar soldatlar hám diyxanlar deputatları sovetleriniń bar kúsh-ǵayratı menen qorǵaladı.

Turkstan bolshevikleri hám solshıl ásirler Turkstan musılman xalqınıń úlkeni basqarıwǵa xuqıqın biykarlap, hákimiyat haqqındaǵı máseleni kelisip sheshiw imkaniyatın biykar etti. Sonlıqtanda bul háreketler úlke musılmanlarınıń ayrıqsha IV sezdiniń jumısına tásir jasadı. Sezd 26 noyabr kuni Qoqandta jumıs basladı. Turkstandı basqarıwdıń forması haqqında másele sezdiń dıqqa orayında trdı. Avtonomiya hám biyǵárezlik járiyalaw haqqındaǵı pikirdi hámme qollap-quwatladı.

Shólkemlestiriletuǵın mámleketlik duzimniń atı 28 noyabr kuni belgilendi-oǵan ″Turkstan avtonomiyası″ degen at qoyıldı. Sezd pútkil Rossiyalıq tiykar salıwshı májilis shaqırılaman degenshe hákimiyattı jańadan duzilgen ″waqıtsha Turkstan Soveti″ hám ″Turkstan″ xalıq májilisi ne berdi.

Waqıtsha xukimettiń prezidiumına sezd 8 adamdı sayladı: Muxammadjan Tanishbaev bas ministr, ishki isler ministri, İslam Shaaxmedov bas ministrdiń orınbasarı: Mustafa Shakaev sırtqı isler ministri. Ubaydulla Xojaev áskeriy ministr hám basqalar soların qatarına kiredi. Qalǵan tórt orın evropalı xalıqtan saylanǵan wakillerdiń iyelewi ushın qaldırıldı.

Avtonomiyanıń daǵazalawın Turkstan xalıqları qápten berli arman etken

óziniń milliy mámleketke iye bolıw dep bildi, buǵan juwap retinde ǵalaba birlik háreketi baslandı. Al, úlkeniń Sovet organları avtonomiyalı Turkstan waqıtsha xukimettin tan almaytuǵınıń birinshi kunlerden baslap-aq málimledi.

Sonıń menen birge avtonomiyalıq hárekettiń óziniń ishinde musılman xalqınıń turli sotsiallıq qatlamları hám toparlarınıń máplerine qorǵaytuǵın basshılar arasındaǵı kelisiwshilikler barǵan sayın kusheydi. M.tanıshbaevtıń, ornına M.Shokaev bas ministr bolıp tayınlandı.

Azıq-awqat máseleleri, áskeriy hám finans máseleleri waqıtsha xukimet ushın ulken mashqalalarǵa aylandı.

Qarsı táreptin basqınshılıǵı da kusheyip bardı. Artilleriya menen kurallanǵan K.Osipov basqınshılıǵındaǵı otryadtıń, Qoqanǵa keliwi hám qalanıń artillerin tárepinen ekka tutılıwı, waqıtsha xukimettiń hám qala xalqınıń sawashta qatnasıwların biyquwda etti. Sóylesiwler barısında bolshevikler tárepinen usınılǵan ″paraxatshılıq shártnamasın″ 9 fevralda qol qoyıldı.

″Turkstan avtonomiyası″ waqıtsha xukimeti qayratılǵannan keyin Turkstanda jámiyetlik-siyasiy jaǵday oǵada keskenlesti. Sońlıqtanda Turkstan avtonomiyası haqqındaǵı máselen 1919 jılǵı 20 aprelde ashılǵan jerglikli milletlerdiń 50 ge jaqın delegatı bolıp, olar ulıwma delegatlar sonınıń 20 protsentten kemiregin quraytuǵın edi.

1918 jılı 30 aprelde sezd RSFSR quramına kiretuǵın Turkstan avtonomiyalı respublikasın duziw haqqında qarar etti hám ″Turkstan sovet federativlik respublikası haqqındaǵı nızam″ da tastıyıqlandı. Oraylıq Atqarıw komitetiniń baslıǵı bolıp bolshevik P.A.Kobezezov saylandı. Tupkillikli xalıqtıń wákilleri Turkstan respublikası Oraylıq atqarıw komiteti menen xalıq komissarları sovetindegi orınlardıń besteń bir boleginen kemiregin hám jergilikli sovetler quramınan yarımınan kóbiregin iyeledi.

1918 jıldan ekinshi yarımında Turkstanda siyasiy jaǵday keskin durejede ayırlastı. Ekonomikalıq qıyınshılıqlar, azıq-awqatınıń jepespewshiligin siyasiy daǵdarıs penen taǵı da tereńlesti. Turkstanda sovet hákimiyatı qıl ustinde turdı.

Áskeriy kushler sovet hákimiyatınıń bekkem bolǵanlıǵınan paydalanıp qalıwǵa urındı.

Turkstan respublikasınıń áskeriy komissarı K.Osipov hám onıń ideyalıq pikirlesleri ózlerine isenip tapsırılǵan áseriy bolimlerge arqa súyep 1919 jılı 19 yanvar kuni Turkstan respublikasında áskeriy awdarıspaq jasawǵa hám áskeriy diktatura ornatıwǵa urınıp kordi. 14 Turkstan komissarları atıp taslandı. Biraq jumısshılar bul til biriktiriwlerdi qollap-quwatlamadı hám ol bastırıldı.

2. Turkstanlardıń otryadı menen qızıl armiya arasındaǵı urıslar 1918 jıldan Turkstannıń barlıq jerlerinde baslanıp ketti. turkstanlılar, talawshılar toplarınıń bas koteriwleri dep esaplanadı, hám patsha xukimeti dáwirinde de juz berip turǵan belgili waqıyallardıń atına sáykeslep, olardı ″baspashılar″ - dep atadı.

Turkstanǵa kelip jetken RKP Oraylıq komitetiniń wakilleriniń tásiri astında wlkeniń sovet hám partiya basshılıǵı sonıń ala sovet hákimiyatına arsı qurallı koteriliste ken xalıq massası qatnasqanınıń tomendegilerden ibarat basqa sebeplerin tan alıwǵa májbur boldı.

Turkstan Avtonomiyası xukimetiniń qıyratılıwı hám bunnan keyin jergilikli xalıqqa qarsı jazalaw kompaniyasınıń háwij aldırılıwı.

-xalıq arasında ǵalabalastırılmaǵan ″sotsialistlik″ siyasattı ámelge asırıw- meshitlerdi, medreselerdi jawıp taslaw, qızılardıń jumısın qadaǵan ótiw, sanaat karxanaların, hátte ónermentshilik karxanalarında konfiskatsiyalaw, ǵálle monopoliyası, azıq-awqat razvetkası bolistiriliwin) engiziw, projotryadlar (azıq-awqat jıynawshı otryadlar) xızmetin, bazarlardı jawıp taslaw, erkin sawdanı toqtatıw hám basqalar.

Qurallı hárekettiń ǵalaba tús alıp ketiwin, mine usı hádiyseler belgilep bergeninde shubqa joq. Biraq, onıń kelip shıǵıwınıń hám uzaqa sozılıwınıń torkini birza teren sebeplerge-ǵárezsizlikke hám koloniyazatorlardan qutılıwǵa umtılıwdıń Orta Aziya xalıqları sanasına tereń sinip ketkenligine baylanıslı edi.

Turkstan xalıqlarınıń azatlıq hám ǵárezsizlikke ushın alıp barǵan 30 jıllardan ortalarına shekem ge jenisli, satsizlik penen dawam etken qurallı gureslerde eń ǵalabalıq tuske iye bolǵan, milliy-azatlıq háreketi tariyxına, umtılmas betlerdi jazıp

ketken dáwiri onıń baslanǵısh dáwiri 1918 jıldıń fevralınan 1920 jıldıń fevralına shekem etken dáwiri boldı.

Azatlıq guresiniń birinshi bayraǵın avtonomiyalı Turkstanlı ol qıyratılǵannan keyin qalǵan milliy armiyasınıń komandiri kishi árǵash basshılıǵındaǵı bolıp koterip shıqtı. Ol qazalalanǵannan keyin úlken Muxammad Aminbek Axmadbekov) qosıldı.

1918 jıldıń mart ayınıń aqırında Pashkir (Kokan tubinde) awıllarında 40 qa jaqın kurbashılardıń qatnasıwında bolıp otken quraltayda birden-bir komandirlik duziw haqqında qarar qabıl etildi. Joqarı bolıp Erǵash saylandı.

Azatlıq ushın hárekettiń qatarları qısqa muddet ishinde birneshe ese kobeydi. Olardıń sanı haqqında hárqıylı maǵlıwmatlar bar. Ergash qurbashı jetekshiliginde 1918 jıldıń ózinde-aq olardıń hár birindegi adamlardıń sanı 1800 ge shekem jetetuǵın 70 otryad bar edi. 1918 jıldıń guzine kelgende armiyadaǵı barlıq jigitlerdiń ulıwma sanı 15 mınǵa jetti. 1919 jıldıń báxárinde putkil Ferǵana derlik kurbashılar otryadlarınıń baqlawı atsına etti. Sovet hákimiyatı is juzinde tek qalada, temir jol stantsiyalarında saqlanıp qaldı.

Sovet hákimiyatı bul qıyın jaǵdaydıń shıǵıwdıń jolı ǵárezsizlik ushın háreket qatnasıwshılarına ulıwma ápiw (keshirim) daǵazalawdan ibarat dep bilip, 1919 jılı 7 may kuni Turkstan Oraylıq atqarıw komiteti ǵárezsizlik háreketi qatnasıwshılarına ǵalaba keshirim beriwdi daǵazaladı. daǵazalanǵan keshirim beriw óz nátiyjelerin bermedi, tek ǵana kishi otryadlar ǵana ıqtiyarlı turde quralların tapsırdı.

Sovet Qıtay shegarasındaǵı iktishtamda 1919 jılı 22 oktyabr kuni shaqırılǵan kurbashılar kuraltayı ǵárezsizlik ushın háreket tiykarında áhmiyetli hádiysede boldı. Bul quraltayda ″waqıtsha Ferǵana xukimeti″ duzildi, onıń quramına baslıǵı hám bas komandir bolıp Madaminbek saylandı. Madaminbek basshılıǵında kurbashılar arasındaǵı qarama - qarsılıqlardı saplastırıw ushın taǵı bir márte kóriw ushın jumıslar baslandı.Mine, usınday jaǵdayda sovet hákimiyatı tárepinen turkkomissiyasınıń jumıslarında siyasiy jumıstı kusheyttiriwge áhmiyet berildi.

Kópshilik arasında úgit-násiyat jumısların jurgiziwge háreket bolıp shıǵarıldı. Uayran bolǵan diyxan xojalıqların qayta tiklew ushın arnawlı háreketlarga qarızlar berildi, diyxanlardan alınatuǵın mámleket salıqlarınıń muǵdarı kemeytirildi h.t.b.

Siyasiy ekonomikalıq tarawda ámelge asırılǵan ilajlar unamlı nátiyjelerin bere basladı.

Usınday sháriyatlarda 1920 jıldıń yanvar-fevralında azatlıq háreketiniń negizi bazarlarına qarsı jurgizgen operatsiya satli bolıp shıqtı. Óziniń negizgi kushlerin saqlap qalıw ushın Madaminbek sóylesiwler jurgizedi. Nátiyjede 1920 jılı 6 mart kuni tanıshlıq pitimine qol qoyıldı. Kem-kemnen kusheyip baratılǵan ashlıq, azıq-awqat onimleri narqınıń hádden tısqarı koteriliwine baylanıslı june de awırlasqan áskeriy eziwshilik xanlıqlardıń ishki siyasiy turmısında biykararlıqtı juzege keltirildi. Turkmen urıw basshıları mine usınday paydalanıp, xanlıqta ustemlik súriw ushın gures basladı. Joneytxan turkmen qáwimlerin tuwdırap pitim jasasıw jolına etti.

Joneyt ant ishkennen keyin Asfandiyarxan tárepinen Xiywa xanlıǵı áskerleriniń komandiri bolıp tayınlandı. Aradan kóp otpey-aq Asfandiyar óltirilip, onıń ornına Xiywa xanınıń dayısı Abdullaxan otırǵızıldı. Joneytxan Xiywa xanlıǵınıń birden-bir xukimdarı bolıp, Rossiya menen Sovet Turkstanǵa qarsı urısqa tayarlıqtı háwij aldırıp jiberdi.

Usınday háreketlerdiń aldın alıw ushın hám Turkstan bolshevikleriniń basshılıǵı áskeriy kushin korsetiw máqsetinde Buxara ámirligine qarsı áskeriy atlanıs basladı. Qattı qarsılıq kórsetiwlerine qaramastan, bolsheviklerdiń kosımsha kushleriniń ketiwi ámirdi shártnama duziwge májburledi. 1918 jılı 25 mart kuni qızıl tóbede shártnamaǵa qol qoyıldı. Usı shártnamanıń negizgi shártleri: Ámir hárekettegi armiyasın 12 mıń adamǵa shekem kemeyttiriw, Buxara ámirliginde jasırınıp jurgen barlıq kontrevolyutsioner hám aq gvardiyashılardı tapsırıw, temir jollar hám telegraftıń saqlanıwın támiyinlew hám basqalar sovet xúkimeti tárepinen uyımlastırılǵan áskeriy atlanıstıń haslı mańızın korsetip berdi. Ol, Buxara ámirin eskertiw hám Buxaranıń sovtelerge qarsı bekiniske aylanıp ketiwine jol qoymawdan ibarat edi.

Sovet xukimeti Xiywa xanlıǵı menen de tap usıǵan uqsas pitim jasastı. 1919 jılı 9 aprel kuni Xiywaǵa jaqın taxtada RSFSR menen Xiywa xanlıǵı arasında jarasıw haqqındaǵı shártnamaǵa qol qoyıldı. 1919 jıldıń jazınan baslap Sovet Turkstanı menen Buxara hám Xiywa arasındaǵı qatnaslar taǵı keskenlesti. Ámir Sayid Alimxan menen Joneytxan Sovetlerge qarsı áskeriy-siyasiy awqam duzdi. Xanlıqlarda ulıwma mobilizatsiya daǵazalandı. Joneytxan Ámudáryanıń on jaǵasında aymaqlarǵa xujim jasadı, Tortkul bir neshe mártebe basqınshılıq astında qaldı.

TKP úlke komiteti hám Turkstan Oraylıq Komiteti Xiywa xanlıǵındaǵı barlıq oppozitsiyalıq kushlerdiń birlesiwine hám bekkemleniwine erispekshi bolıp, sonday-aq Joneytxanǵa qarsı keyiptegi turkmen urıw baslıqları menen bekkem baylanıs ornatıw hám bulardıń Joneytxanǵa qarsı gureslerinde olarǵa hár tárepleme járdem beriwdi usındı. 1919 jılı noyabr ayında bul kushler arasında awqam duzildi.

Xiywa xanlıǵındaǵı waqıyalardıń rawajlanıwına baylanıslı oǵan járdem beriw haqqında delegatsiyalardıń kelgenligi haqqında Turkstan Oraylıq atqarıw komitetine, basqada bolsheviklerge telegramma jiberilgen.Usıǵan baylanıslı 1919 jılı 23 oktyabrde Turkstan Respublikası Revolyutsiyalıq áskeriy wákili Skalovtıń buyrıǵı menen áskerler ″Joneytxannıń zulımınan azat bolıwda Xiywa miynetkeshlerine járdem beriw″ wazıypası juklendi. Arqa otryad Ámudárya bolimi aymaǵında koterilgen qazaq otryadların joq etip, 22 dekabrde aq Ámudáryadan etip Xiywa xanlıǵı aymaǵı bastırıp kirdı. Qubladan qubla otryadına áskeriy bolimleri 24 oktyabr kuni Ámudáryadan ótip, xujim operatsiyaların keneyttire basladı.

Usı áskerlerdiń qısımı astında Joneytxan otryadları Gazabad hám Taxtaǵı qaray shegindi. 20 yanvar kuni Joneytxannıń bas rezidentsiyası Taxta qızıl armiya áskerleri tárepinen qolǵa alındı. 1 fevralda áskerler Xiywa xanlıǵınıń paytaxtı Xiywaǵa kirip bardı. 1920 jılı 2 fevralda Said Abdulla taxttan uaz keshti hám putkil hákimiyattı Xiywa monarxiyasın awdarıwda qatnasqan barlıq toparlardıń wákillerinen ibarat uaqıtsha revolyutsiyallıq xukimetke tapsırdı.

1920 jıl 26 aprel kuni shaqırılǵan xalıq wakilleriniń putkil Xorezm kuraltayı Xorezm xalıq Sovet Respublikasın daǵazaladı hám onıń Konstitutsiyasın qabıl etti. Kuraltayı respublika xukimetin xalıq ministrler sovetin duzdi, onıń baslıǵı bolıp: jas Xiywalalılar jetikshileriniń biri Paluaniyaz Yusupov saylandı. Solay etip, jas xiywalalılardıń hám turkmen urıwları baslıqlarınıń bir bolegi sovet qurallı kushleriniń járdeminde monarxiya tártibin awdarıwǵa erisip, xákimiyattı óz qollarına aldı. Buxaradaǵı waqıyalar da usıǵan uqsas rawajlanıp bardı. Ásirdiń Sovet Rossiyası menen qatnasların jenlewdi qálemegeni, bolshevikler tártibin qabıl etpegeni, urısqa kush salıp tayarlıq korgeni, Sovetlerge qarsı barlıq kushlerge óz aymaǵınan baspana bergeni Sovet basshılıǵın qaweterlendirdi.

1920 jılı avgust ayınıń dáslepki kunlerinde V.İ.Leninge jiberilgen telegrammada M.V.Frunze bılay degen edi: ″Buxara boyınsha eki turli jol tutıwdı oylasa basladı:

1) mámlekettegi ishki revolyutsiyalıq protsesstin rawajlanıp barıwına úmit baylaw hám usı payıtta kutip turıw:

2) sırtqı kushler esabınan revolyutsiyanı sholkemlestiriw″, taǵı da ol ámirlik tez arada joq etiw zárúr dep esaplaytuǵın bolsa, ol jaǵdayda ekinshi jol, yaǵnıy kushlerimizdiń revolyutsiyalıq jol menen tikkeley qatnasıwın sholkemlestiriw ǵana qaladı″.

Bul másele boyınsha Moskva 1920 jılı 10 avgust kuni arnawlı direktivalar qabıl etti. Usı máseleni, yaǵnıy sırtqı kushler menen revolyutsiyanı iske asırıw ushın tayarlıq RKP (b) Oraylıq komiteti tárepinen islep shıǵarılǵan reje boyınsha alıp barıldı. Bunda Buxara ámirin awdarıwda járdem soraǵan shaqırıqtı tas Buxaralılardan alıw, Buxara komunistleri menen jas buxaralılar sholkemi menen awqam duziw hám taǵı basqalar.

Buxara komunistlik partiyasınıń Charjowdan jumıs alıp barıp atırǵan IV sezdi 1920 jılı 16 avgustta aq Buxara xanlıǵında revolyutsiyalıq jaǵday pisip jetiskenligin korsetip, ámirdi hákimiyattan awdarıw tuwralı qarar qabıl etti hám Buxaranıń miynetkesh xalıqların ásirler boyı dawam etip kiyatırǵan feodallıq

zulımlıqtan hám ámir eziwinen qutqarıw ushın járdem sorap Turkstan komissiyasına murajat etti. 1920 jılı 25 avgust kuni Frunze turkfront áskrelerine ″koterilis jasaǵan Buxara miynetkeshlerine járdem korsetiw haqqında″ buyrıq berdi. Ulken qarsılıqlarǵa qaramastan, qosımsha kushlerdiń járdemi menen 1920 jılı 2 sentyabrde turk front áskerleri hám Buxaralılardıń ıqtiyarlı bolimleri Buxaraǵa kirdi. 1920 jılı 14 sentyabrde baslıq Abdiqadır Muxiddinov basshılıǵında ulıwma Buxara revolyutsiyalıq komiteti hám respublika xukimet-xalıq Ministrler Soveti duzildi, onıń baslıǵı bolıp F.Xoja tayınlandlı. 1920 jılı 6-8 oktyabr kunleri bolıp otken xalıq wakilleriniń birinshi ulıwma Buxara quraltayı Buxaranı hákimiyat jumısshı hám diyxanlar qolında bolǵan xalıq Sovet respublikası dep daǵazaladı.

Azatlıq ushın hárekettiń otryadları Turkstanda, Xorezmde, Buxarada sovet hákimiyatına, onıń ulkeniń jergilikli xalıqlarınıń máplerin biykarlawshı siyasatına qarsı turǵan ulken faktor bolıp qala berdi. Olardıń negizgi bolegin diyxanlar quraǵan edi. Bul hárekette qalalılar da, hár qıylı qásip iyeleri de qatnastı. Buxara respublikasında azatlıq ushın hreket mámlekettiń ul bolegin-oraylıq, shıǵıs hám batıs bolegin óz ishine aldı. Mámlekettiń batıs aslam adam bar edi. Bularǵa qarsı qızıl armiyanıń jaqsı qurallanǵan hárekettegi bolemleri baǵdarlandı.

Xorezmniń arasında azatlıq háreketke Joneytxan basshılıq etti. 1921 jıldıń jazında Qonıratta koterilis boldı. Bir neshe qalalar guresshilerdiń qolına ótti. 1922 hám 1923 jıllarda hárekettin kusheyiwi Xiywada ulken koterilistiń baslanıwına alıp keldi. 1924 jıldıń yanvar ayında qala átirapında 10-15 mıńǵa piyadalar hám atlılar bolimleri ǵana bul otryadlardı shegindiriwge májbur etti. Biraq háreket dawam ete berdi.

Ózbekistan Sovetler dáwirinde « Orayǵa» tolıǵı menen baǵınatuǵın ǵárezli bir úlke sıpatında qala berdi.

Respublika hám onıń xalqı qansha tábiyiy baylıqlar qaǵıp alınıp atırǵanlıǵı, kárxanalarda jetistirilip tırǵan ónimlerdi, paxtanı kimler qay jerge alıp barıp satıp atırǵanlıǵı, bunnan qansha hárejet túsip atırǵanlıǵın bilmes edi. Xalqımız ózleriniń

miynetleriniń nátiyjelerin kórmes edi. Eń ashınarlısı, xalqımız ruwhıy jaqtan ezildi. Tilimiz, dinimiz, milliy qádiyat (bahalıq) larımız., dástúr, úrp-ádetlerimiz ayaq astı etildi. Tariyxıy estelikler, meshitler joq etildi, buzıldı, qarawsız qaldı. Ullı alımlar, ulamalarımız qaralanıp, kitapları joq etildi.Ǵárezlilik mámleketlerimizdiń bir ásirden aslam dáwir dawamında sırtqı dúnyadan bólsheklep qoyılǵanlıǵı menen de xarakterlenedi.

Sovet hákimiyatı jıllarında basqarıwdıń partiya-mámleket diktaturası «Xalıq mámleket» diktaturası payda bolǵan edi. Konstituttsiyada «Xalıq mámleketlik hákimiyattı xalıq deputatları arqalı ámelge asıradı» dep jazıp qoyılǵan bolsada, is júzinde deputatlar hesh qanday sheshiwshi rol oynamas edi.Mámleketlik - basqarıw xalıqtan pútkilley ajıralıp qalǵan bir gruppa ámeldar «basshılardıń» jekke monopoliyasına aylanıp qalǵan edi. Xalıqtı ǵárezlilikke duwshar etken totalitarlıq sistema adamlardı hákimiyat haqqında oylamaytuǵın, payda bolǵan problemalardı sheshiwdi qatnaspaytuǵın ruwxta tárbiyaladı.

20 jıllardıń aqırınan baslap mámlekette hám respublikada orın alıp kiyatırǵan totalitarlıq jámiyetke tán ózgeshelkler barǵan sayın ashıqtan-ashıq kórine basladı. Bul jámiyettiń negizi bolıp qalǵan administratvlik-buyrıqpazlıq sisteması J.E.S ekonomikasınıń qarama-qarsılıqların ózine sińirip, «áskeriy kommunizm» dástúrlerin dawam etti. Partiya hám mámleket ákonmika, siyasat, mádeniyat ústinen qatań qadaǵalaw qoydı.

Respublikamızdı ne islenetuǵın bolsada «Oray» dan shıǵarılǵan qarar, pármanlar tiykarında islenetuǵın edi. Sovetler, kásiplik aukamlar, baska jámiyetlik sholkemle jokarıda jurıp berilgen direktivlik kelispesten áhmiyetli sheshimleri kele almaytuǵın edi. 20 jıllar dawamında quwdalawshılıq siyasatı alıp barıldı. Zorlıq hám repressiyalar ótkerildi.

Usı jıllar áhmiyetli hám júdá qarama-qarsılıqlı hádiyseler menen tolı boldı. ÓZBEKISTAN SSRınıń shólkemlestiriwi, Konstitutsiya qabıl etiliwi, mámleket dúzimleri,partiya shólkemlerdiń júzege keliwi xalıqtıń anaǵurlım birlesiwine, ekonomikalıq tez ayaqqa turıp, taǵı da rawajlanıp ketiwine jol ashtı. Biraq respublikanıń ǵárezsizligi «Oray» ǵa baǵnıńqılıǵı respublikanıń tek bir tárepleme

rawajlanıwına alıp keldi.

SSSRdıń quramında neshe respublika bolǵan bolsa hár biri óziniń rásmiy túrde Konstitutsiyasına, mámleketlik bayraǵına, mámleketlik gerb, hám gimnińe iye bolǵan. olardıń ajratıp turatuǵın shegaraları  da anıq bolǵan. Biraq bulardıń barlıǵı  SSSR dıń zorawan imperiya ekenligin jabıwǵa qaratılǵan hám xızmet qılǵan.

Tiykarında hár bir « awqamlas respublika «  jeri, suwı, qazılma baylıqları, miynetkesh xalqı oray ushın xızmet etken. Mısalı, Ózbekistanda islep shıǵarılǵan taza altınnıń 100  i  uran hám basqa qımbat bahalı metallardıń aqırǵı grammına shekem, paxta talasınıń  96  i zorlıq  penen, hesh kimnen soralmastan orayǵa (Rossiyaǵa) alıp ketilgen. Bunday zorlıqtı jabıw ushın tómendegi siyasiy nıqablar (túsinikler) isletilgen:

- Ózbekistannıń ulıwma awqam miynet bólistiriliwinde  tutqan ornı;

- SSSR dıń tiykarǵı paxta jetistiriwshi bazası dep táriypleniwi;

- SSSR dıń birden-bir xalıq xojalıq kompleksinde Ózbekistan ekonomikasınıń qániygelesiwi;

- SSSR dıń milliy respubliqalarǵa « biyǵárez «  finanslıq járdemleri, dáslep awqam byudjetinen dotatsiya dep atadılar, sońınan subendiya dep kórdi, aqırǵı waqıtta «subventsiya»  dep táriypledi. Biraq hár qansha atların ózgertpesin, olardıń mánisi bir- «Ózbekistanda ekonomikalıq (finanslıq) ǵárezlilikte»  uslap turıw edi.

20 jıllardıń ortalarına kelip jańa ekonomikalıq siyasatqa ótiw baslandı. Azıq-awqat razverstkasın azıq-awqat salıǵı menen almastırıw diyqanǵa artıqmash ónimdi satıwǵa sonday-aq paxta hám basqa eginler maydanın keneytiwge imkaniyat berdi. Bunıń nátiyjesinde diyqanlardıń tovarlar menen támiyinleniwi ósti, olardıń turmısınıń dárejesi biraz kóterildi.

1925 jılı egislik maydanlarınıń úshten eki bólegi burınǵı jaǵdayına ákelinip, kompleksli jer dúziw isleri ótkerildi. Kooperativlik qurılıs háwij aldırıldı.

Biraq agrarlıq másele birdeyine keskin bolıp qalmaqta edi.Ózbekistan awıl xojalıǵı awdarıspaqtan aldıńǵı rawajlanıw tendentsiyaların saqlap qaldı. Ózbek awıllarınıń kópshiligi jeri az yamasa jersiz bolıp qala berdi.Elimizde sovetlik qayta

qurıwlardıń biri awıl xojalıǵın kollektivlestiriw edi. Ózbekistannıń awıl xojalıǵın kollektivlestiriw Pútkil awqamlıq oraydan bolatuǵın bir ulıwmalıq qararlar tiykarında ámelge asırıldı. Biraq Ózbekistannıń awıl xojalıǵınıń ózine tán ózgeshelikleri bar edi, bular esapqa alınbadı.

Orta Aziyanıń basqa rayonları sıyaqlı Ózbekistanda musılmanshılıq kúshli edi, onıń ústine jer suwdan paydalanıwda urıwlıq qatnaslar baslı orındı iyeleytuǵın edi. Bul qatnaslar suwǵarıw tarmaqların qazıw, ońlaw hám paydalanıw jumısların iske asırıp, diyqanshılıq etiwdiń ózine tán shárayatları edi.Endi dara xojalıq, jerge jeke menshik hám waqım jerler joq etilip, burıngı jer-suw qatnasları ıdıray basladı. Jer-suw mámleket qolına ótti, onı diyxanlar kollektiv bolıp paydalanıladı.1940 jılı 5 yanvarda «kollektivlestiriwdiń páti hám kolxoz qurılısına ilajları haqqında» qarar qabıl aldı. Usı qarardan keyin diyxanlardı kolxozǵa massalıq túrde kirgiziw baslandı. Kolxozǵa kirgenler tiykarınan jarlı hám orta diyhanlar edi. Al bay hám ruwxaniyler quwdalandı hám jazalandı.

Kolxozǵa kiriw erikli dep daǵazalanǵanı menen, ol májbúriy kiriw tártibi menen iske astı hátteki mallar hám úá qusları májbúriy túrde jámiyetlestirildi ayrı jerlerde diyxanlardıń jer hám mulkleri tartıp alındı.1925-28 jıllardaǵı jer-suw reforması nátiyjesinde ÓZBEKISTANda baylar iri sawdagerler hám ruwxaniylerdiń 1,5 mıńǵa jaqın xojalıqları pútkilley saplastırıldı.

Respublikamızdaǵı mayda xojalıqlardıń shama menen 10 protsenti jerge, awıl xojalıq ásbap-úskenelerine hám iye bolıp qaldı.Kommunistlik partiyanıń siyasiy doktrinası xojalıq júrgiziwdiń jámaat formaların rawajlandırıwdı gózleytuǵın edi. Jer-suw reforması dáwirinde óǵǵ jámaat xojalıǵı, yaǵnıy kolxozlar shólkemlestirildi. Olarǵa basshılıq etiwdiń ekonomikalıq jaqtan xoshametlewden administrativlik-buyrıqpazlıq usıllarına ótiw sońın ala barǵan sayın kóbirek sezildi.

1927 jıldıń aqırı 1928 jıllardıń baslarında, Stalin partiyanı mayda tovarlı ukladtı jasalma jol menen sheklep qoyıwǵa baǵdarlanǵan dáwirde administrativlik buyrıqpazlıq usıllarına ótiw ayrıqsha anıq sezildi. Mine usı waqıttan baslap jámaat xojalıqların dúziwge baǵdarlanǵan jol taǵı da keskinlesti.20 jıllarda jámaat bolıp isleytuǵın shirketler TOZ lar (tovarishestvo po obshestvennoy obrabotke zemli)

dúziw, awıl-xojalıq artellerin hám basqa formalardaǵı jámaat xojalıqların dúziwde sáwlelendi.

Ózbekistanda sol jılları 550 artel hám 166 TOZ dúzilgen edi.Sanaat tarawında, sanaattı tiklew hám rawajlandırıw isleri 20 jıllardıń birinshi yarımında awqamnıń Orayınıń máplerin oylap joba tiykarında alıp barıldı.Respublika xalıq xojalıǵında tiklew protsessi ele dawam etip atırǵan bir dáwirde mámlekettin oraylıq organları industriallastırıw haqqındaǵı máseleni kún tártibine qoydı.Ken kólemde industriallastırıw baǵdarlamasına ótiw ekonomikalıq hám adam resurslarına hádden tısqarı kúsh salıwına sebepshi boldı. Mámlekettin partiya basshılıǵı oǵada qatań ráwishte ótken siyasiy pikir talaslarınan keyin qárejetlerdi ekonomikalıq agrarlıq sektorınan industriallıq sektorına, yaǵnıy diyxan xojalıqlarınan sanaatqa alıp beriw jolın maqulladı.

İndustriallastırıwdıń dáslepki dáwirinde Respublikada rawajlanǵan zamanagóy sanaat joq edi. Ózbekistandı industriallastırıw en basınan aq awqamdı industriallastırıwdıń ajıralmas quram bólegi dep belgilendi.

Respublika sanaatın rawajlandırıwdıń negizgi baǵdarın da mine usı nárse belgilep berdi: bul jol awıl-xojalıǵın hám tábiyiy baylıqlardı qatań tártipte ekspluatatsiyalawǵa baǵdarlanǵan edi. Sol dáwirde (1926-28 jıllardı) jumısshılardıń sanı eki eseden aslam artıp, sonıń menen birge jergilikli milletten shıqqan jumısshılar olardıń yarımınan kóbiregin quradı. Solay etip, 20-jıllar respublika ekonomikasınıń ayaqqa turıwı hám rawajlanıwı menen táriyplenedi, biraq bunda mayda óndiris qalayda ústin bolıp turdı. Jeke sektordıń barlıǵı jańa ekonomikalıq siyasat sharayatında mayda xojalıqlardıń ósiwine alıp keledi, bul nárse tikleniw protsesslerine jaqsı tásir jasadı mayda sanaat hám kustar óndirisiniń janlanıwı ishki bazardı keneytti hám iri mámleket industriyası ushın qarjılar bere alatuǵın dereklerdi dóretti.

20-jıllardıń birinshi yarımındaǵı ekonomikalıq reformalar azıq-awqat razvertkası, miynetke májbúrlewdiń biykar etiliwi ekonomikada mámleket sektorı basqarıwdı oraydan biraz uzaqlastırıw, xojalıq esabın, óz qárejetlerin ózi qaplaw hám ózin-ózi qárejetler menen támiyinlew usılların engiziw industriallastırıw

siyasatınıń zárúrli shártleri bolıp qaldı.Biraq 20-jıllardıń aqırlarında bul protsesslerdi keskin tezlestiriw, ózine tán « úlken sekiriw» di ámelge asırıw jolın tutıw pútkil mámlekettiń hám atap aytqanda Ózbekistannıń sońǵı ekonomikalıq rawajlanıwına áhmiyetli ózgerisler kirgizdi.

Respublika sharayatlarında mádeniy rawajlanıwdıń zamanagóylik dárejesine ótiw hádden tısqarı úlken qıyınshılıqlardı jeniw menen baylanıslı bolıp, keskin ideologiyalıq gúres penen birlikte dawam etti. Solay bolsa da, mádeniyattı jańadan qurıw protsessleri barǵan sayın áhmiyetli tús aldı. Bul protsessler áwele sabaqlar ana tilinde júrgiziletuǵın 1 (bes jıllıq tálim) hám (tórt jıllıq tálim) basqısh mekteplerin ashıw hám olardı sabaqlıqlar jáńe oqıw quralları menen támiyinlew, bilimlendiriw institutların, Woqitiwshılar tayarlaytuǵın kurslardı hám basqalardı shólkemlestiriwden ibarat boldı.

1924-25 Woqiw jılında respublika byudjetiniń 25 protsenti xalıq bilimlendiriwi ushın bólip shıǵarıladı.Xalıq bilimlendiriwiniń itiyajlarına sarplanatuǵın pul qarjıları keyingi jıllardı barǵan sayın kóbeydi, bul mektep qurılısın tezlestiriwge imkaniyat berdi.Birinshi hám ekinshi basqıshtaǵı ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń sanı 1928-29 oqıw jılına kelip derlik 2,5 mıńǵa jetti.20 jıllarda respublikada dáslepki ilimiy-izertlew mákemeleri ashıldı.

Ulıwma 20 jıllarda xalıqtıń sawatlılıǵı astı, mádeniy rawajlanıwı kóterile basladı, al 30 jıllarǵa kelip tatolitorlıq sistema ornawı menen bulardıń ósiwi pásenledi, hámme nárse qatań qadaǵalaw astında boldı.1950 jıllarǵa kelip te jámiyettiń barlıq salalarında partiyanıń zorlıq-zombılıǵı ústem edi.Sanaattıń rawajlanıwında úlken qarama-qarsılıqlar kelip shıqtı.Ózbekistan Awqam basshılıǵı tárepinen islep shıǵılatuǵın hám belgilep beriletuǵın ekonomikalıq siyasattı ámelge asırıp otırıwǵa májbúr edi.Sanaatta tek awır sanaat rawajlandırılıp, jenil sanaattıń tubalap qalıwına alıp keldi.

Urıstan keyingi hár bes jıllıqta 100 ge jaqın sanaat obektleri iske qosıldı.60 jıllar dawamında hám 80 jıllardıń birinshi yarımında Ózbekistanda Angren, Nawayı, Charvaq, Tashkent hám basqada iri álektr stantsiyaları iske qosıldı.Mashina soǵıw hám metall islew Ózbekistan sanaatınıń iri tarmaǵı bolıp,

xalıq xojalıǵın texnikalıq jaqtan qurallandırıwda áhmiyetli rol oynadı.Sanaattıń ósiwi menen bir qatarda transportıda  rawajlandı.Bul jıllarda Charjaw-Qońırat temir jolı qurıldı.1972 jılı Qońırat-Beynew temir jolı ashıldı.Respublikada temir jollardıń uzınlıǵı urıstan keyingi jıllarda eki ese arttı. Asfalt hám beton tóselgen avtomobil jollarınıń uzınlıǵı bolsa usı dáwir ishinde 8 ese arttı.Bulardıń rawajlanıwınıń barlıǵıda Oray ekonomikasınıń rawajlanıwın kózde tutqan ulıwma siyasatqa baylanıslı boldı.

Respublikanıń ekonomikasında negizinen paxtashılıqtıń itiyajlarına xızmet etetuǵın sanaat rawajlanıp bardı.Mashina-traktor stantsiyaları jańa traktorlar menen tolıqtırıla basladı1959-85 jıllarda traktorlar sanı óq mıń birlikten 200 mıńǵa shekem kóbeyip, paxtashılıqtıń rawajlanıwına tirek boldı.

Paxta egiletuǵın maydanlar kóbeytile berdi, bulardıń esesinen ovosh, miywe, ǵálle, palız ónimlerin jetistiriw pútkilley tómenlep ketti.1985 jılǵa shekem paxta zúrááti 5,5 ese, paxta egiletuǵın maydanlar  ámln dan astı. Buǵan jońıshqa hám basqada azıq-awqat beretuǵın basqa eginler egiletuǵın maydanlardı qısqarttırıw esabınan erisildi.Jańadan-jańa paxta egiletuǵın jerler ózlestirildi. Suw tejemli túrde isletilmedi. Bunıń esesinen suw tamtarıslıǵı kelip shıǵıp, Aral mashqalası kelip shıqtı.

Paxta jeke hákimshiligi dáwirinde ÓZBEKISTANda tek zor berip paxta jetistirilip beriler hám shiyki zat esabında «Orayǵa « alıp ketiler, ózlerimizde tayar ónimge aylantırılmas edi, yaǵnıy ÓZBEKISTAN  Oraydıń shiyki zat bazasına aylanǵan edi.Solay etip, ÓZBEKISTAN joqarıda atap ótilgen jıllarda ekonomikalıq ǵárezlilikte jasaǵan.Oraydıń ruxsatısız hesh bir kishkene ǵana kárxananı qurıwda múmkin bolmaǵan. ÓZBEKISTAN territoriyasında islep shıǵarılǵan barlıq materiallıq ónimlerdi bólistiriw hám olardan paydalanıw, birinshi gezekte, oraydıń máplerine baǵındırılǵan, qaldıqları ǵana jergilikli tutınıw ushın sarıplanǵan.

Ekonomikalıq ǵárezliliktiń jáne bir áhmiyetli belgisi « birden-bir xalıq xojalıq dizimi» nıqabı astında óziniń finans tizimine, milliy pulına (valyuta) banklar tizimine iye bolmaǵanlıǵında kórinedi.

Qullası, ǵárezsizlikke eriskenge shekem ÓZBEKISTAN respublikası ekonomikalıq ǵárezlilikte, hár tárepleme qatań qadaǵalaw astında bolıp « Oray» ǵa baǵınıńqılı edi. Tek ǵárezsizlik arqasında ǵana bulardıń bárine shek qoyılıp, ÓZBEKISTAN hár tárepleme ǵárezsizlikke eristi.

## TEMA- 4. O`zbekistanda ma`mleket basqariwinin jana, zamanago`y ha`m na`tiyjeli ma`mleketlik diziminin qa`liplesiwi ha`m rawajlanip bariwi.

**rejesi**:

1. Sovetler imperiyasınıń kriziske ushırawı dáwirinde O`zbekstannıń sotsiallıq-siyasiy rawajlanıwı (1985-1991jj)
2. O`zbekstannıń mámleketlik ǵárezsizliginiń járiyalanıwı hám onıń tariyxıy áhmiyeti
3. Siyasiy-reformalar. Mámleketlik hákimyattıń milliy, huqıqıy demokratiyalıq tiykarlarınıń dúziliwi

### Tayanish túsinikler

**Totalitarizm** (latinsha- totalitar jamiyet jeke adamga siyiniw) jamiyet turmisinin awir sharayatinda tariyxiy zaryrlik jagdayinda bir insan, bir klass yamasa gruppanin jeke hakimiyatligina sozsiz boysinuwshiga tiykarlangan otkinshi siyasiy tartip.

**Regionalliq demokratik mamleket**-jamiyet rawajlaniwi ham formalarinin rawajlaniw barisinda juzege kelgen mamleketti sholkemlestiriwdin en quramali formasi.

**Siyasiy partiya** (latincha bolim, gruppa)- uliwma ideya ham map, jamiyetlik siyasiy maqsetler tiykarinda insanlardin iqtiyarli turde uyimlastiriwshi sholkem/

**Siyasiy duzum**-davlat ichki tuzimni jih'atlarining wzaro aloqalari va tasirining eng muh'im, doimiy xususiyat larini ifodalovchi ijtimoiy-siësiy munosabatlarining yig'indisi.

**Milliylik**-tarixan tashkil topgan barqaror ijtimoiy-etnik birliklarni, yani millatlar va elatlarni boshqa barqaror ijtimoiy birliklardan, masalan, ijtimoiy sinflardan

farqlovchi tomonlari, xususiyatlar, manaviy, ruh'iy va madaniy qirralar h'amda tafovutlar majmui.

1990 jıllarǵa kelip Shıǵıs Evropa mámleketlerinde derlik yarım ásir ústemlik etken totalitarlıq sistema dağdarısqa ushırap demokratiyalıq sistema qáliplesti. Kóp ǵana mámleketlerde ǵárezsizlikke erisiw máselesi pútkil dúnya júzin óz ishine alǵan protsesske aylandı. O`zbekstannıń ǵárezsizlikke erisiwi mine usı protsess quramında bolıp ótti. «Xalıqlardıń erkinlik, ǵárezsizlik, baxıt ıǵbalǵa qaray umtılıwı óz tağdiyrin ózi belgilewge etken sheshimi turmıstaǵı teren ózgerislerdi hárekeke keltiriwshi kúsh bolıp esaplaadı» - degen edi Prezident İ.A. Karimov.

1990 jılǵa kelip respubliqalar suverinetitetin hám insan huqıqların shekleytuǵın totalitarlıq - buyrıqpazlıq basqarıwınıń jaramsız ekenligin turmıstıń ózi kórsete basladı. Usı jıldıń 23 martında O`zbekstan Kompartiyasınıń Oraylıq Komitetiniń Plenumı boldı. Onda O`zbekstan SSRnıń siyasiy suvereniteti máselelerine tiyisli mashqalalardı kórip shıǵıwǵa ayrıqsha itibar qaratıldı. Plenum hákimshilik-buyrıqpazlıq sistemasınan waz keshiwlikti hám sonıń menen birge Ózbeksyan SSR Prezidenti lawazımın shólkemlestiriw kerekligi haqqındaǵı sheshimine keldi.

1990 jılı 24 martta XII shaqırıq O`zbekstan SSR Oliy Sovetiniń V sessiyası boldı. Onda O`zbekstan tariyxında birinshi ret Prezidentlik lawazımın shólkemlestiriw haqqında qarar qabıl etildi hám O`zbekistan SSRnıń Prezidenti bolıp İ.A.Karimov saylandı. Prezident lawazımınıń shólkemlestiriliwi Respublikanıń siyasiy hám ekonomikalıq ǵárezsizligi ushın qoyılǵan dáslepki qádemlerden edi. 1990 jılı 20 iyunda XII shaqırıq O`zbekstan SSRnıń Oliy Sovetiniń ekinshi sessiyasında «Ǵárezsizlik Deklaratsiyası» qabıl etildi.Usı kúnnen baslap respublikada O`zbekstannıń ekonomikalıq hám siyasiy turmısına tiyisli máseleler ǵárezsiz túrde sheshile basladı. Atap aytqanda, Ózbekstannıń ǵárezsizlikke qaray baratırǵanlıǵı 1991 jılı 17 martta bolıp ótken ulıwma xalıqlıq referendum juwmaqlarında 1991jılı 20 fevralda O`zbekstan Oliy Kengashiniń

jıynalısınıń kóriwimizge boladı. Bunnan tısqarı O`zbekstanda Respublikanıń mámleket ǵárezsizligine tiyisli bolǵan jańa mámleketlik belgilerdi tayarlaw hám qabıl etiw islerinde baslap jiberildi.

1991 j 15 fevralda O`zbekstan Oliy Kenesiniń «O`zbekstannıń mámleketlik belgileri haqqında» arnawlı qarar qabıl etti. 1991 jılı 19-20 avgust kúnleri Moskvadaǵı waqıyalardan keyin O`zbekstan Prezidentiniń 25 avgusttaǵı pármanına muwapıq Respublika ishki isler wazirligi hám mámleketlik qáwipsizlik komitetti nızamlı túrde O`zbekstan iyeligine alındı. Respublika aymaǵında jaylasqan SSSR ishki isler wazirliginiń ishki áskerleri tuwrıdan-tuwrı O`ZBEKSTAN Prezidentine baǵındırıldı. Respublika Oliy Kengashi 1991 jılı 27 avgust kúni O`zbekstannıń mámleketlik ǵárezsizligi haqqında nızam proektin tayarlaw hám 31 avgustte Oliy Kengash sessiyasın shaqırıwǵa qarar etti.

Usınday jaǵdayda O`zbekstan Oliy Kengashi XII shaqırıq gezeksiz altınshı 1991 j. 31 avgustta jumısın basladı. Bunda «O`zbekstan Respublikasınıń mámleketlik ǵárezsizlik haqqında» hám «O`zbekstan Respublikasınıń bayraǵı haqqındaǵı» máseleler kún tártibine qoyılıp, talıqladı.

Sessiyada O`zbekstan Respublikasınıń mámleket ǵárezsizligi haqqında Oliy Kengashiniń bayanatı qabıl etildi. Oliy Kengashi bul bayanat arqalı xalıq aralıq, huqıqıy xújjetlerde belgilengen huqıqlarǵa tiykarlanıp O`zbekstannıń mámleketlik ǵárezsizligin hám erkin suveren mámleket-O`zbekstan Respublikasınıń dúzilgenligin saltanatlı túrde járiyaladı. Oliy Kengash sessiyası «O`zbekstan Respublikasınıń mámleketlik ǵárezsizligin jariyalaw haqqında» qarar qabıl etti. Qararda: «Birinshi sentyabr O`zbekstan Respublikasınıń ǵárezsizlik kúni dep belgilensin hám 1991 jıldan baslap bul kún bayram hám dem alıs kún dep daǵazalansın» - dep qatań belgilep qoyıldı. Bul nızamǵa O`zbekstan Respublikası Oliy Kengashi 1991 j 30 sentyabrde bolıp ótken VII sessiyasında qabıl etilgen qararı menen Konstitutsiyalıq kúsh berildi.

Solay etip, xalqımızdıń ármanları orınlanıp, uzaq jıllar dawam etken gúres nátiyjesinde mámleketimiz, xalqımız siyasiy ǵárezsizlikten qutıldı.Ǵárezsiz respublika - O`zbekstan respublikası payda boldı.Oliy Kengashtan jáne

mámleketlik Oliy Kengashi jáne mámleketlik belgiler haqqında máselede kórip shıǵıldı hám tiyisli qarar qaıl etildi. Mine, usılayınsha O`zbekstan tariyxında jańa dáwir - milliy ǵárezsizlik dáwiri baslandı.

Ǵárezsizlik - bul milliy mámleketshilikti tiklew, kúshli demokratiyalıq huqıqıy mámleket payda etiw, ǵárezsiz túrde ishki hám sırtqı siyasat júrgiziw, O`zbekstannıń dúnya jámiyetshiligine qosılıwın, onda áhmiyetli orın iyelewin túsinemiz.Ǵárezsizlikke erisip, qısqa múddet ishinde respublika óziniń ǵárezsiz ekonomikalıq, siyasiy hám milliy siyasatına, mámleketlik tili, gerbi, Gimni, Bayraǵı hám tiykarǵı nızam Konstitutsiyaǵa iye boldı. O`zbekstan Respublikası mámleketlik belgileriniń qabıl etiliwi mámleketimiz ǵárezsizligin bekkemlewde úlken áhmiyetke iye boldı.O`zbekstan Respublikası Oliy Kengashiniń 1991 jılı 18 noyabrde bolıp VIII sessiyası «O`zbekstan Respublikasınıń mámleketlik haqqında» nızam qabıl etti.

Mámleketlik bayraq áyemgi ata-babalardan kiyatırǵan miyraslardı ózine sińdirip alǵan bolıp, milliy hám ruwhıy táreptende qudiretli imperiyalar mıs A.Temur imperiyası bayraǵı traditsiyaların dawam ettirgen.1992 jıl ǵ iyulǵa kelip, O`zbekstan Respublikası Oliy Kengashiniń X sessiyasında «O`zbekstan Respublikasınıń Mámleketlik gerbi» haqqında Nızam qabıl etildi. Hár bir suveren mámlekettiń huqıqıy tiykarlarınıń biri onıń tiykarǵı nızamı - Konstitutsiyası esaplanadı. O`zbekstannıń jańa Konstitutsiyasın islep shıǵıw ideyası 1990 jılı 20 iyunda Ǵárezsizlik Dekloratsiyasınıń qabıl etiliwi menen birgelikte payda bolǵan edi. Oliy Kengashtiń ekinshi sessiyasında Ǵárezsizlik deklaratsiyasınıń áhmiyetli printsipleri tiykarında mámlekettiń jańa Konstitutsiyası islep shıǵılıwı kerek degen juwmaqqa kelindi.

Konstitutsiya proekti usı waqıttan baslap tayarlanıla basladı. Proekttiń dáslepki variantı 1981 jıl oktyabr-noyabrine shekem tayarlanıp bolındı. Usı proekt islenip atırǵan waqıtta. Mámleketimiz tariyxında túpkilikli burılıs júz berdi. 1991 jıl 31avgustta mámleketlik ǵárezsizlik jáқiyalandı. Solay etip, usınday jaǵdayda respublikanıń Konstitutsiyası islendi.

1992 jıl h dekabr XII shaqırıq O`zbekstan Respublikası Oliy Kengashiiniń XI

sessiyası boldı. Onda «O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasın qabıl etiw haqqındağı» másele kórip shıǵıldı.Konstitutsiya proektine kóp qana qosımshalar hám ózgerisler kirgizildi. Solay etip, suveren demokratiyalıq O`zbekstan respublikasınıń birinshi Konstitutsiyası qabıl etildi.

Konstitutsiya keleshegi ullı O`zbekstannıń keleshegi ushın, ádil huqıqıy mámleket payda etiw ushın bekkem huqıqıy tiykar bolıp xızmet etip atır.

O`zbekstan Respublikasınıń Konstitutsiyası insan máplerin, haq - huqıqların qorǵawshı shın mánisindegi demokratiyalıq Konstitutsiya bolıp esaplanadı. Konstitutsiyanıń qabıl etiliwi mámleket tariyxında úlken háhmiyetke iye boladı.O`zbekstannıń jańa Konstitutsiyası ózine tán qásiyetleri, ayrıqshalıqları menen ajralıp turadı.Birinshiden bul xújjet huqıqıy hám siyasiy oylawdıń en ullı jetiskenliklerin, házirgi zaman Konstitutsiyalıq ilimin ózinde sáwlelendirgen.

Ekinshiden, O`zbekstan Konstitutsiyası ózbek xalqı mádeniyatın hám milliy tradiyatsiyalarınıń teren tamırlarına súyengenligi, hám úshinshiden, O`zbekstan Respublikasındağı aldıńğı jámiyetlik-ekonomikalıq, mámleketlik-siyasiy dúzilsinen basqa dúzimge ótilgenligi, túpten jańalaıw payda bolǵanlıǵı menen kózge taslanadı.

Konstitutsiya mazmunı jağınan jańa, printsipial siyasiy hújjet bolıp, onıń mazmun hám mánisin ashıp beriwshi tiykarğı printsipleri ayrıqsha itibarǵa ılayıq bolıp esaplanadı.

Tiykarğı nızam Konstitutsiya qabıl etilgennen soń O`zbekstan Respublikası Oliy Kengashınıń 1992 jıl 10 dekabrde bolıp ótken XI sessiyasında «O`zbekstan Respublikası Mámleketlik Gimni haqqındağı» nızam qabıl etildi.Milliy ǵárezsizliktiń jáne bir belgisi - kúshli hám bahalı valyuta dizimine iye bolıw esaplanadı. Milliy valyuta - milliy maqtanı bolıp qana qalmay, bálkim mámleketimiz ǵárezsizliginiń belgisi, suveren mámleketke tiyisli belgi bolıp esaplanadı. 1994 jıl 1 iyuldan baslap, mámleketimizde milliy valyuta «sum» aylanısqa engizildi. Bul ekonomikalıq ǵárezsizlikti belgilewde áhmiyetli bolıp esaplanadı.

O`zbekstannıń mámleketlik ǵárezsizligine iye bolıwı úlken tariyxıy

áhmiyetke iye bolıp  esaplanadı. O`zbekstan xalqı óz táǵdirın ózi belgilew haqqında, óz milliy mámleketligin payda etiw múmkinshiligine, ekonomikada túpkilikli ózgerisler islew imkaniyatına iye boldı. Mámleketimizde huqıqıy demokratiyalıq mámleket duziw hám puxaralıq jámiyetti payda etiw protsessi barǵan sayın terenlespekte. Ǵárezsizlikke erisilgennen keyin, xalqımız aldında keskin mashqalalar payda boldı. Olardı sheshpey turıp, demokratiya hám hákimiyattı bólistiriw printsiplerine tiykarlanǵan jańa mámleketti qurıw, demokratiyalıq huqıqıy mámleket hám puqaralıq jámiyetin qurıw múmkin emes edi.O`zbekstan demokratiya qádiriyatların, insannıń huqıq hám erkinliklerin támiyinlew, erkin bazar ekonomikasın qurıwdı ózi ushın en ullı qádiriyatlar sıpatında qabılladı.Sonlıqtan tómendegiler en tiykarǵı wazıypamız bolıp qaldı:

Birinshiden: Burınǵı hákimshilik-buyrıqpazlıq dúzimin, oǵan muwapıq bolǵan hákimiyat hám basqarıw organların qurtıw.    Ekinshiden: Jańa mámleketshilikti siyasiy, huqıqıy, konstitutsiyalıq tiykarların jaratıw.Konstitutsiya hám nızamlarda jámiyetlik qatnasıqlardıń jańa dúzimin hám oraydaǵı hám organlardaǵı hákimiyat organlarınıń jańa dúzimin bekkemlep qoyıw. 1992-jıldıń dekabrinde O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyasınıń qabıl etiliwi mámleket turmısında úlken siyasiy waqıya, jańa Ózbekistandı tiklew barısında áhmiyetli qádem boldı.Óziniń tiykarǵı nızamında mámleket dúzimi printsiplerin, puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin, jámiyetti rawajlandırıwdıń ekonomikalıq negizleri hám strategiyalıq baǵdarın bekkemlep qoymaǵan mámleket tolıq suveren mámleket bola almaydı.Konstitutsiya suveren mámleketimizdiń nızamshılıq-huqıqıy negizin dúziwdiń tiykarǵı tırnaǵı, ǵárezsiz mámleketimizdiń shıraylı tası boldı.

Konstitutsiyaǵa muwapıq, mámleket hákimiyatı organlarınıń burınǵı totolitar dúzimnen birotala parıq qılatuǵın, hákimiyatlardıń, yaǵnıy nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatlarınıń bóliniwi printsipine tiykarlanǵan dúzim jaratıldı. Olardıń hár biriniń xızmetinde huqıqıy tiykarda avtoritarizm hám totalitarizmniń qaytalanıwın biykar etetuǵın tıyanaqlı demokratiyalıq normaları hám jol-jobaları pitkerildi.

Shólkemlestirilgen atqarıwshı hákimiyat organları dúzimi burıngılarınan birotala parıq qıladı. Olar rejelew-bólistiriw wazıypalarınan azat bolıp, ekonomikalıq siyasattı muwapıqlastırıw hám tártipke salıw rolin atqarmaqta. Kóplegen wázirliklerdiń ornına bazar sharayatlarına say keletuǵın xojalıq birlespeleri, awqamları, kontsernler, korporatsiyalar, xolding kompaniyaları dúzildi.

Jergilikli hákimiyat organlarınıń tolıq dizimin puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organlarısız kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Bul organlardıń tiykarın puqaralar jıyınları-máhálleler quraydı. Olar xalıqtıń tariyxıy dástúrleri hám ruwxıyatın esapqa alıw tiykarında dúzilgen. Ózin-ózi basqarıwdıń áhmiyetli jámiyetlik organı bolǵan máhálleniń áhmiyeti bárhama joqarı bolǵan. Konstitutsiyaǵa muwapıq, jańa demokratiyalıq saylaw dizimi tiykarında Ózbekistan tariyxında birinshi márte Respublika parlamenti-Oliy Májilis hám de wákillik hákimiyatınıń jergilikli organlarına kóp partiyalıq tiykarında, erkin, alternativ saylaw ótkerildi. Nátiyjede mámleket hákimiyatınıń Oliy Májilis hám xalıq deputatları jergilikli keneslerinen ibarat nızam shıǵarıwshı tarmaǵı júzege keltirildi. Ol jemisli islep turıptı. Ózbekistan tariyxında dáslepki márte járiya etilgen Respublika Prezidenti lawazımı jańa Ózbekistan mámleket hákimiyatı organları diziminde tiykarǵı orındı iyeleydi. Ol siyasiy dizimniń ózegi bolıp qaldı.

Konstitutsiyanıń qabıl etiliwi, ótken jıllar dawamındaǵı shıqqan nızamshılıq xızmeti huqıqıy demokratiyalıq mámleketti dúziwdiń barlıq puqaralar nızam aldındaǵı tenligin, nızamnıń ústinligine kepil bolatuǵın bekkem tiykarların jaratıw imkaniyatın berdi. Sonıń menen birge, mámlekettin mazmunı pútkilley, tiykarınan ózgerdi.Mámleket dáslepki basqıshta jámiyetti jańalawdıń en baslı kúshine aylanǵan halda, reformalardıń bas qollap-quwatlawshısı hám jol-joba kórsetiwshisi, jámiyetlik ómirdegi jańa ideyalardıń tiykarǵı ámelge asırıwshısı bolıp qaldı.

Házirgi waqıtta demokratiyalıq siyasiy dizimniń en áhmiyetli subekti bolǵan mámleketshilikti reformalawda jańa wazıypalar alda turıptı. Demokratiyalıq ózgerislerdiń házirgi basqıshı siyasiy ekonomikalıq hám sotsiallıq rawajlanıwdıń

uzaq waqıtqa belgilengen strategiyasın islep shıǵıwdı talap etpekte. Bunda mámlekettiń roli demokratiyalıq rawajlandırıwımızdıń aqırǵı maqseti-puxaralıq jámiyetti dúziw maqsetine tiykarlanǵan halda tiykarınan ózgeriwi dárkar. Bul-mámleketshilikti dúziw hám rawajlandırıw tarawındaǵı strategik wazıypamız. Ol biz tańlap alǵan jámiyetti demokratiyalıq rawajlandırıw jolına tiykarlanadı.

Adamzat tsivilizatsiyasınıń qádriyatlarınan esaplanǵan puxaralıq jámiyet túsinshesi óziniń rawajlanıwında júdá kóp basqıshlardı basıp ótti hám ásirler boyı kóplegen danıshpanlardıń itibarın ózine awdarıp keldi. Házirgi dáwirde bul kategoriya insaniyat aldında turǵan, rawajlanıw dárejesin belgileytuǵın áhmiyetli mashqalalardıń biri bolıp turıptı. Sol sıyaqlı puxaralıq jámiyettiń siyasiy hákimiyat, mámleket dizimi menen baylanıslıǵı, demokratiya menen baylanısın úyreniw áhmiyetli másele bolıp keldi hám sonday bolıp qalmaqta. Ózbekistan Respublikasınıń Prezidenti İslam Karimov Tafakkur jurnalında basılǵan sáwbetinde biz puxaralıq jámiyetti qurıwdı óz aldımızǵa maqset etip qoyǵanbız. Bul tarmaqta dáslepki, lekin áhmiyetli qádemler qoyıldı,-dep atap kórsetip ótken edi.

Mámleketimizde sońǵı bes-altı jılda ótkerilgen hám házirde tez pátler menen ótkerilip atırǵan reformalarda óziniń sáwleleniwin tawıp atırǵan ekonomikalıq siyasattıń juwmaqlanıw nátiyjesinde demokratiyalıq ózgerisler etiw, kúshli suveren huqıqıy mámleket dúziw ushın bekkem materiallıq tiykar jaratıwǵa baǵdarlanǵanlıǵı haqqında Prezidentimiz İ.Karimov óziniń «Ózbekistan ekonomikalıq reformalardı terenlestiriw jolında» sonday degen edi: «Maqsetimiz demokratiyalıq,ádalatlı, puxaralıq, jámiyet qurıw.Bul biziń arzıw-ármanımız, strategiyamız», dep jáne bir ret ayqın kórsetip ótti. Tiykarǵı nızam demokratiyalıq jámiyettin tikleniwine qosqan júdá úlken úles sonnan ibarat, ol tek jámiyet yamasa ulıwma xalıqtıń, insannın belgili mútájlikleri, talapları, huqıq hám erkinliklerine qaratılǵan.

Biz ushın puqaralıq jámiyeti-jámiyetlik mákan. Bul mákanda nızam ústin bolıp, ol insannıń óz-ózin kamal taptırıwǵa qarsılıq etpeydi, kerisinshe, járdem beredi. İnsan mápleri, onıń huqıq hám erkinlikleri tolıq dárejede júzege shıǵarıwǵa

járdem etedi. Sonıń menen birge basqa adamlardıń huqıq hám erkinlikleriniń kemsitiliwine jol qoyılmaydı. Yaǵnıy, erkinlik hám nızamǵa boysınıw bir wakıttıń ózinde háreket etedi, bir-birin toltıradı hám bir-birin óz-ara talapshań etedi. Basqasha aytqanda, mámleekttiń nızamları insan hám puqara huqıqların kemsitpewi lazım. Usınıń barısında barlıq adamlar nızamlarǵa sózsiz boysınıwları shárt.

Hákimiyat strukturalarınıń demokratiyalıq mazmunı kópshilik wakıtta mámleketti basqarıwda puqaralardıń qatnasıw máselesi qanshelli ámelge asırılǵanlıǵı menen belgilenetuǵını málim. O`zbekstanda usı háqıqtıń ámelde qollanılıwı ushın nızam tiykarları bar.Ótiw dáwiri sharayatında, puqaralıq jámiyet tiykarların dúziw qubılısı júz bergen payıtta O`zbekstan xalqının túrli qatlamlarınıń talapların orınlaw lazım bolǵan ken tarmaqlı, kóp partiyalı dúzim kibi demokratiyalıq institutlar hám basqa jámiyet shólkemleriniń qarar tabıwı da úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Jámiyette tınıshlıqtı saqlaw zárúrligi haqqında gáp eter ekenbiz, siyasiy institutttıń júzege keliwi demokratiyalıq jámiyet ushın shárt bolǵan hám normal hám sonıń menen birge en áhmiyetlisi, ol shólkemlestiriwshilik tamannan rásmiylesken, tiyisli yuridikalıq muqamǵa iye bolıwı, konstitutsiya hám nızam normaların húrmet etiwi, óz háreketleri menen eldegi mámleketlik hám jámiyetlik dúzimniń qatań hám nıǵayǵan halatı ushın juwapkerli bolıwı, mámleket qurılısınıń joqarı dárejedegi proektlerine iye bolıwı lazım.

O`zbekstanda demokratiyaǵa barıwdıń basqa jolı tańlap alındı. Biz ǵárezsiz huqıqıy demokratiyalıq mámleketti tiklewdiń tiykarǵı maqset hám wazıypaların belgiler ekenbiz, Ózbekistannıń tsivilizatsiya hám gúlleniwdiń joqarı, jaqtılı shıńlarına shıǵıwında mádeniy hám tariyxıy miyrastıń, xalıqtın insanıylıq dástúrleriniń joqarı sheklerin iyelegen, ulıwma insanıy qádriyatlar hám normalarǵa sadıq bolǵan azat hám hár tárepleme jámlesip kamal tapqan insan tiykarǵı súyenishi bolıwın qayta-qayta atap ótkenbiz. Haqıyqatında da demokratiya-tek baqlaw hám siyasiy protsess bolıp qalmay, sonıń menen birge xalıqtıń turmıs qálpi hám onıń ruwhiyatı, dástúrleri, mádeniyatı, psixologiyasınıń ayrıqshalıǵı bolıp tabıladı. Demokratiya jámiyettin qádiriyatına, hár bir insannıń baylıǵına

aylanıwı kerek. Bul bolsa bir demde bolatuğın nárse emes. Xalıqtıń mádeniyatınan jay almagan demokratiya turmıs qálpiniń az ǵana bólegi de bola almaydı.

O`zbekstan áne sonday demokratiyalıq rawajlanıw dástúrlerine iye. Sol sebepli demokratiyaǵa basqıshpa-basqısh múmkin bolǵanınsha qısqa múddetke ótiw barısınıń strategik áhmiyeti, bizińshe, tek jámiyette tınısh-tatıwlıqtı saqlap qalıwdan ǵana ibarat emes. Ol puqaralıq jámiyettiń ómirshen búrtiklerin abaylap saqlawınan ibarat.

Sonıń menen birge, biz dástúriy mádeniyatımız hám xalqımızdıń traditsiyaları, onıń awhalı-jaǵdayı hám sotsiallıq shólkemlestiriu shárt-shárayatları Ózbekistan Respublikasında demokratiyanı tiklewdiń, puqaralıq jámiyetti qurıwdıń en jemisli túrleri bolıwın teren túsinemiz. Oraylıq Aziya tsivilizatsiyasında puqaralar jámiyetiniń hám xalıq massasınıń ekonomikalıq-jámiyetlik awhalları menen qızıǵıwı menen dańq tartqan áwladlarımızdıń xızmetin-dúnya tariyxında úlken iz qaldırǵan ullı danıshpanlardıń sol tarmaqlardıń xızmetleri menen baylanıslı bolǵan shıǵarmalarında da kórip ótiwimizge boladı. Mısalǵa, Arastu, Monteske, Makievelli, Lokk, Gobbs, Gegel shıǵarmalarında usınday problemalarǵa úlken áhmiyet beriledi. Úlken frantsuz sotsiologı Sh.Monteskeniń «Nızamlar áhmiyeti» degen shıǵarmasındaǵı puqaralıq jámiyet haqqındaǵı pikirlerin házirgi, biziń dáwir túsinigimiz menen bir dewimiz múmkin. Ol puqaralıq jámiyet haqqında jazıp hákimiyattıń nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı, hám sud hákimiyatlarına bóliniwi hám bul puqaralıq jámiyettiń tiykarın quraytuǵının atap ótedi.

Ullı nemis ilimpazı G.Gegel ózinen aldın ótken oyshıllardıń nazoriyasına jańalıq kirgizip «puqaralıq jámiyet-mámleket» degen juwmaqqa keledi. Onıń pikirinshe, bunday jámiyet mámleket ishinde bolmay, onnan tısqarıda, yamasa ol menen qatara turadı deydi ilimpaz. Puqaralıq jámiyetke say bolǵan protsessler hám waqıya - hádiyselerdi anıqlaw, olardı úyreniw jaqsı jolǵa qoyılǵan emes. Onı teren analiz etiw ushın en aldı menen, ilimiy túsinsheniń óz tiyisli bahasın beriw, onıń wazıypasın, xarakterli belgilerin hám de ayırmashılıqların anıqlap alıwımız zárúr.

O`zbekstanda bul tarmaqta ámelge asırılǵan jumıslar pútkil dúnya progressiv kúshlerdiń dıqqat orayında turıptı. Sebebi mámleketimiz Oraylıq Aziya aymaǵında turaqlılıq hám rawajlanıwında en úlken tayanısh ekenligin pútkil dúnya jaqsı biledi.

Jámiyettiń jámiyetlik qatlamların basqarıwshılar hám basqarıwshılarǵa ajıratıwımız múmkin. ǵárezsizlikke eriskennen keyin maydanǵa kelgen O`zbekstan jámiyetinde basqarıwshı roldi mámleket ámelge asıra basladı.

Sonıń menen birge bul protsesske ken xalıq massası, barlıq sotsial qatlamlardıń qatnasıwınıń keneyiwi hám basqarılatuǵınlardıń roli áste-aqırın ósip baradı.

Bazardıń ekonomikalıq qatnasıqları, siyasiy reformalar, múlkti mámleket ıqtıyarınan shıǵarıw, plyuralizm, kompartiyalıq, puqaralıq jámiyeti, huqıqıy mámleket hám soǵan usaǵan túsinsheler, tek ǵana bir atama bolıp qalmastan, bálkim rawajlanıw jolındaǵı konkret wazıypa. Bul wazıypalar ishinde puqaralıq jámiyetiniń payda bolıwı hám rawajlanıwı ayrıqsha orın iyeleydi.

Házirgi rawajlanǵan mámleketler tájriybesi bizge puqaralıq jámiyetti payda etiw haqqındaǵı tómendegi juwmaqlardı beredi:

- hár bir mámlekette puqaralıq jámiyetke tiykar bola alatuǵın kúshli ekonomikalıq qúdiretke iye bolǵan xalıq xojalıǵın jaratıwǵa erisiw:

- siyasiy hám siyasiy emes tarmaqlarda haqıyqıy demokratiyalıq printsiplerdiń teren tamır atıwına jol ashıw hám de múmkinshilik jaratıw:

- demokratiyalıq Konstitutsiya tiykarında xalıq mápleri hám jámiyettin talapların oylap islep shıǵılǵan mámleket siyasatın ámelge asırıwǵa qúdireti jetetuǵın hákimiyatqa iye bolıw:

- tsenzura menen sheklenbegen erkin baspa soz bolıwı, yaǵnıy ken informatsion múmkinshilikti jaratıwǵa jol ashıw:

Mine usınday juwmaqlar tiykarında puqaralıq jámiyettiń táripi óz - ózinen kelip shıǵadı. Hár bir puqaranıń jasına hám kelip shıǵıwına qarap tábiyǵıy múmkinshiliklerdi tolıq kórsetiwge hám de sonnan tolıq paydalana alıwǵa múmkinshilik jaratıp bere alatuǵın jámiyet puqaralıq jámiyet dep ataladı.

Puqaralıq jámiyetti payda etiw jolı qıyın hám mashaqatlı bolsada bul insan áleminiń rawajlanıwı ushın júdá zárúr bolǵan islerdiń biri bolıp esaplanadı.

XX ásirdiń sońǵı on jıllıǵı dúnya tariyxına jámiyetlik kóz-qarasta dúnya jámiyetliginiń geografiyalıq siyasiy dúzilisine tiykarǵı ózgerisler dáwiri bolıp kirdi. Bul dáwirdiń ózine tán belgileri bir tárepten halıqlar hám mámleketler arasındaǵı jaqınlasıw protsessleri hám birge islesiwdiń kúsheyiwi bolıp, siyasiy hám ekonomikalıq mákanlardıń payda bolıwı, halıq aralıq normalar, qaǵıydalar hám traditsialarǵa ótiw bolsa, ekinshi tárepten, sotsialistlik lagerdiń jemiriliwi, totalitar dúzimniń tamamlanıwı, unitar dúzimler ornında jas ǵárezsiz mámleketlerdiń payda bolıwı bolıp esaplandı.Ózbekstan Respublikasınıń óz ǵárezsizligine eriskennen soń, siyasiy ózgerislerdi ustem dep esaplap atırǵanı, bólistiriwdiń hákimshilik0buyrıqpazlıq dúziminen pútkil waz keship atırǵanlıǵı, hám bazar ekonomikasına tiykarlanǵan sotsiallıq qatnasıqlardı dúzip atırǵanlıǵı jámiyetti reformalawǵa qatań kirisip atırǵanlıǵı belgili.

«Túpkilikli maqsetimiz, - dep jazadı İ.A.Karimov, O`zbekstan ekonomikalıq reformalardı terenlestiriw jolında» degen kitabında, - sotsiallıq baǵdarlanǵan turaqlı bazar ekonomikasına, ashıq siyasatqa iye bolǵan kúshli demokratiyalıq huqıqlıq mámleketti hám puxaralıq jámiyetti dúziwden ibarat.

Bul maqset hámme halqımızdıń, sonday-aq pútkil pogressivlik adamzattıń en shiyrin ármanlarınıń tiykarı boladı. Burıngı dúzimniń ózin «jetilistiriw», «qayta qurıw» jolı menen ol maqsetke jetiw múmkin emes. Sonday-aq eski jámiyetliktiń ekonomikalıq sistemadan bazar ekonomikasına tiykarlanǵan jańa sotsiallıq ekonomikalıq dúzimge ótiw ańsat emes.

Bunday qıyın jaǵdaylarda eldi apatshılıqqa ushıratpay, jańa jámiyetlik dúzimge ótiwde óz halqınıń tariyxıy, milliy, sotsiallıq, siyasiy, psixologiyalıq, geografiyalıq, demokratiyalıq hám basqa da ózgesheliklerin esapqa alıp, aqıl-parasatlılıq penen is júrgizetuǵın basshı - liderdiń roli ayrıqsha bolatuǵınlıǵın tariyx ta, búgingi kúnniń haqıyqatlıǵı da dálillep otır. Mine usı jaǵdaylardı esapqa alıp, O`ZBEKSTAN Prezidenti İ.A.Karimov «Jańa jaydı qurmay turıp, eskini buzbań», degen xalqımızıdıń naqılın súren etip kóredi. Bul súrenniń mánisin - biz

bazar ekonomikasına ótiwdiń ózimizge tán, xalqımızdıń mentalitetine mas keletuǵın jolımızdı tańlap alıwımız, rawajlanıwımızdı iske asırıwımız zárúr degendi ańlatadı.

Bul joldıń mazmunı Prezident İ.Karimov tárepinen islenip shıqqan O`zbekstannıń bazar ekonomikasına ótiwdiń bes printsipinde bayanlanǵan. Qısqasha aytqanda bul printsipler mınalardan ibarat.

**Birinshiden** ekonomikanıń - idelogiyanıń qursawınan biratala azat etiliwi. ekonomikanıń syaisattan joqarı turıwı, onıń ishki mazmunın qurawı lazım. Dál ekonomika, onı ilgeri rawajlandırıw mashqalaları házirgi siyasatımızdıń mazmunı bolıp tabıladı.

**Ekinshiden** ótiw dáwiriniń qıyın jaǵdaylarında basshı reformashı mámleket bolıwı shárt. Demek, mámleket siyasiy organ sıpatında burınǵı sovetlik dúzimdegi oraydıń buyrıǵın orınlawshılıq wazıypasınan biratala qutılıp, elimizdegi bazar ekonomikasına tiykarlanǵan jańa jámiyetlik dúzimge ótiwdi, onıń tiykarın dúziwge qaratılǵan ekonomikalıq reformalardı islep shıǵıw hám olardı ámeliy iske asırıwda baslı shólkemlestiriwshi bolıw wazıypasın orınlawı shárt.

**Úshinshi**, pútkil jańalaw hám rawajlanıw protsesi huqıqlıq tiykarda qurılıwı zárúr, keleshek maqsetimiz huqıqlıq mámleket dúziw bolǵanlıqtan, jámiyettiń barlıq tarawlarında, kimniń qanday hámelde islewine qaramastan O`zbekstan Respublikasınıń ǵárezsizlikke eriskennen bergi jaǵındaǵı qabıllanǵan barlıq nızamlarǵa boysınıw.

**Tórtinshi,** respublikamızdıǵa qáliplesken demografiyalıq jaǵdaylardı názerde tutıp, adamlardı sotsiallıq jaqtan qorǵawda kúshli siyasat alıp barıw. O`zbekstan Respublikasıdaǵı bazar ekonomikasına ótiwde onıń basqa qońsılas mámleketlerden ózgesheliklериniń biri de, házirgi turaqlılıqtı támiyinlep turǵan jaǵday da sotsiallıq jaqtan baǵdarlanǵan ekonomikalıq reformalardı iske asırıp atırǵanlıǵı boladı.

**Besinshiden,** jańa ekonomikalıq bazar qatnasıqlarına ótiwdi sekirmeli, jolı menen emes, al basqıshpa-basqısh, parasıtlıq penen ámelge asırıw.

Bazar ekonomikasına ótiwdegi biz tańlap alǵan jol kóp tárepten xojalıq

tarawındaǵı traditsialardı hám úrp-ádetlerdi sıpat tárepinen jańa negizdi qayta tiklew, eski ózgermes joldan qutılıw hám halıqta bazar qatnasıqlarına tán bolǵan ekonomikanıń sananı rawajlandırıwdan ibarat. Bazar ekonomikasına ótiw, obektiv zárúrlik sıpatında dáwir talabı bolıp qaldı. Tártipli tiykarda dúzilgen bazar ekonomikası ǵana házir halıqtıń dóretiwshilik hám miynet imkaniyatların júzege shıǵarıwǵa, jalqawlıqtı tamamlawǵa, isbilermenlikti rawajlandırıwǵa tiykar saladı. Tek bazar qatnasıqları ǵana respublika islep shıǵarıwshı kúshleri tiykarında úlken imkaniyatlardı halıq mápi ushın, onıń turmıs dárejesin asırıw maqsetinde nátiyjeli paydalanıwdı támiynlew múmkin.

O`zbekstannıń bazar qatnasıqlarına ótiw modeli respublikanıń ózine tán shariyatları hám ózgesheliklerin, dástúrler, úrp-ádetler, turmıs qálpin hár tamanlama esapqa alıwǵa, ótmishdegi ekonomikanıń bir tárepleme, unamsız rawajlanıwınıń tómen miyrasına soqqı beriwge tiykarlanadı.Sonıń menen birge O`zbekstannıń bazar qatnasıqlarına ótiw modeli dúnya tájiriybesi, mámleket hám jámiyettegi jańalanıw hám ózgertiwdiń quramalı jolın basıp ótken mámleketler toplanǵan en jaqsı tájiriybeni ózine jámlestirgen.

2. ekonomikalıq reformalardıń birinshi basqıshı jańa ekonomikalıq dúzimniń huqıqıy negizlerin jaratıw, mámleketshilikti qáliplestiriw hám bekkemlew, eski oylardı oyımızdan shıǵarıp taslawǵa qaratılǵan edi.

Birinshi basqıshta eki sheshiwshi wazıypanı bergelikte sheshiwge tuwra keldi. Birinshi, administrativlik-buyrıqpazlıq dúzimniń awır aqıbetlerin jeniw, ekonomikanı turaqlastırıw, ekinshisi, respublikanıń ózine tán sharayatları hám qásiyetlerin esapqa alǵan jaǵdayda bazar qatansıqlarınıń negizlerin qáliplestiriwden ibarat.

ekonomikanı reformalawdıń strategiyalıq maqsetlerinen kelip shıǵa otırıp ekinshi basqıshta mámleket múlkin menshiklestiriw hám sotsiallıq baǵdarlanǵan ne dawam ettiriledi. Mámleket múlkin dáslepki menshiklestiriwdi tamamlaw, haqıqıy múlk iyesi etiw, mámleketke qaraslı bolmaǵan sektor húkimdar dárejeni iyeleytuǵın jámiyetlik óndiris quramın túpkilikli ózgertiw wazıypaları házirgi waqıtta en birinshi máselelerdiń biri bolıp esaplanadı. Menshiklestiriw nátiyjesinde

keminde eki tiykarǵı wazıypası sheshiliwi kerek.

1. Biziń erkimizdegi múlik óziniń haqıyqıy xojayınına iye bolıwı tiyis. Múlikti haqıyqıy xojayınlarınıń qolına tapsırıw, isbilermenlik jumısın alıp barıwı ushın olarǵa ken múmkinshilikler beriw ótkerilip atırǵan ekonomikalıq reformalardıń tiykarǵı mazmunı usınnan ibarat.

Haqıqıy xojayınlıq sezimin seziniwdiń abzallıǵı nede hám bul is júzinde qanday máp beredi. Eń dáslep ekonomikalıq múnásebetlerdiń xarakteri túpten ózgeredi. Óndiristen rawajlandırıw hám keneytiwge hákishilik-buyrıqpazlıq jolı menen májbúr etiw ushın zárúrlik qalmaydı. Haqıqıy óndirisshi erkinlikke shıqpaqta, joqarıdan beriletuǵın buyrıq penen islewden azat bolmaqta. Óndirisshini sapa jaǵınan jańa xoshametler hám baslamalar, óz jumısın nátiyjelerin ámelde seziniw túyǵısı háreketke keltiredi, ekonomikalıq juwapkershilik te kúsheytiledi. Haqıqıy xojayın basshılıq etip atırǵan kárxananıń rawajlanıw boljawları hámiyshe jarqın hám anıq-ráwshan, óndiris nátiyjeliligi hámmeden kóre joqarı, alatuǵın paydası da xızmetkerlerdiń is haqısı da ádewir joqarı.O`zbekstanda menshikti kóp qıylı formalarına - jeke menshik penen bir qatar kollektivlik, aktsiónerlik, toparlıq, shet eller menen birge qospa kárxanalarǵa birlesken menshik hám basqa da formalarda kiredi. Sonıń menen qatar jerge, kánlerge, basqa da tábiyiy baylıqlarǵa, transport, baylanıs, qorǵanıw hám basqa da ulıwma xalıq máplerge xızmet etetuǵın múlklerge mámleketlik menshik saqlanadı. Bunday tártipler bazar qatnasıqları tiykarında júdá joqarı rawajlanǵan ellerdiń hámmesine de tán nárse.

O`zbekstanda «ekonomikalıq reformalardıń birinshi basqıshınıń en áhmiyetligi wazıypası - dep jazadı Prezident İ.Karimov, - mámleketlik menshiktiń monopolizmin saplastırıw hám onı privatizatsiyalaw esabınan kóp ukladlı ekonomikanı qáliplestiriw boldı:

Privatizatsiya - mámleket menshikliginde bolıp kelgen kárxanalardı, turaq jaylardı, transport ásbapların hám basqa múlklerdi jeke menshiklikke yamasa menshiktiń basqa formalarına ótkeriw yamasa satıw degendi ańlatadı.

Ekinshi áhmiyetli wazıypa- menshiklestiriw dawamında kóp ukladlı ekonomikanı hám xoshametlewshi básekeshilik (konkurentsiyalıq) ortalıqtı payda

etiwden ibarat.

Konkurentsiya sózi qanday da bir tarawda eń joqarǵı nátiyjege erisiw ushın gúres, sol tarawdaǵı basqa talabanlardan ústin bolıwǵa umılıwshılıq degendi ańlatadı. Bazar qatnasıǵında bolsa - bir túrdegi tovar óndiriwshilerdiń bazarda óz malların diydilegeni bahada satıp, joqarı payda túsiriw ushın óz-ara gúresi, talası boladı. Tovar óndiriwshiler bazardaǵı óziniń baqtalasların jeniw hám malın qımbatına satıp, baylıǵın arttırıw ushın satatuǵın zatınıń sapasın arttırıwǵa hám sırtqısınıń jaqsılawǵa barlıq materiallıq hám ruwxıy resursların ayanbastan sarp etedi.Házirgi bazar ekonomikası rawajlanǵan ellerge tovar óndiriwshilerdiń bazar ushın, qariydarlar ushın talası-konkurentsiya házirgi zamanda óndiristiń ónimdarlıǵın arttırıwdaǵı, ilim, texnika hám texnologiya jańalıqların dóretiw hesh tez ken kólemde óndiriske óndiriwdegi baslı xoshametlewshi kúsh bolıp tabıladı.

Sonlıqtan da O`zbekstandaǵı ekonomikalıq reformalardıń ekinshi basqıshında múlkke, tovar óndiris tarawlarına mámleketlik monopoliyanı saplastırıw hesh konkurentsiyalıq gúreske kennen jol ashıw baslı wazıypalardıń biri retinde anıqlanıp otır.

Regionallıq, ásirese dúnya júzilik bazarǵa tovar shıǵarıp AQSh, Yaponiya, Germaniya hám basqa da rawajlanǵan mámleketlerdiń iri firmaları menen konkurentsiyaǵa túsiw ushın, tovarlarımızdıń sapası sol ellerde óndirilgen tovarlardan tómen bolıwı zárúr. Jer júzilik bazarǵa tovarlarımızdı satıw, elimizdiń qaznasın shet el valyutaları menen jetkilikli dárejede toltırıwdıń birden-bir deregi bolıp tabıladı. Al, bunday valyutalarsız óndiris tarmaqların jańa texnika hám texnologiya menen kayta qurallandırıw múmkin emes.

Bazar ekonomikasına ótiwdiń kútá áhmiyetli baǵdarlarınıń biri individuallıq menshiklikke, sonday-aq kóp túrli kooperativlik jańa kishi hám ortasha kárxanalardı kennen en jaydırıw ekonomikanıń mámleketlik emes sektorında úlken áhmiyetke iye boladı. Bazar qatansıqları rawajlanǵan ellerde bular barlıq kárxanalardıń yarımınan kóbisin sonday menshik firmaları tutadı. Dál jeke menshik sektorı, kishi payda kúnemlik biziń ekonomikamızdı daǵdarıstan shıǵarıwda aktiv rol atqaradı.

Mámleketlik múlkti menshiklestiriw boyınsha ekonomikalıq reformalardıń tájriybesine tiykarlanıp, onıń ekinshi basqıshında múlkti menshiklestiriwdi tağı da terenlestiriwdiń tiykarğı maqsetleri Prezident İ.Karimovtıń «O`zbekstan ekonomikalıq reformalardı terenlestiriw jolında» degen miynetinde kórsetip ótti.

Ekonomikalıq reformalardıń jańa basqıshında ekonomikalıq hám finanslıq turaqlılıq quramalı ózgeriwler, ekonomikanı janlandırıw, sońınan onı bir qálipte, ten salmaqlıqtı saqlay otırıp rawajlandırıwdıń tiykarğı shárti sıpatında birinshi dárejeli áhmiyetke iye. ekonomikanı turaqlastırıw-bazardı qáliplestiriw jolındağı nızamlı hám bolıwı shárt protsess. Ol en dáslep dağdarıslıq hádiyselerine shek qoyıwğa qaratılğan.

Bazar qatnasıqlarına tiykarlanğan jańa ekonomikalıq dúzimge ótiw potsessiniń iske asırılıwı biyğárez mámleketlerdiń Doslıq Awqamına kirgen ellerdiń hámmesinde bolıp atırğan, ekonomikalıq dağdarıslardıń terenlesiwi irkiw, al onıń ushın bárinen burın ekonomikadağı turaqlılıqtı qáliplestiriw hám bekkemlew zárúr boladı.O`zbekstan respublikasınıń ullı jenisi bolğan milliy mámleketlik ğárezsizligi, bul syaisiy ğárezsizlik boladı. Al siyasiy ğárezsizliktiń bekkem bolıwınıń tiykarğı ekonomikalıq ğárezsizliktiń quwatlılığı menen belgilenedi.

ekonomika kóp salalı bolğanına baylanıslı ótiw dáwirindegi sheshiwshi rol atqaratuğın eldiń, xalıqtıń baxıtlı keleshegi tiregi, ğárezsizliktiń qorğanı bolatuğın óndiris tarawların anıqlap, solardı hár tárepleme turaqlı túrde rawajlandırıwğa erisiwmámlekettiń ekonomikalıq siyasatınıń tiykarğı ózegi, onıń baslı strategiyalıq maqseti boladı. Jámiyettiń pútkil keleshegin belgileytuğın ekonomikalıq tarawlardıń bir tutaslığı makroekonomika bolıp tabıladı.

Makroekonomika tarawın rawajlandırmay turıp mámlekettiń ekonomikalıq ğárezsizligine erisiwi múmkin emes.

Turaqlastırıw siyasatı - en dáslep bul makroekonomikada balanstı saqlaw, óndiristiń keskin dárejede páseyiwine hesh ğalaba jumıssızlıqqa jol qoymaydan ibarat.

O`zbekstan óziniń jer satı baylıqları, tábiyiy resursları arqalı házirgi ótiw

dáwirindegi júzege kelip atırǵan qıyınshılıqlardı keshiktirmey jenip, Watanımızdı ekonomikalıq jaqtan rawajlanǵan en aldıńǵı ellerdiń qatarına qosıwına real múmkinshikikler bar. «Ótiw dáwirinde mámleket óz ekonomikalıq siyasatına islep shıǵıw hám ámelge asırıw waqtında sonı itibarǵa alıwı kerek - dep kórsetedi İ.Karimov, olar artıqmash, úlken perspektivaǵa iye bolǵan tarmaqlar hám óndirislerdi hár tárepleme xoshametlendiriwi, yaǵnıy en áhmiyetli buyınlardı anıqlaw (neft-neft ǵárezsizligi, ánergetika-ánergetika ǵárezsizligi, dán-ǵálle ǵárezsizligi, paxtanı qayta islew sanaatı hám t.b.) hám bul arqalı ekonomikanı quramalı jaǵınan qayta shólkemlestiriw boyınsha tabanlı syaisat ótkeriwi kerek». Prezidenttiń bul kórsetkenlerinde O`ZBEKSTANdaǵı makroekonomikanı rawajlandırıwdıń tiykarǵı baǵdarları kórsetilgen.

Reformalardıń iske asırılıp barıwı biziń mámleketlik hám ekonomikalıq ǵárezsizligimizdi támiynlewi shárt. Mine usı rejeden shıǵa otırıp, Prezident ekonomikalıq turaqlılıqqa jetisiwdiń tiykarǵı kriteriyaları sıpatında mınalardı kórsetti:

- eger óndiristiń strukturalıq ózgeriwine hám onı qayta qurallandırıwǵa baylanıslı bolmasa, óndiris kóleminiń tómenleniwine jol qoyılmaw.

- artıqmash áhmiyetke iye bolǵan óndiris tarawların kóteriw ushın qolaylı sharayatlar dúziw, olardaǵı óndiristiń xoshametlewin járdem briw;

- mámleketlik byudjet hám kárxanalardıń finans awhalınıń turaqlılıǵın múmkin bolǵan sheklerde támiyinlew;

- aqshanıń qádirsizleniw protsesin toqtatıw;

- tólew balansı hám mámleketlik valyuta rezervleriniń jaǵdayın jaqsılaw ushın bar bolǵan múmkinshiliklerdiń hámmesin paydalanıw hám sonıń negizinide O`zbekstanniń sırtqı ekonomikalıq qatnasıqlarda tutqan ornın bekkemlew, sonday-aq shet ellik valyutalarǵa sumnıń almasıw kursınıń turaqlılıǵı saqlaw;

- sotsiallıq awxaldıń turaqlandırıw ushın kúshli sotsiallıq siyasattıń ten salmaqlıǵın támiyinlew, xalıqtıń turmıs dárejesin múmkinshiligi barınsha saqlap turıw hám jaqsılaw.

Bazar qatnasıqlarına ótiw jaǵdayında salıq siyasatın jetilistiriw ekonomikanı

turaqlastırıw hám finanslıq awhaldı bekkemlewge tiyisli máselelerdi sheshiwge oǵada áhmiyetke iye. Salıq sisteması respublikalıq hám jergilikli byudjetlerdiń qáliplesiwiniń tiykarǵı deregi bolıwı menen bul byudjetlerdi anıq túrde jiklestiriw salıq sistemasın jetilistiriwdiń baslı baǵdarı bolıp esaplanadı.

Ekonomikalıq reformalardıń házirgi basqıshında kredit - bank sistemasına, pul aylanısın bekkemlew, valyuta qatnasların tártipke salıw júdá úlken áhmiyetke iye.

«Milliy valyuta - dep jazadı İ.Karimov - milliy maqtanısh, mámlekettiń ǵárezsizliginiń simvolı, suverenli mámleketke tán bolǵan belgisi. Bul respublikaǵa tiyisli ulıwmalıq baylıq hám múlik bolıp tabıladı».

Milliy valyutanıń mıqlılıǵı onıń almasıw qunınıń turaqlılıǵında kórinedi. Mine, usınday turaqlılıqtı ornatıw hám bekkemlew maqsetine erisiwge qaratılǵan Respublikada tórt baǵdar islep shıǵılıp, ámelge asırılıp atır.

**Birinshiden,** - óz valyutamız tovar menen turaqlı támiynlengen jaǵdayda ǵana real kúsh hám abıroyǵa iye boladı. Sumnıń satıp alıw quwatın asırıw ushın respublika bazarın múmkin bolǵanınsha tezirek tutınıw tovarları menen toltırıw zárúr. Bazardı ózimizde óndirilgen tovarlar menen toltırıw maqsetinde pútkil sanaattımızdıń qarıydarlarımızdıń en sınshıllıq talaplarına juwap beretuǵın joqarı sanalı xalıq tutınıw zatların óndirip shıǵarıwǵa qaratıw talap etiledi.

**Ekinshiden**, - valyutanıń turaqlı túrde hárekette qalıw, jetkilikli muǵdarda valyuta zapası bolıwına baylanıslı boladı. Biziń valyutamız hár qanday turaqlı valyutaǵa erkin almasa alatuǵın bolsa ǵana, ol moyınlanǵan hám húrmetke iye bolǵan valyuta boladı.

**Úshinshiden**, hár bir kárxana, hár bir adam islep tapqan somın qádirlewdi úyrengende ǵana milliy valyuta real tólem quralına aylanadı. Valyuta hár bir puqaranıń miynetiniń ólshemi hám baqası bolıp esaplanadı.

**Tórinshiden**, - milliy valyutanı bekkemlewdiń en áhmiyetli shárti - inflyatsiyaǵa qarsı quwatlı hám puxta siyasat, júrgiziwden ibarat. İnflyatsiya dárejesin keskin kemeytiw ǵana milliy valyutanı turaqlı valyutaǵı ayladıra alıwı múmkin.

İnflyatsiya bazarda tovar massasınıń kemeyip, burıngı basıp shıǵarılǵan aqshalar kóleminiń ózgerissiz qalıwınıń da nátiyjesi bolıwı múmkin. Ádette inflyatsiya nırqtıń hádden tıs kóterilip ketip, adamlardıń real is haqısınıń tómenlenlep ketiwine alıp keledi.

Milliy valyutanıń basqa mámleketler valyutalarına qaraǵanda almasıw kursın onıń belgilew maqsetinde 1994 jıldıń 15 oktyabrinen baslap O`zbekstan Respublikası bankları valyuta birjasında valyuta sawdaların turaqlı túrde ótkerip atır.O`zbekstanda ótkerilip atırǵan túpkilikli reformalarda óz kórinisin tawıp atırǵan ekonomikalıq siyasat aqırǵı nátiyjede demkratiyalıq ózgerislerge ótiw, kúshli suverenli huqıqıy mámleketti qurıw ushın bekkem materiallıq negizdi jaratıwǵa baǵdarlanǵan.

Haqıyqıy demokratiyalıq nızamlardıń qay dárejede ústinligi menen, huqıq hám erkinlikler qansha ken berilgeni, sotsiallıq kepillikli kúshi menen belgilenedi. Hár qanday mámleket, ásirese huqıqıy demokratiyaǵa umtılıp atırǵan mámleket óz xalqınıń  máplerin, puharalarınıń ar-namısı hám qádir-qımbatın, olardıń ómirin hám erkinligin isenimli qorǵawǵa uqıplı bolıwı dárkar.

Bazarǵa ótiw baǵdarlamasın júzege shıǵarıwdaǵı sotsiallıq tireklerden biri, birinshi náwbette, jámiyettiń sotsiallıq aktiv qatlamları bolıp tabıladı. Sonlıqtan reformalar ekinshi basqıshınıń en áhmiyetli wazıypası hár hár bir adamnıń miynetiniń qádirin arttırıw, onıń dóretiliwshilik jumısınıń múmkinshiliklerin kórsete alıwı ushın sharayat jaratıwdan ibarat. hár bir adamnıń ekonomikalıq erkinligin onıń óz tabısı jáne óz shańıraǵınıń abadanshılıǵı ushın ekonomikalıq juwapgershiligi menen úylestirip barıwǵa tiykarlanǵan ekonomikalıq múnásebetlerdi tastıyıqlaw kerek. Óziniń dóretiwshilik uqıbı hám múmkinshiliklerine súyeniwdi názerde tutqan múnásebetler hár bir adamnıń abadanlıǵınıń birden-bir hám turaqlı negizi. Prezident İ.A.Karimov O`zbekstan Respublikasınıń ǵárezsizlikke erisip, ózine tán rawajlanıw jolın tańlap alıwınan baslap-aq eldiń aldına qoyǵan maqsetlerine jetiwdegi eń tiykarǵı wazıypalardıń biri-xalıqtıń psixologiyasınıń, dúnyaǵa kóz-qarasın, oylaw mexanizmin ózgertiw, keleshektiń ne ekenligin túsiniwi, oǵan tereń iseniminiń qáliplesiwinen ibarat

ekenligin kórsetken edi.

Prezidenttiń O`zbekstan Respublikasınıń Oliy Májlisiniń birinshi sessiyasında jasaǵan bayanatınıń oraylıq úshinshi babı ″Joqarı ruwxıylıq-keleshektiń tiykarı″-dep atalǵan ″Bizler ″-degen bul bayanatta, turmısta asırıp atırǵanlıǵın, mámleket baslı reformashı bolıp tabılatuǵınlıǵın atap kórsetti. Bul demek: mámleket ruwxıy turmıs salasında da eń jaqsı milliy sıpatlardı tárbiyalawdı da bas reformashı bolıp tabıladı, degen sóz, demek bizler ruwxıy rawajlanıwdıń baǵdarların tiyisli nızamlar menen tiykarlawımız kerek″.

Joqarı ruwxıylıq túsinigi kútá tereń filosofiyalıq mániske iye.Jámiyetlik rawajlanıwdıń hár qıylı basqıshlarında hár qıylı xalıqlardıń tariyxında, olardıń jasaǵan geografiyalıq ortalıǵın ásirler dawamında qáliplesip kelgen sotsiallıq turmıs qálpiniń, úrp-ádet, dástúrleriniń, ádep-ikramlıq normalarınıń tásirinde ruwxıylıqtı túsiniwleri de hár qıylı bolıp ózgerislerge ushırap otırǵan. Biraq joqarı ruwxıylıq ulıwma tsivilizatsiyalıq qádir-qımbatlılıq sıpatında óziniń túpkilikli mánisin saqlap, áwladtan-áwladqamádeniy miyras bolıp ótip otırdı hám onıń mazmunı barlıq xalıqlardıń aldıńǵı qatarlı dana oyshılları tárepinen bayıtılıp keldi.

Sol danalardıń pikirlerine tiykarlanıp, kútá túsinikli etip aytqanda joqarı ruwxıylıq degenimiz, bul hár bir tinsannıń eń gózzal, eń shiyrin haq niyetlerin iske asırıw jolındaǵı jetik aqıllılıq joqarı adamgershilik, doslıq tatıwlıq, hadallıq jedellik, tereń bilimlilik, talapshańlıq, iskerlik, qayırqomlıq, miynet súwiwshilik, ádep-ikramlıq, gumanizmli, óz Watanınıń, xalqınıń baxıtlı keleshegi ushın jan kúydiriwshilik hám basqa da unamlı qásiyetleriniń jámlestirilgen sisteması boladı.Birde-bir jámiyet ruwxıy imkaniyatların adamlar sanasında ruwxıy hám turmıslıq qadriyatların rawajlandırmay hám bekkemlemey turıp óz keleshegin kóz aldına keltire almaydı. Xalıqtıń mádeniyat qadriyatları, ruwxıy miyrasınıń jıllar dawamında Shıǵıs xalıqları ushın kúdretli ruwxıy azıq bolıp xızmet etken.

Joqarı ruwxıylıq tiykarı - bul adamnıń óziniń eliniń xalqınıń keleshegine bekkem iseniminiń bolıwı. Joqarı ruwxıylıqtıń házirgi waqıttaǵı kontseptsiyası utopiyalıq ideyalarǵa emes al haqıyqat is juzinde dálilengen reallıqqa tiykarlanǵan hám hár tárepleme ilimiy jaqtan dáliyllengen. O`zbekstan Respublikasınıń

keleshegine jer juzindegi eń aldıńgı rawajlanǵan bay ellerdiń qatarına qosılatuǵınlıǵı utopiyalıq wáde emes, al konkret ekonomikalıq, tábiy resurslıq ilimiy texnikalıq tiykarları arttan anıq etip dáliyllengen reallıq nárse.

Joqarı ruwxıylıqtıń tiykarǵı belgileriniń biri hár bir adamnıń óz betinshe erkin pikir jurgiziwi jámiyettegi bolıp atǵan ekonomikalıq, sotsiallıq-siyasiy ózgerislerdiń mánisine tereń tusiniwi, olar sırttan baqlawshı bolmay sanalılıq penen aktiv qatnasıwshılıq boladı. Házirgi dáwirindegi sotsiallıq-siyasiy mánisinde adamnıń óz betinshe erkin pikir juritiwi bul - O`zbekstan Respublikası ǵárezsizliginiń nátiyjesinde hár bir puxaranıń oy-órisiniń biyǵárez erkinlikke shaqqannıń real korinisi bolıp tabıladı. Erkin pikir juritiw degenimiz házirgi payıttaǵı erkin bazar ekonomikasınıń talaplarına sáykes oálaw mexanizminiń ózgertiw, eski jaqlapqanıw, tartınshlıq psixologiyasınan birotala azat bolı, sananıń dóretiwshilik tapqırlı qásiyetlik óz xalqımızdıń máplerin qorǵawǵa Watanımızdıń gullep rawajlanıwına xızmet ettiriwde qaratıw degendi ańlatadı. ″Bizler - dep kórsetti İ.A.Karimov - ekonomikalıq qayta tikleniw, ekonomikalıq rawajlanıw, ruwxıy jetiskenlik, ruwxıy tazalanıw joqarı ádep-ikramlılıq penen tolıq uylesimli bolıwın qáleymiz. Bizler ózimizdiń siyasatımızdı usıǵan tiykarlanıp quramız hám biziń adamlarımız epshil, uqıplı joqarı rawajlanǵan haq niyetli bolıwı, sotsiallıq platformada nıq turıwı ushın onıń izbe-iz ámelge asıramız″.

Joqarı ruwxıylıq sisteması xalqımızdıń bir neshe áwladları uzaq ysirler dawamında doretip kelgen barlıq bay ruwxıy miyrasların ózine tiykar etip alıwı arqalı qáliplesedi.Oraylıq Aziya tariyxında siyasiy aqıl oylı hám ruwxıy batıl, diniy dunya qaras penen entsiklopediyalıq bilimlilikti ózinde jámlestirilgen ullı oyshıllar kóp bolǵan. İmam Buxariy, İmam Termiziy, Naqshbandi, Xoja Axmed Yassaviy, Al-Xorazmiy, Beruniy, İbn Sino, Amir Temur, Mırza Ulıǵbek, Zaxriddin Babur, Berdaq, Ájiniyaz hám basqa da kóplep ullı babalarımız O`ZBEKSTAN xalqınıń milliy ádeniyatın rawajlandırıwǵa úlken úles qosqan, xalıqtıń maqtanıshı bolıp qalǵan.

O`zbekstan Respublikasın ǵárezsizlikke, Qaraqalpaqstan Respublikasın suverenlikke erisiwiniń nátiyjesinde házirgi dáwirde xalqımızdıń tariyxın, ruwxıy

qádir qımbatlıqların burıngı ideologiyalıq iskenjeden azat etip qayta tikleniwge aldın jol salınıp atır hám olardıń eń qádirli tariyxıy miyras sıpatında joqarı ruwxıylıq sistemasınan arnawlı orın iyeledi. Tariyx esteligi, xalıqtıń, úlkeniń mámleket otmishin qalıs hám haqıyqıy tariyxın tiklew, milliy ozlikti ańlawdı ″milliy dásturlerdi ańlaw hám ósiriw barısında oǵada áhmiyetli orındı tutadı. ″Sonlıqtan da, - dep kórsetti Prezident İ.A. Karimov - Biziń Watanımızdıń tariyxın hám mádeniyatın, onıń geografiyasın hám ekonomikasın, áyyemgi urp-ádetleri hám dásturlerin hár tárepleme úyreniw kútá áhmiyetli boladı. Barlıq bilimlendiriw-tárbiyalaw tarmaqlarında balalar baqshalarınan baslap joqarǵı oqıw orınlarına deyin - usı pánlerge hám ilimlerge, oqıtıw máseleleri áhmiyetlik siyasiy wazıypa sıpatında qatnas jasaw zárúr.

Joqarǵı ruwxıylıqtıń irge taslarınıń biri respublikamızda ǵana emes, al putkil Turkstan regionında jasap atırǵan kóp sanlı turli milletlerdiń awız birshilik, doslıq, tatıwlıq ideyaları bolıp tabıladı.Mıń jıllar dawamında Oraylıq Aziya oǵada hár qıylı dinler, mádeniyatlar hám turmıs keshiriw qábiletleri tutasqan hám tınısh tatıw jasaǵan oray bolıp keldi. Etnik sabır-taqat, ashıq kewillilik turmıs boronlarınan aman qalıw hám rawajlanıw ushın zárúr tábiyiy normaǵa aylandı. Hátte bul átiraplardı basıp algınlar da Oraylıq Aziya xalıqlarınıń mádeniyatı aldında bas iyip ǵana qoymastan onıń eń bahalı dásturlerin, bul jerde payda bolǵan mámleketshilik elementlerin abaylap qabıl etti.

Milletler, xalıqlar ortasındaǵı tatıwlıqtıń tuwısqanlıq doslıqtıń, awızbirshiliktiń áhmiyetlik haqqında Á.Nauayı, Abay, Maxtumqulı, Berdaq, Ájiniyaz hám basqa da danıshpan ata-babalarımız san mıń wásiyatların qaldırǵan.

Prezidentimiz İ.Karimov O`zbeksyan Respublikası Oliy Májlisiniń ekinshi sessiyasında xalıqlar doslıǵı haqqında kútá áhmiyetli jańa ideyalardı koterdi. ″Biziń Watanımız Turkstan - dedi ol - bir úlken shanaraq, bir ullı kepsalıq, bir ullı semya dep kóz aldıńızǵa keltire-ǵoyın. Al bul semyanıń balaları qánshelli jaqın hám tatıw bolsa, xojalıqta sonshelli abadan hám qurǵın boladı.

Ruwxıy qádriyatlardıń bir kúdiretli bulaǵı dásturiy shanaraq hám aǵayinshilik qatnasıqları etnikasınan ibarat. Úlkenlerdi xúrmet etiw, óz-ara járdem

beriw, keleshek áwlad haqqında ǵamhorlıq etiw barhama onıń tiykarǵı qaǵıydaları bolıp qalǵan. O`zbekstan Respublikasında ekonomikalıq reformalardı birinshi basqıshında qáliplese baslaǵan hám ekinshi basqıshta hár tárepleme rawajlandırıw hám tereńlestiriw wazıypalarınıń biri milliy ǵárezsizlik ideologiyanıń mazmunı hám máqsetlerin túsindiriwden ibarat.

İdeologiya - házirgi dáwirdegi túsindiriliwi boyınsha, bul adamlardıń dunya qubılısları haqqındaǵı kóz qaraslı menen ideyalarınıń bir tutas sistemasın bolıp olardıń haqıyqatlıqa hár bir-birine bolǵan qatnasıqların, jámiyettegi janadan juz bergen ekonomikalıq hám sotsiallıq mashqalalarǵa, turli jánjelli qubılıslarǵa bolǵan qatnasıqların, sonday-aq jasap atırǵan jámiyetlik duzimdi ozgertiw yamasa onıń rawajlandırıp bekkemlewge qaratılǵan sotsiallıq siyasiy háreketlerdiń programmalıq máqsetlerin ańlatadı.

Hár qanday ideologiya ol máplerdi is juzinde qorǵawshı siyasiy iskerler, filosofiya, ekonomika, tariyx hám basqa sotsiallıq ilim hám mádeniyat tarawındaǵı alımlar tárepinen doretiledi. Áyyemgi zamanlardan elimizde rawajlanǵan jetik, aǵla ideyalar birden sistemalanıp ideologiya dárejesine qáliplesken edi. Sonlıqtan basqa biyǵárez respublikalar sıyaqlı biyǵárez O`zbekstan Respublikası tayar ideologiyasına iye bolmadı hám onıń taǵı da sırttan alıp keliniwi múmkin emes edi. İdeologiya máselesi kóp waqıtqa shekem tilge de alınbay qaldı.

Bul máselege birinshi bolıp Prezidentimiz İ.Karimov dıqqat awdardı. Ol 1993 jıldıń aprelinde respublika jazıwshıları menen otkergen sáwbetlesiwinde sonınan ″Taffakur″ jurnalınıń bas redaktorına ″Turkiston″ gazetasınıń xabarshısına bergen intervyularında milliy ideologiyasın doretiw zárúrliginen, onıń mazmunı nelerden ibarat bolatuǵınına keńnen toqtap ótti. ″Aldımızdaǵı turǵan eń áhmiyetli másele″ - dedi İ.A.Karimov, - bul milliy ǵárezsizlik ideologiyasın islep shıǵıw hám turmısımızǵa óndiriw bolıp tabıladı. Prezidentimiz ǵárezsizlik ideologiyasına júdá keń túsinik berdi. ″Bul túsinik″ - dep kórsetti ol, ol bárinen burın tomendegilerdi ańlatadı:

O`zbekstannıń ǵárezsizliginiń keleshegi haqqında ǵamhorlıq etiw:

-óziniń hám óz xalqınıń, óz Watanınıń qádir qımbatın seziniw uqıbı, olardı

qorǵaw zárúrligi:

-joqarı ideyalar, jańa intellektuallıq ashılıwlar, iygilikler máqsetlerge baǵıshlanǵan miynet, Watannıń keleshegi ushın óziniń talantındı, óziniń barlıq potentsialındı, kúsh jigerinde kerek bolsa, omirindi beriwge tayar turıwshılıq".

Bul tusinikte milliy ǵárezsizlik ideologiyası, onıń tiykarǵı ózegi bolǵan patriotizm sezimleri joqarı ruwxıylıqtıń barlıq tarawların jámlestiretuǵın olardıń uyıtqısı ekenligin anlatadı. Prezident İ.A.Karimov "Taffakur" jurnalınıń bas redaktorine bergen juwaplarında dep kórsetedi: "Bizlerdiń tariyxımızdan belgili hár qıylı basqınshılar hám kúshli, biziń elimizde ustemlikke erisiw máqsetinde eń dáslep milliy mádeniyat hám urp-ádetlerdi jo etiwge umtılǵan. Bunı umtıwǵa bolmaydı". Sol ushın házirgi dáwirde O`zbekstannıń hár bir puxarası óziniń oy-pikirine, milliy ǵárezsizlik ideologiyasına iye bolıwı zárúr. Sonday jaǵdayda sırttan kelgen hár qıylı ideologlardıń O`zbekstandaǵı alıp baratırǵan xızmeti nátiyjesiz boladı, hám 1999 jılı 16 fevralda Tashkentte bolǵan waqıyalarǵa qusaǵan qubılıslar juzege kelmeydi.

"Biziń ǵárezsizligimizdi bekkemlew jolında - dedi Prezident İ.A.Karimov, - adamlarımızdıń, jámiyetimizdiń dunya kóz qarasında watanǵa súyispenshilik ideyası birinshi gezektegi wazıypa bolıwı tiyis. Milliy adamgershilik, milliy maqtanısh, milletshilikke yamasa shovinizmge hásh qanday baylanısı joq maqtanısh, usı elge, usı xalıqqa tiyisli bolǵanım ushın kúsh beretuǵın maqtanısh hár qanday istiń tiykarı bolıwı tiyis.

Usı ádiwli tusinikler elde jasaytuǵın, usı jerde jasaytuǵın hár bir adamnıń milletine jáne diniy isenimine qaramastan, onıń turmısına, sanasına, táni hám qanına sińiwi tiyis".

3. O`zbekstannıń, rawajlanıwında bilimlendiriw áhmiyeti tarawlardan bolıp esaplanadı. Bul tarawda O`zbekstandada kóp ǵana ózgeriyalr juzege kelmekte. Usı ózgeriyalerdiń eń áhmiyetlisi bolıp 1997 jılı 27 avgust kuni Oliy Majilis tárepinen qabıl etilgen. "Bilimlendiriw haqqında" nızam hám "kadrlar tayarlaw boyınsha milliy dástur" bolıp esaplanadı. Usı nızamǵa muwapıq O`zbekstandada 12 jıllıq

akademik litsey yamasa kásip kolledjlerine jiberiletuǵın boldı.

Bilimlendiriw haqqındaǵı nızam hám milliy dástur bilimlendiriw sistemasın tupkillikli refermalawdı talap etti. Reformalar basqıshpa-basqısh otkeriledi.

Birinshi basqısh ótiw dáwiri bolıp, ol 1997-2001 jıllarǵa shekem dawam etedi, bilimlendiriwdi rawajlandırıw ushın huqıqıy, ilimiy metodikalıq, materiallıq jaǵdaylar jaratıladı.

Ekinshi basqısh 2001-2005 jıllardı óz ishine alıp bul waqıtta milliy dástur tolıq ámelge asırıladı.Úshinshi basqısh 2005 hám onnan keyingi jıllarǵa molsherlengen bolıp, onda jıynalǵan tájiriybelerdi anıqlaw tiykarında kadrlar tayarlaw sisteması jánede jetilistiriledi hám rawajlandırıladı. O`zbekstanda úzliksiz bilimlendiriw tomendegi turlerdi ámelge asırılatuǵın boladı: Mektepke shekemgi bilimlendiriw, ulıwma orta bilimlendiriw, orta arnawlı hám kásip oner bilimlendiriw, joqarǵı bilimlendiriw, joqarı Woqiwdan keyingi bilimlendiriw, kadrlardıń qániygeligin jetilistiriw hám olardı qayta tayarlaw, mektepten tısqarı bilimlendiriw.

Bilimlendiriw reforması hám onıń keleshegin belgilewde tomendegi printsipler tiykar etip alınadı:

- Bilimlendiriw hám tárbiyanıń adamgershilikligi hám demokratiyalılıǵı

- Bilimlendiriw sistemasınıń úzliksizligi, izbe-izligi, ilimiyligi:

- Bilimlendiriwde ulıwma insaniylıq hám milliy mádeniy, ruwxıy baqalıqtıń ústinligi:

- Milleti, isenimi, dinine qaramastan barlıq puxaralar ushın barlıq imkaniyatlar jaratılǵanlıǵı:

- Bilimlendiriw mekemeleriniń siyasiy partiyalar hám jámiyetlik háreketler tásirine boysınbaw:

Bilimlendiriw reformasında tiykarǵı itibar tálim-tárbiyanıń milliyligin bekkemlewge bilimlendiriwdiń basqarıw sistemaların jetilistiriwge onıń materiallıq texnika bazasınıń házirgi zaman talaplarına sáykeslestiriw, tálim-tárbiya protsessin dunya standartları dárejesine kóteriwge qaratıldı.

Ǵárezsizlik jıllarında mámleketimizde birden-bir úzliksiz bilimlendiriw, sisteması qáliplestirildi. Ol mektepke shekemgi tárbiya, ulıwma bilim beretuǵın mektep, oner-kásip bilimlendiriw, orta arnawlı hám joqarǵı bilimlendiriw, ilimiy pedagogikalıq kadrlar tayarlaw, qániygeligin jetilistiriw tarawların óz ishine aladı.

Aldı menen mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawında tupkillikli ózgerisler boldı ″Mektepke shekemgi tárbiya kontseptsiyası″, ″Salamat áwlad ushın″ dásturi, ″atlı jasar balalardı sawatlandırıw kontseptsiyası hám dásturi″ mektepke tárbiya mekemeleri payda boldı.

Ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdi reformalawda tálim-tárbiya sapasın jaqsılawǵa ulken itibar berildi. 1996-1997 Woqiw jılınan baslap birinshi klassta Woqiw latın jazıwına tiykarlanǵan ózbek hám qaraqalpaq álipbesinde alıp barıldı. Jańa Woqiw baǵdarlamaları hám sabaqlıqlardı islep shıǵıw tereń úyreniletuǵın mektepler tarawı tez rawajlandı.

1998-1999 Woqiw jılınan baslap akademiyalıq litseyler hám kásip oner kolledjleri sholkemlestirildi. O`zbekstanda bilimlendiriw tarawında ótkerilip atırǵan reformalar joqarı Woqiw sistemasında óz ishine aladı. Mısalı keyingi jıllarda AQSh, Turkiya, İndiya, Germaniya hámbasqa mámlektelerdegi joqarı Woqiw orınlarınıń jumıs tájiriybesi uyrenildi.

Bunnan tısqarı eki basqıshtı oqıw sistemasına otilgenligi joqarı bilimlendiriwdi házirgi zaman talabına say jetilistiriwge aratılgan ilajlardıń biri bolıp esaplanadı.

Bakalavrlıq dárejesin alıw ushın 4 jıl, mgaistrlik dárejesin alıw ushın 6 jıl Woqiw talap etiledi. Bilimlendiriw tarawında O`zbekstan AKSELS, AYREKE. Amerika Kolledjleri Konsertsiumı.Konrad Adenaur fondı, Britaniya Kenesi hám taǵı basqa xalıqaralıq sholkemler, mámlektelik emes sholkemler menen birge islesiwdi aktiv rawajlandırıp atır. O`zbekstan Respublikasınıń Prezidenti ziyrek jaslardı shet elde oqıwın qollap-quwatlawshı ″Umid″ fondı sholkemlestirildi. XX ásirdiń aqırında jáhánde júz bergen hám jáhánniń geosiyasiy duzilisin hám kartasın túp tiykarınan ózgertken ózgerislerdiń qanday tariyxıy áhmiyetke iye ekenligin ańlaw hám bahalaw áhmiyetli. Sotsialistlik lager

tarqalǵannan soń jańa biyǵárez mámleketler payda boldı, olar ózleriniń siyasiy ǵárezsizligin paraxat jolı menen jeńip aldı hám óz aldına rawajlanıw jáne jámiyetlik qatnasıqlardı jańalaw jolına tústi. O`zbekstan Respublikasınıń xúkimeti, basshıları aldına turaqlılıqtı saqlaw hám qáwipsizlikti bekkemlew wazıypaları eń birinshi máseleleriniń biri boldı. Turaqlılıqtı hám geosiyasiy teń salmaqlılıqtı saqlaw jaǵdaylarında ǵana regionnıń pátli hám turaqlı rawajlanıw hám jer juzilik ushın ılayıqlı sherikles bolıwı múmkin.

Totalitar sistema qıyraǵannan keyin jáhán bipolyar bolıwdan qaldı. Sońǵı jıllarda jáhán hám regional durejelerde payda bolǵan sırtqı qatnasıqlardı sın kóz benen tallaw hám bárinen burın:

